С(каб)

Габдулла Арсанукаев
Хьасан Туркаев

Саид Бадуев



КОНТРОЛЬНЫЙ ЛИСТОК
СРОКОВ ВОЗВРАТА

КНИГА ДОЛЖНА БЫТЬ
ВОЗВРАЩЕНА НЕ ПОЗЖЕ
УКАЗАННОГО ЗДЕСЬ СРОКА

Колич. пред. выдач _____

29/IX-86
9/X-86 5
19/X-86

Сух. тип. № 7. 10296 — 10.000.000.

ВОЗВРА

обозначенного здесь срока

Грозный, тип. им. И. Н. Заболотного, 1979 10635 60000

Iабдулла Арсанукаев
Хьасан Туркаев

БАДУЕВ САЫИД

(дахаран а кхолларалли а очерк)

Шалинская центральная
районная БИБЛИОТЕКА
Инвентарный № 10615

ИФ 23

Нохч-Iалгlайн книжни
издательство
Грозный — 1980

Курчалоевская Центральная
районная библиотека
Инвентарный

С(Кав)
А85

І. М. Арсанукаевс язйинарг: Хьалхара дош; II-гІа корта — «Бадуев СаьІидан дахар. Литературни корматалла кхиар. Кхолларалли некъ»; III-гІа корта — «Бадуев СаьІидан проза. Теманаш, васташ, идейш. Яздархочун кхолларалли хатІ»; IV-гІа корта — «Бадуев СаьІидан драматургически произведенийн цхьайолу идейно-исбаьхьаллин башхаллаш».

Хь. В. Туркаевс язйинарг: І-ра корта — «Бадуев СаьІидан кхолларалла советски критикехь, литературоведенехь»; V-гІа корта — «Бадуев СаьІидан кхолларалле социалистически реализман метод чІагІъярш»; VI-гІа корта — «Бадуев СаьІидан оьрсийн, кхечу къаьмнийн исбаьхьаллин культурашца хилла уьйраш».

Арсанукаев А. М., Туркаев Х. В.

А 85 Бадуев Саид. Очерк жизни и творчества. — Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1980. — 199 с. 25 к.

А $\frac{70303 - 060}{М\ 135(03) - 80}$ 48— 80 С(Кав)

© Чечено-Ингушское книжное издательство, Грозный — 1980

Хьалхара дош

Хан яларх лах ца ло бакъйолчу исбаьхьаллин произведенийн механлла. Шаьш язйина хан гена мел ели а кІорггера гучудолу церан идейно-эстетически маьІна. Ишттачарех ю Бадуев СаьІидан дукхаха йолу произведенеш а. Хрестоматийни хилла дІахІиттина яздархочун «Бешто», «ЦІеран арц», «ПетІамат», «Іадат», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Паччахьан замане», «МаргІалан синтаре», дуккха а кхиерш а. Къоман театран сцени тІехь хаддаза хІиттош ю Бадуев СаьІидан произведенеш тІехь спектаклаш. Радиочухула, телевиденехула хеза вайна цуьнан поэзи а, проза а. Вайнехан таханлерчу исбаьхьаллин культуран мехала цхьа дакъа ду Бадуев СаьІидан кхолларалла. Цуьнан произведенеша гІо до, халкъан дахарехь ширчух бухадисинчуьнца къийсам а латтош, тІекхуьуш йолу тІаьхье коммунистически гІиллакх-оьздангаллица кхио.

ХІокху книги тІехь авторш гІоьртина яздархочун тоьлашха йолу произведенеш а толлуш, цуьнан кхолларалли коьрта теманаш, идейш, васташ билгалдаха. Церан башхаллаш йовза. Бадуевн кхолларалли хотІан (стиль) тидам бан. Цуьнан исбаьхьаллин корматалла кхиарехь оьрсийн литературан беркате тІеІаткъам гайта.

Кху тIехь болх беш автора пайда эцна хIинццалц схьа Iилманан талламхойн шайна тIе тидам бахаза хиллачу архивни материалех а. Бадуев СаьIпда Грозненски реальни училищехь дешначу хенахьлера долчу оцу архивни документаша таро хилийтина яздархо вина терахь пийса билгалдаккха а, цуьнан дешарх дозаделла долу цхьадолу хIуманаш пийса а, шуьйро дийца а.

Нохчийн советски литературан бухбиллархочун Бадуев СаьIпдан кхолларалла кIорггера идейно-эстетически чулацам болуш ю. Кхеташ ду, яздархочух лаьцна дуьххьара язъеш йолчу книги тIехь цуьнан кхолларалли ерриге а агIонаш кхачам боллуш таллалург цахилар. И тайпа болх язбаран декхар литературоведенина хьалха лаьтташ ду. ХIара книга оцу беркатечу белхан юьхь ларалахь тхайн Iалашо кхочуш хилла лорур ю оха.

I-ра корта

Бадуев СаьIпдан кхолларалла советски литературни критикехь, литературоведенехь

Советски заманахь вайн Даймехкан вежараллин халкъийн литератураш кхиийна гIарабевллачу дуккха а яздархоша. Иза социалистически дIахIоттаман амалехь ду. Оцу художникех бакъонца ларалуш ву нохчийн советски литературан бухбиллархо Къилбаседа-Кавказерчу яздархошна юкъахь цIе яххана волу СаьIпд Сулейманович Бадуев.

Иза литературана юкъа хIумма а къийлалуш, тийсалуш ца веара. Пийса-м кхечу кепара аьлча дара: цуьнан цIе зорбанехь гучу маеллинехь доладелира нохчийн литературан сиха кхиар, йолаелира оцу литературан истори. СаьIпдана дукха хан ца ийшира кхолларалли шуьйрачу новкъа вала, кхоллалучу халкъан исбаьхьаллин культурехь кхечерчух тера боцу шен болам каро. Цо язда волалушшехь ханйтира ша литературана юкъа шен тема йолуш вогIуш хилар; цунна хьалхара гIулч литературехь ша йоккхушехь хаьара, муьлхачу идейно-исбаьхьаллин басаршца кхетор ву ша керла стаг — социализм дIахIотторхо. Вайн бакъо ю тахана Бадуев СаьIид ишта хилла хиларх теша, хIунда аьлча, С. Есенинан дешнашца аьлча, «доккханиг генара дикаха го».

IIераша, шайн сиха хиларе хьаьжжина, тIаьхьарчу тIаьхьенна стеган цIий, цо дина

гIуллакхашший дуьтуш, цуьнан юьхь-сибат, амал, нахаца хилла юкъаметтиг дIашарйо, и стаг, цуьнга цу тIера хьаьжча, кхечарех тарво. Шерийн ницкъ боккха бу.

Амма шераш а, зама а гIорасиз хуьлу стага шен тIаьхьадитинчу хьаналчу гIуллакхашна хьалха. Ткъа Бадуев СаьIида шен доццачу дахарехь дина гIуллакхаш Iаламат даккхий ду, шуьйра бу церан чулацам, кIорге ду церан маьIна. Цуьнан дийцарш, повесташ, очеркаш, роман, пьесаш, публицистически статьяш, гочдарш тамаша бина ца валлал таханлерчу вайн дахарна хьалхахIуьттучу хьашташна жоп луш ду. Ткъа уьш яздина 20—30-чуй шерашкахь. Шовзткъа шо сов хан ю уьш яздина, амма тахана кхоьллича санна хетало церан чулацам, иза вайн деношца богIуш нисбелча. Иштта хуьлу яздархочун кхолларалла идейно-нисбаьхьаллин ницкъах юьзна хилча. Литературехь цо бина некъ беха бацара. Цуьнан кхолларалла иттех шарал тIех ца пкхира шен кхнарехь.

Оццул кIезигчу хенахь Бадуев СаьIида Iаламат дукха болх бира, шуьйра ду цо шел тIаьхьайитинчу кхолларалин доза, кхин а доккха ду оцу кхолларалин маьIна. Цуьнан произведенийн, уьш кхечерачух къастош, цхьа шатайпа башхаллаш ю: лаккхарчу идейно-нисбаьхьаллин чулацамехь йолу уьш, ерриш а аьлча санна, шен хенан коьртачу декхаршна, хаттаршна жоп луш ю.

Цунах дозуш ду Бадуев СаьIид яздан волавеллачу хьалхарчу шерашкахь литературин критикийн тидам цунна тIехьовзар.

Бадуевн кхолларалин хьесап даран мур дIаболийра 1932 шарахь Нохчийчохь дуьххьа-

ра арадаьллачу «Советан Нохчийчоь»[1] юкъараллин-политикан, литературан-исбаьхьаллин журнало. Журнал арахийцира советийн яздархойн Союзан Нохчоргкомитето. Цуьнан редакционни статья тIехь билгалдоккхуш дара С. Бадуевн, кхечу яздархойн а, кхолларалли болх мехала а, керла дахар дIахIотточу халкъана чIогIа оьшуш хилар а. Цуьнца цхьаьна статья тIехь буьйлалучу къоначу яздархошна чIогIа мехала, оьшуш болу некъ хьоьхура, цо билгалдоккхура: «мел чIогIа хилча а, мел говза яздархо хилча а пайда бац и вайн классан, вайн социализман декхарийн гIоьнча вацахь». Ишйса, партис ма-хьоьххура хьехамаш бара уьш, царех ондда пайда йойцира Бадуев СаьIида.

Цуьнан кхолларалле лаьцна шуьйра жамIаш дан буьйлабелира яздархой, литературни критикаш. Нохчийн яздархойх уггара хьалха Бадуевн кхолларалле кхоччуш кхеттарг, цуьнан маьIна кхуьуш йолчу нохчийн исбаьхьаллин культуран исторехь доккха дуйла хиънарг Айсханов Шамсуддин вара. Советски яздархойн Ерригсоюзни хьалхарчу съездехь нохч-гIалгIайн яздархойн куьйгалхо хиллачу Айсханове ша цигахь йинчу докладехь кIоргге-ра мах хадийра Бадуевн произведенийн. Цо элира, масала: «СаьIид Бадуев — нохчийн-гIалгIайн литературин историна юкъа хьалхара а, талантливи а пионер хилла гIур ву. Иза тоьлашха волу драматург-яздархо ву. Цо дуккха а дика художественни произведенеш язйина. Царех тоьлашха ерш ю: «ПетIамат», «ШIеран арц» олу повесть, «Iадаташ», «Пхи

[1] Хьажа: «Советан Нохчийчоь», № 1, Соьлжа-ГIала, 1932; «Итт бIаьсте» Нохчоблзорб, Соьлжа-ГIала», 1933.

туьма» цIе йолу хабарш, «ЦIинэн гIап», «Дашо Iам», «Политотдел» цIераш йолу пьесаш а, сов боккха болх ларалуш, зорбанан 20 листе кхочуш хаьржина[1] произведенеш ю. Айсхановс аьлла дешнаш тIаьхьа хиндерг шена хууш долуш санна аьлла хиллера: ваха а вахара Бадуев вайнехан литературана юкъа цуьнан «хьалхара а, талантливи а пионер санна», оцу литературан бухбиллархо санна.

Советски яздархойн хьалхарчу съездана кечам беш зорбанна кечъеш яра Къилбаседа-Кавказан поэтийн сборник. Иза араелира съезд чекхъяьлла масийтта бутт баьлча. «Поэзия горцев Кавказа» (Кавказан ламанхойн поэзи) яра цуьнан цIе, иза хIоттийнарг вара нохчийн, гIалгIайн воккха доттагIа хIирийн яздархо Дзахо Гатуев (нохчех, гIалгIайх лаьцна цо язйинна «Зелимхан», «Ингуши», «Дикало заманан» и. дIа кхин. повесташ). Сборникана яздинчу хьалхарчу дашна гIараваьлла волчу ДегIастанан литературин критико а, публицисто Тахо-Годи Алибека кIорггера теллира ламанхойн поэзин чулацам, лакхара мах хадийра цо Бадуев С. кхолларалли а. Нохчийн поэта язйинна «Паччахьан замане» стихотворени толлуш, А. Тахо-Годис элира: «Иштта кхеташ, нохчийн дахарна иштта юххера (юккъера) долчу васташа ламанхойн поэзин уггар диках долу дакъа шуьйрачу дешархойн дола дерзадо»[2].

Нохч-ГIалгIайн автономни областехь а, цул арахьа а цIе яххана яздархо хуьлуш лаьттара Бадуев СаьIидах. Цо а, кхечара а литературни белхашца дийриг доккха гIуллакх дара: цара кхиабора керла кхетам а болуш, патриотически а, интернациональни а дог-ойла йолуш болу керла нах. Оцунах лаьцна ницца элира цу шерашкахь Нохч-ГIалгIайн КПСС-н обкоман жоьпаллин белхахо хиллачу Окуев Хьамида: «Массарна а хууш бакъдерг а ду, вай далаза дийна тешаш а ду дукха хан йоццуш хьалха дIаяхаьчу заманчохь шен цхьана а тайпана йоза а доцуш хилла долчу къоман, и йоза Iамийна ца Iаш, вайн партис а, белхалойн классо а дика хууш, лерриша куьйгалла дар а, хаддаза жигара гIо дар а бахьана долуш, вайн кхнамца кхуьуш лаьтташ болу литературан деятельш а вайн хилла хилар. Иза гуш дац ткъа, вай масалла вешан къоман яздархой Мальсагов а, Дудаев а, Бадуев а, Музаев а, иштта кхин берш а балийча? Иза ду вайн областехь шен хормехь къоман а йолуш, маьIница социализман а йолуш йолу культура Iамош лаьтташ хилар къеггина чIагIдеш долчех цхьаъ»[1].

Шен кхолларалла сиха кхуьуш волчу Бадуевн стихашна кест-кеста зорбатуху Москвахь йолчу издательствошкахь а. Иштта 1935 шарахь цигахь араяьллачу «Поэты Чечено-Ингушетии» сборник тIехь яра Бадуевн пхи стихотворени («Два солнца», «Сестра», «Довольно», «Нефть», «Скорбь о великой утрате»)[2]. Цул тIаьхьа ши шо даьлча Арсанов СаьIид-Бейс, Мамакаев Мохьмада хIоттийна

[1] *Айсханов Ш.* йийцинарш 1933 шарахь СоьлжаГIалахь араевлла Бадуевн «Хаьржинарш» яра.

Тахо-Годи А. Поэзия горцев Кавказа. Предисловие. М., Госполитиздат, 1934, с. 13.

[1] *Окуев Хь.* Критикан а авторан а хьокъехь. — «Ленинан некъ», 1934, 23—24, 27 октябрь.

[2] Хьажа: Поэты Чечено-Ингушетии. М., ГИХЛ, 1935 (составитель Ш. Айсханов).

Пятигорск гIалахь араелира «Поэты Советской «Чечено-Ингушетии» сборник а. Цу тIехь яра Бадуевн керла стихаш («Отец и сын», «Два солнца, «Скорбь о великой утрате», «Парашютистка»). Сборникана ша яздинчу хьалхарчу даш тIехь Мамакаев Мохьмада элира: «Экономика а, культура а кхиарца кхуьуш бу Нохч-ГIалгIайчохан поэтийн, яздархойн могIа. Царна юкъахь къаьсттина билгалваьлла нохч-гIалгIайн яздархо Бадуев СаьIид.

Бадуев СаьIид цIе яххана, корматалла лакхара йолуш поэт а, драматург а ву. Цуьнан перона кIелхьара схьаевлла цхьамогIа хаза, идейни иралла йолу произведенеш»[1]. Оцу шерашкахь Бадуевх лаьцна цхьацца рецензеш, кегийра статьяш язйо Мамакаев Iарбис[2], Зубайраев ЯрагIис[3] и. дIа. кхечара а.

Цу кеппара, 30 шерашкахь дIадолийра литературни критикехь Бадуевн кхолларалли тIаьхьенан башхалонаш гучуяхар, цо литературехь дIалоцуш йолу меттиг билгалъяккхар.

Амма Бадуев СаьIидан йоккха кхолларалли тIаьхье схьагулъеш, цунна зорба тухуш, иза толлуш болу болх кхиамца дIаболабелира тIаьххьарчу ткъа шарахь. ЧогIа мехала гIуллакх дара 1959 шарахь Москвахь М. Мамакаевс, Дж. Яндиевс, Х. Муталиевс хIотта а йина, М. Мамакаевс, Н. Асановс хьалхара дош а яздеш нохч-гIалгIайн поэзин анталоги аралар[4]. Хьалхарчу дешан йоккха меттиг дIалоцу Бадуевн кхолларалле лаьцна дечу къа-

[1] *Мамакаев М.* Предисловие. — «Поэты Советской Чечено-Ингушетии». Пятигорск, 1937, с. 11.

[2] Хьажа: «Ленинан некъ», 1936, 5 июль.

[3] Хьажа: «Ленинан некъ», 1937, 20 май.

[4] Хьажа: Поэзия Чечено-Ингушетии, М., ГИХЛ, 1959.

мело. 1960 шарахь Джамалханов Зайндис хIоттийначу «Хаьржинаршна» зорба туьйхира вайн республикехь. Царна яздинчу хьалхарчу даш тIехь хIетахь Алма-Атински университетан аспирант хиллачу Сулаев Махьмуда хIоттийра Бадуевн кхолларалли тIаьхьенан проблема: «СаьIид Бадуевн поэзин а, прозин а, пьесийн а чулацамийн коьрта маьIна цхьаъ ду: социалистически маьрша къинхьегам — халкъ ирсе дуьгу нийса некъ хилар; цу некъана дуьхьало мел йийриг нацкъар тасарехь литературо доккха дакъа лаца дезар.

Вуьззина партийин яздархо вара СаьIид Бадуев шен кхолларалле хь: цо дIакхоьхьург, шен произведенешца Iаморит — коммунистически дог-ойла яра.

Нохчийн театр кхоьллинчарех цхьаъ, нохчийн драматурги дуьххьара кхоьллинарг, нохчийн проза йолийнарг, нохчийн поэзи йолийнчарех цхьаъ, воккха просветитель — ишт та ду СаьIид Бадуевн дIахIуттуш долу сурт, нагахь санна вай цуьнан творчество тIехула бай бIаьрг ца тоьхча а»[1].

Бадуев СаьIидан къолларалла схьагулъеш, цунна зорба тухуш, иза толлуш Джамалханов Зайндис, Сулаев Махьмуда дIаболийна мехала болх бахьана долуш, и воккха яздархо хIинцалерачу чкъурана вовза а вевзира, веза а велира. И болх кхин а дIа кIаргбира Сулаев Махьмуда 1964 шарахь Бадуевн произведенийн керла книга арахецарца а, книгина хьалхара дош яздарца а[2].

Сулаев М. СаьIид Бадуевн творчествох лаьцна. — Бадуев СаьIид. Хаьржинарш. Грозный, 1960, 10 агIо.

[2] *Бадуев С.* Повесташ, дийцарш, пьесаш. Грозный, 1964.

Цул тIаьхьа кхо-диъ шо даьлча оьрсийн маттахь Бадуевн повестийн, дийцарийн, драмин, поэзин сборникаш арахийцира М. Сулаевс, царна хьалхара дош а яздеш[1]. Изза сборник 1972 шарахь юха арахийцира М. Сулаевс, 30 шерашкахь оьрсийн маттахь араевллачу Бадуевн стихех цхьацца йолчаьрца сборник тIе а юьзна[2].

60-гIа шераш чекхдовлуш, къаьсттина 70 шерашкахь цхьа могIа литературни критикаш, литературоведаш буьйлабелира Бадуев СаьIидан кхолларалла талла а, цо литературехь дIалоцуш йолу хьакъ йоллу меттиг цунна дIаяла а. Царех бара, хьалхарчу рожехь, Бадуевца цхьана хенахь баьхна а, цуьнан дахаран, кхолларалла кхиаран некъаш дика девзаш а болу къена яздархой. 1964 шарахь, Бадуев СаьIидан 60 шо кхочуш, Мамакаев Мохьмада оьрсийн маттахь язйира кIорггера чулацам болу статья[3]. 1969 шарахь Ошаев Халида язйина статья а яра дешархочун Бадуевх болу кхетам тIебузуш[4].

Бадуев С. поэзин башхалонаш, цо нохчийн литературана юкъадеана керла идейно-исбаьхьаллин басарш толлуш, поэта нохчийн поэзехь дIалоцу меттиг билгалйоккхуш болх бира Туркаев Хьасана шен кандидатски диссертаци тIехь а, тIаьхьо арахецначу шен монографи тIехь а[1]. Цул тIаьхьа араевллачу шен книгаш тIехь оццу автора хIоттийра Бадуевн кхолларалле дийцаран жанр кхиаран проблема[2], гучудехира Бадуевн оьрсийн яздархошца хилла юкъаметтиг гойтуш долу керла документаш[3].

С. Бадуевн кхолларалин идейни, юкъараллин, философски маьIна кIорггера хьесап дарца гучудаькхира советски гIараваьлла волчу литературоведа СССР-н АН член-корреспондента Г. И. Ломидзес 1972 шарахь СССР-н АН-нехь йолчу дуьненан литературан Институтехь (ИМЛИ им. А. М. Горького) ша йиначу докладехь: «Новая историческая общность — советский народ и литература социалистического реализма»[4].

Бадуев СаьIидан кхолларалло 20—30-чуй шерашкахь IаIийначу идейно-исбаьхьаллин ницкъо нохчийн къонайозанан литература социалистически реализман новкъа яккхар гойту СССР-н АН-ехь араяьллачу «Советски дукхакъаьмнийн литературан историна»[5] юкъа яханчу шен статья тIехь, кхидолу Iилманандекхарш кхочуш а деш, Туркаев Хьасана.

Бадуев С. драматургически кхолларалин

---

[1] Хьажа: *Бадуев С.* Огненная гора. Грозный, 1967; Бадуев СаьIид. Хаьржинарш. Стихашший, поэмашший. Грозный, 1968.

[2] Хьажа: *Бадуев С.* Огненная гора. Избранное. Грозный, 1972.

[3] *Мамакаев М.* Певец народной думы. «Грозненский рабочий», 1964.

[4] *Ошаев Х.* Литературан шовданан коьртехь. — «Ленинан некъ», 1969.

[1] Хьажа: *Туркаев Х. В.* Чеченская советская поэзия. 20—40-е годы. Грозный, 1971.

[2] Хьажа: *Туркаев Х. В.* Нохчийн дийцаран жанр кхоллаяларан а, кхиаран а проблема. Грозный, 1971.

[3] Хьажа: *Туркаев Х. В.* О путях развития чеченской литературы. Грозный, 1973.

[4] Хьажа: *Ломидзе Г. И.* Новая историческая общность — советский народ и литература социалистического реализма. — В кн.: Рожденное в борьбе и труде. М., «Известия», 1972.

[5] Хьажа: *Туркаев Х. В.* Чеченская литература. — В кн.: История советской многонациональной литературы, в 6-ти т. т. 5. М., «Наука», 1974, с. 462—475.

башхаллаш дуьххьара кхачам боллуш телли-
ра шен кандидатски диссертацехь а, тІаьхьа
араяьллачу шен монографи тІехь[1] а Айдаев
ЮшаІа. Цо говза гучуехира драматурган
халкъан барта кхолларалла-
болх бира шен рогІерачу монографи тІехь Тур
каев Хь.[2].

Школьни программашкахь йоккха меттиг
дІалоцуш ю Бадуев С. кхолларалла Іаморна
тІехьажийна Іаланш. Цундела цуьнан про-
изведенеш теллина 8-чу классана учебник[3] яз-
йинчу Арсанукаев Іабдуллас, 9—10-чуй
классашна учебник[4] язйинчу Дыхаев Вахас,
Туркаев Хьасана.

Доккха юкъараллин а, культурни а маьІна
долуш дара Бадуев СаьІидан гулйина сочине-
нин ши том[5] зорбанера араялар. Цара кІарг-
бийр бу дешархочун Бадуевн кхолларалле
болу кхетам. ХІинццалца зорбатоьхна йолу
цуьнан тексташ, цхьацца бахьанаш долуш.
цаеллера. Уьш, яздархочо кхоьллина ма-
ллара, юха меттахІиттина.

Цу кеппара ду хІинццалца Бадуев СаьІидан
дахар а, кхолларалла а Іилманца талларан
Іуллакх. Гуш ма-хиллара, оцу воккхачу яз-
архочуьнан ерриге а кхолларалла чулоцуш
язбина ша арахецна цхьа а болх бац.

II-гІа корта

Бадуен СаьІндан дахар. Литературин корматалла кхнар. кхолларалли некъ

Яздархочун Бадуев СаьІидан кхолларалла
кхиана хан нохчийн советски литература кхол-
лалуш хилла мур бу.

Сийлахь-йоккхачу Октябрьски революцино
таронаш елира къоман социалистически куль-
тура а, литература а кхио. Советан Іедал дІа-
хІоьттинчу хьалхарчу шерашкахь дуьйна а
Коммунистически партис чІогІа тидам бора
паччахьан заманахь Іазапехь даьхкинчу
къаьмнийн культура а, искусство а кхиоран.
В. И. Ленина ма-аллара, «ширниг йоккхачу
гІовгІанца кег а луш дІахерца а, халчу ла-
заршца керланиг кхоллалу а»[1] хан яра Ок-
тябрьски революци хиллачул тІаьхьа даьхки-
на шераш. БІешерашкахь хьегначу балийна
кІелхьар а довлуш, керла, социалистически да-
хар дІахІоттош дара дерриге а советски
халкъаш. Баккхий экономически а, социальни
а хийцамаш хуьлура Нохч-ГІалгІайчохь а.
Адамийн хьал-дахар тодаларца цхьаьна кхуь-
уш яра социалистически культура. Октябро
кхоьллина йолу нохчийн советски литература

---

[1] *Айдаев Ю. А.* Чечено-Ингушская советская драматургия. Грозный, 1975.

[2] *Туркаев Х. В.* Исторические судьбы литератур чеченцев и ингушей. Грозный, 1978.

[3] *Арсанукаев А. М.* Нохчийн советски литература 8-чу классана учебник. Грозный, 1976.

[4] *Дыхаев В. А., Туркаев Х. В.* Нохчийн советски литература. 10-чу классана учебник. Грозный, 1978.

Бадуев С. Гулйина сочиненеш. 2 томехь. ХІоттийнарг, хьалхара дош, примечанеш язйинарг Хь. Туркаев. 1-ра том, Грозный, 1976; 2-гІа том — Грозный, 1977.

[1] *Ленин В. И.* Поли. собр. соч., т. 36, с. 78.

сиха кхнамаш баха йолаелира. 1918 шарахь зорбанехь араелира Шерипов Асламбекан «Нохчийн иллех» («Из чеченских песен») цIе йолу книга. Цу тIехь зорба тоьхна дара А. Шериповс оьрсийн матте а дохуш, шайна тIехь болх бина долу халкъан кхо илли а, ткъа иштта нохчийн иллех лаьцна йолу автораи статья а. ЧIагIбелла боьдуш гражданскн тIом болчу хенахь а йиш хилира «революцин мурдан» Шерипов Асламбекан литературехь болх бан.

Нохчийн йозанан литература дIайолаелира халкъан барта кхолларалли буха тIехь. Исбаьхьаллин литература кхиарехь беркате хьоста хилла дIахIоьттира шен кIорггера чулацам болуш йолу вайнехан фольклор. Дуьххьарлерчу яздархоша кхолларалли йца пайда оьцура барта произведенийн сурт хIоттора гIирсех, исбаьхьчу маттах.

Цуьнца цхьаьна яздархойн исбаьхьаллин корматалла кхиарна Iаламат мехала дара оьрсийн классически а, советски а литературах а, кхечу къаьмнийн литературех а цара пайда оьцуш хилар. Лаккхара идейно-эстетическн чулацам болчу оьрсийн литературо гIо дора вайнехан яздархошна къоман керла дахар гайтарехь шайн литературин корматалла лакхаяккха.

Халкъан дахарехь хуьлчу социалистическн хийцамашца цхьаьна кхуьуш схьаеара къоман литература. 1920 шераш дуьйлалучу муьрехь кхоллаелира керлачу, социалистически буха тIехь йолу нохчийн советски поэзи, язйира дуьххьарлера пьесаш, араевлира прозин кегийчу жанрашкахь йолу произведенеш: дийцарш, хабарш, очеркаш, тIаьхьо повесташ. 1930 шарахь зорба туьйхира Бадуев СаьIидан «ПетIамат», Арсанов СаьIид-Бейн «Шн тIаьхье» цIераш йолу вайнехан литературехь дуьххьарлера романаш. Коммунистически партис а, Советан Iедало а къаьмнийн культура кхиоран йиллина терго яро таро хилийтира нохчийн советски литературан ша кхна йолаелла иттех шо далале дуккха а жанрашкахь йолу советски литература хилла дIахIотта. Кхечу къаьмнийн литературашна санна, нохчийн литературана а Iаламат пайдехьа хилира 1925 шарахь 18 июнехь РКП(б)-ан Центральни Комитето тIеэцна «Исбаьхьаллин литературан декъехь партин политикан хьокъехь» болу сацам. «Къаьсттана тидам тIебахийта беза дуккха а йолчу республикашкахь а, областашкахь а къоман литература кхиорна а»[1], — аьлла дара цу тIехь. Оцу партийни сацамо гIо дира вайнехан яздархошна хьакъболлу кхолларалли некъ харжа а, шайн произведенийн идейно-эстетическн чулацам айба а.

Нохчийн советски литература йолалучу юьххьехь лаьттина яздархой Нажаев Ахьмад, Дудаев Iабди, Сальмурзаев Мохьмад, кхиберш а. Цара вайнехан литературехь шайн дош Бадуев СаьIидачул хьалха аьлла. Амма 20-гIа шераш юккъе даханчул тIаьхьа литература юкъа веанчу Бадуев СаьIидан исбаьхьаллин произведенеш Iаламат мехала хилира къоман литература кхоллаяларехь а, иза социалистически реализман некъаш тIехь кхиарехь а. Прозехь а, драматургехь а, поэзехь а болх бина волчу Бадуев СаьIидан

---

[1] «О партийной и советской печати». — Сборник документов. М., 1954, с. 347.

Курчалойская Центральная районная библиотека Инвентарный

кхолларалле́хь литературан ерриге а жанрашкахь язйина произведенеш ю: роман, повесташ, дийцарш, очеркаш, тайп-тайпана пьесаш, стихотворенеш, поэмаш... Вайнехан литературехь лакхара идейно-эстетически мехалла йолуш ю и произведенеш. Бадуев СаьIид бакъонца нохчийн советски литературан бухбиллархо ларалуш ву.

* * *

Бадуев СаьIид-Салихь Сулейманович вина 1903 шеран 28 августехь Соьлжа-ГIалахь. ХIинццалц яздархо вина терахь 1904 шо лоруш дара[1], де билгал а дацара. Яздархочун цIе а яцара массара а цхьатерра язъеш. С. Бадуевн кхолларалле́х, цуьнан дахарх, цо дешарх лаьцна йолу материалаш лохуш НохчГIалгIайн пачхьалкхан архиван фондашкахь суна карийра хIинццалц Бадуевх лаьцна яздинчийн тидам шайна тIебахаза долу, Iилманехь шайх пайда эцаза долу документаш. Хинволчу яздархочо Грозненски реальни училищехь дешнаш хенахьлера долчу оцу документашна юкъахь иза варан метрически тоьшалла а ду. Метрически тоьшаллин коьртачу декъан чулацам иштта бу (шен мотт а, орфографи а ларъеш даладо вай и): «...даю настоящее свидетельство въ томъ, что у жителя гор. Грозного Сулайманъ Бадуевъ родился сынъ СаидъСалихъ отъ законной жены его Зайбатъ Укаевой 28 августа тысяча девятьсотъ третьяго го-

[1] Хьажа: *Мальсагов А. У., Туркаев Х. В.* Писатели Советской Чечено-Ингушетии. Грозный, 1969, с. 22; Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961, 63 агIо.



Бадуев **СаьIид-Салихь** (шолгIачу могIарехь аьтту агIора схьа шолгIаниг)
Грозненски реальни училищан иохчийн классехь доьшуш волчу
хенахь. 1913 шо.

да...»[1]. Цул совнаха, и метрически тоьшалла яздинчул тІаьхьа пхи шо даьлча, Бадуев СаьІид-Салихьана делла и санна долу кхин цхьа документ ду архивехь, кхечу куьйга яздина а долуш, изза чулацам а болуш[2]. Оцу документаша шеко ца юьтуш билгалдоккху Бадуев 1903 шарахь, 28-чу августехь, вина хилар а, цуьнан бакъ йолу цІе СаьІид-Салихь хилар а (хинццалц Сайд-Селим яздеш а нислора). Ткъа, мичара даьлла хилла техьа яздархо 1904 шарахь вина бохург? Иза а шен цхьана буха тІера схьадогІуш ду. СаьІид-Салихьан ваша Шарпудин хилла 1904-чу шарахь, 12-чу сентябрехь вина. Грозненски реальни училищехь доьшуш хиллачу Шарпудинан метрически тоьшалла а ду архиван материалашна юкъехь[3]. Схьахетарехь, ларамаза оцу тІера схьаэцначух тера ду яздархо вина лоруш хилла терахь.

СаьІид-Салихьан да Бадуев Сулейман Соьлжа-гІаларчу кегийчу совдегарех хилла, ша Хьалха-МартантІера схьаваьлла а волуш. Яздархочун нана Укаева Зайбат Йоккхачу-АтагІара яра. Хинволчу яздархочун беральа Соьлжа-ГІалахь а, Хьалха-МартантІехь а дІадахна. Кест-кестта шен ненахой болчохь Йоккхачу-АтагІахь а хуьлура СаьІид. ЧІогІа самукъадолура кІентан юьртарчу берашна юкъахь.

МартантІехь дуккха а гергара нах бара БадуевгІеран, дукха хьолахь цаьргахь хьошалгІахь хуьлура уьш. Хазахетара кІантана ша МартантІе валийча. Берахь дуьйна а хІуманан тидам чІогІа болуш а, хІума хаа лууш а вара СаьІид-Салихь. Юьртана гена йоццуш йолу хьун, шовданаш, хиш; дІахьаьжча, геннахь кІайчу дахкарлахь схьагу лаьмнаш; бамбийн кІайн мархаш шена тІехула лела сийна стигал — оцу исбаьхьчу Іаламан чІогІа тидам бора жимчу СаьІида, хазахетара, дезара цунна иза. Къаьсттана самукъадолура кІентан халкъан иллеш олу хезча. Лерина ладугІура цо юьртахоша йоккхачу корматаллица олучу иллешка, дуьйцучу туьйранашка, дийцаршка, мехкарийн эшаршка. Халкъан дешан марзо йовза Іемара Бадуев, халкъан барта произведенеш гуттаренна а езаелира цунна.

СаьІид-Салихьан ворхІ шо кхаьчча, 1910 шарахь, шен дас реальни училище деша дІавелира иза. ХІетахь Грозненски реальни училище ворхІ классах (1—7-гІий) лаьтташ яра, хІор классан шалха отделени а йолуш. Царел совнаха кечам баран (приготовительный) класс а, цул а лахара нохчийн класс а яра, «чеченский класс», аьлла, шен цІе а йолуш. Оцу классе дІаоьцура деша а, язда а ца хууш долу нохчийн бераш (божабераш). Нохчийн классехь кхаа шарахь дешначул тІаьхьа, экзаменашкахула хаарш а зуьйш, дешархой кечам баран классе дІаоьцура. Кечам баран класс кхиамца чекхъяьккхича, хьалхарчу классе бовлура дешархой[1]. Пачхьан заманахь муьлхха а дешар санна, Грозненски реальни училищехь а дешар мехах дара. Шен

[1] ЦГА ЧИАССР, ф. 3, оп. 1, д. 32, л. 91.
[2] Хьажа: ЦГА ЧИАССР, ф. 3, оп. 1, д. 32, л. 92.
[3] Хьажа: ЦГА ЧИАССР, ф. 3, оп. 1, д. 32, л. 93.

[1] Хьажа: ЦГА ЧИАССР, ф. 3, оп. 1, д. 2, л. 109.

хеннахь мах дIабала таро ца хилча дешар
юкъах воккхура.

Дешарна тIера вара жима СаьIид, ойл
тIеяхийттина, лерина Iамадора цо. IIе
накъосташна юкъахь кIеда-мерза волуш
кIорггера дешарх кхета лууш хиларца а би
галваьллера иза. Бадуев СаьIид жима волу
дуьйна а исбаьхьаллин даше шовкъ йолу
вара. Доьшучу хенахь къаьсттана дукха езар
цунна литература. Реальни училищехь дIа
хьора оьрсийн классически литература хьехар
Сийлахь-баккхийчу оьрсийн яздархойн В. А
Жуковскийн, А. С. Пушкинан, М. Ю. Лермон
тови, И. А. Гончаров, Л. Н. Толстойн, кхече
ран а произведенеш Iамайора дешархоша. Ис
баьхьаллин произведенийн тексташ тIех
кIорггера болх бойтура дешархошка, Iамон
йолчу произведенийн чулацам къастош сочи
неней язйойтура. Масала, 1915—1916 дешаран
шеран шолгIачу эхехь реальни училищехь
язъян билгалъяьхна яра иштта сочиненей:
«Быт и нравы провинциального общества по
роману «Евгений Онегин» Пушкина», «Кутузов и Каратаев как выразители национального духа русского народа», царех терра кхи
ерш а.

Бадуев СаьIидана езаелира оьрсийн класси
чески литература, тIевиргзина Iамайо цо иза
Хазахеташ юх-юха а йоьшура А. С. Пушки
нан, М. Ю. Лермонтовн, Л. Н. Толстойн, А. П
Чеховн, А. М. Горькийн книгаш. Хиволчу яз
дархочунна Iаламат пайдехьа дара сийлахь
йоккха оьрсийн литература а, культура а йов
зар, къаьсттана мехала дара жима волуш иза
царех хьакхавалар, пайдаэцар. Цу тайппана
вайна го, Бадуев СаьIид жима волуш дуьйна а

ьрсийн классически литературан а, прогрес
ивни культуран а беркатечу тIеIаткъамца
хиана хилар.

1914 шарахь, кегийра доьзалш а буьсуш,
БадуевгIеран да кхелхира. Дукха хан ялале
материальни халонаш хааелира доьзалехь.
Доьшуш волчу СаьIидана а, цуьнан вешина а
тIера мах бала таро йоцуш меттигаш а йогIу
ра. Шен ма-хуьллу дешар чекхдаккха гIиртира
СаьIид, амма гIуллакх ца хилира. 1915—1916
дешаран шеран IV-чу четвертехь дешарх
юкъах ваьккхира иза. ХIинццалц Бадуев
СаьIида, 1914 шарахь, шайн да кхелхинча, ша
дитина лоруш дара реальни училищехь дешар.
Амма иза иштта дац. Да кхелхинчул тIаьхьа
шина шарахь гергга дийшира цо, кхидIа а доь
шур долуш а вара ша витинехьара. Шен хен
нахь дешарна тIера мах дIабала йиш ца хи
ларна дIаваьккхира иза реальни училищера.
1916 шеран 25 майхь реальни училищехь хил
лачу педагогически кхеташонан протокол
тIехь бу дешарна тIера мах дIа ца балар
бахьана долуш («За невзнос платы за уче
ние») Бадуев СаьIид дIаваьккхина хиларан
хьокъехь болу сацам[1]. Дешаран шо чекхдала
цхьа-ши бутт беш ца биснера Бадуев реальни
училищера дIавоккхуш, оцу шарахь йолийна
класс чекхъяккхалц а ца витира иза. Пач
чахьан Iедал адамашна дешар Iамо гIерташ
дацара, мелхо а дешаран серло халкъана
юкъа кхачарх кхоьруш дара, бодане мел хили
а адам дацо атта долу дела.

Кхойтта шо а кхачаза волчу СаьIида лайра
паччахьан заманан харцо, дагчохь йоккха лар

[1] ЦГА ЧИАССР, ф. 3, оп. 1, д. 1, л. 78.

йисира. ТІаьхьа ша язйиичу стихотворенех поэта боху паччахьан замане:

Ахь дохк туьйсу-кх суна дуьхьал,
Со кхоло гІерташ.
Ахь ког туьйсу-кх суна кІел,
Со вожо гІерташ.

Ма ийзавехьа со хьуьна юккъе
Акха экха хила.
Ахьа-м хІиццалц латтийний шакъостий
Ажха берзалой хилла!

ДагтІера богІучу цабезамах юьззина йол
и шен стихотворени чекхйоккхуш поэт
чІагІо йо:

Хьоьца дерг ас къастор
Къолам, жайний къийларца!
Вайна юккъе зІар ас хІоттор,
Дуцуш болатан сераца!

«Паччахьан замане» цІе йолчу оцу стихотворени тІехь поэта дийцинарг цо ша лайна дукха хенахь шен дагчохь лелийна хилар г вайна.

СаьІид шайн доьзалехь баккхийчарех вара, цунна тІехь дара кегийчийн терго яр. Доьзалан хьаштийн ойла ян дезарна балха вахара иза. Болх барца цхьаьна СаьІида дІахьора ша-шен Іамош, шен хаарш тІедузар.

Соьлжа-ГІалахь кхуьуш волчу Бадуевна гора гІаларчу оьрсийн белхалоша шайн дахаран хьелаш тодарехьа, политически бакъонаш яхарехьа латтош болу къийсам. Оцу революционни боламан хьу реальни училищехь волуш дуьйна а хааеллера цунна. СаьІид училище ваханчу хьалхарчу шераш-

кахь цигахь доьшуш вара Грозненски партийни организацин куьйгалхо хинволу Николай Андреевич Анисимов. ТІаьхьо, 1915 шарахь, Полтаверчу кадетски корпусера схьа кхуза деша веара Асланбек Шерипов а. Училищан дешархоша шайн гуламашкахь, митингашкахь хьехадора революционни къийсаман гІуллакхаш. Бадуев СаьІидан дуьнене хьежар кхиарехь шеко йоцуш маьІна ду оцу дерригена а.

Сийлахь-йоккхачу Октябрьски революцис паргІат дехира паччахьан Іедало балехь дахкийна къаьмнаш. Коммунистически партис, дерриге а советски къаьмнашна санна, вайнехан халкъана а таро елира социалистически дахар дІахІотто, къоман культура кхио. БІешерашкахь текхначу Іазапах паргІат довлуш дара адамаш.

Бадуев СаьІидан таро хилира кхидІа а деша. 1922 шарахь Буру-ГІалахь (хІинца Орджоникидзе) кооперативни курсаш чекхъехира цо. Цул тІаьхьа цхьана муьрехь товароведан болх бира. Амма Бадуевн шовкъ йолуш болх бацара иза, цуьнан дог ца летара кооперации гІуллакхех. Цуьнан ойла кхечахьа гІертара. Нохчийчохь дІахьош яра культурни революци. Коммунистически партис, Советан Іедало йоккха терго йора къомана юкъа йозадешар даржоран. Школаш яхкарца цхьаьна дІахьош дара баккхийчарна юкъара йоза цахаар дІадаккхар а. Нохчийчохь 1925—26 дешаран шарахь болх беш яра 53 изба-читальня а, ликпункт а. Оцу шарахь уьш чекхъехира 3140 стага, ткъа цул тІаьхьа цхьа шо даьлча изба-читальняш а, ликпункташ а чекхъяьхначийн барам хьалакхаьчнера 6401

стаге. Нохч-ГІалгІайчохь схьайиллинер
юкъарадешаран 239 школа, шайна чохь до
шуш 36,5 эзар бер а долуш.

Бадуев СаьІид шен къомана юкъахь йоза
дешар даржорехь, керла, социалистическ
культура кхиорехь, халкъ Іилманан серлонг
доккху долчу балха тІехь дакъалаца луу
вара. Шен Іалашо кхочушъярхьама хьехар
хойн курсашка деша вахара иза. Уьш кхиам
ца чекх а яьхна, хьехархочун балха а вахара
Школехь берашна хьехарца цхьаьна, ликпун
ташкахь баккхийчарна йоза-дешар а Іама
дора СаьІида. Нохч-ГІалгІайчохь культурн
революци дІаяхьарехь жигара дакъалецир
цо.

Бадуев СаьІид, ша хІуьра болх беш а
миччахьа хилча а, хаддаза ша шен хаарг
лакхадохуш вара. Цундела шен нийсархошн
юккъехь кІорггерчу хаарца а, шуьйра кхе
там хиларца а къаьсташ вара иза.

Школехь балхахь волчу хенахь Бадуев
дукха йоьшура оьрсийн классически а, совет
ски яздархойн а произведенеш. Къаьстта
дукха йоьшура цо оцу муьрехь А. М. Гор
кийн а, В. В. Маяковскийн а книгаш. Горь
кийн произведенеш езар, цуьнан исбаьхьал
лин пицкъах цецвийлар гуттаренна а дисир
Бадуевца. ТІаьхьо, ша литературехь болу
бан волавелча, — «Тхан хьехархо, тха
накъост Горькийн», — эр ду пролетарски яз
дархочух Бадуев СаьІида.

Лерина тидам бора Бадуевс халкъан даха
ран. Керлачу, социалистически дахаран фор
манаш халкъо тІеэцаран хьелаш тергал дора
цо. Хиволчу яздархочунна гучудолуш лаьт
тара социализмехьа болчу къийсамехь къе

хойн доттагІий муьлаш бу а, мостагІий муь
лаш бу а. Къоначу Бадуевн граждански дог
ойла, классови кхетам кхиарехь мехала хан
хилла и шераш.

Бадуев СаьІидан исбаьхьаллин литературе
болу безам тІаьхь-тІаьхьа чІагІлуш бара.
КІорггера пайда оьцуш йоьшура цо оьрсийн
классикийн а, советски яздархойн а произве
денеш, лерина Іамайора нохчийн халкъан
барта кхолларалла. ХІинца Бадуевс шена
хьалха хІоттийнера исбаьхьаллин дешан
говзалла караерзоран Іалашо. Школехь хье
хархочун болх беш волчу хенахь язйо цо шен
дуьххьарлера произведенеш. 1925—1926 ше
рашкахь дара иза, хІетахь Бадуевс язйина
стихотворенеш а, кегийра дийцарш а зорба
тухура «Серло» газета тІехь. Вайнехан даха
рехь керлачунна дуьхьало еш долчу Іадаташ
на а, динан тІеІаткъамашна а дуьхьал хьа
жийна яра и произведенеш. Оцу хенахь шера
гуш дара дІаяханчу замано буха дитинчу
боданечу хІуманаша халкъана керла дахар
дІахІотторехь Іаламат чІогІа новкъарло еш
хилар. Цундела Бадуевс шен коьрта декхар
лорура, ширчух бухадисинчуьнца къийсам
а латтош, керла социалистически дахар дІа
хІотторехьа халкъана некъ гайтар. Бадуевн
дуьххьарлера произведенеш а, ерриге цуьнан
кхолларалла а и Іалашо кхочушъеш ю.

Іаламат сихâ кхиара яздархочун кхолла
раллин корматалла. 20-гІа шераш юккъе да
ханчул тІаьхьа яздан волавеллачу Бадуевс
1928—1929 шерашкахь язйира, идейни чула
цамца а, исбаьхьаллин говзаллица а кхоччуш
кхиана а йолуш, шен тоьллачарех йолу про
изведенеш («ЦІеран арц», «Бешто»). Иштта

сиха яздархочун корматалла кхиаран бахьа на дара, коьрта долчу декъана, цо Іалама говза халкъан барта кхолларалле пайда оьцуш хилар, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературех иза Іемаш хилар а. Лаккхара нсбаьхьалла шайца йолу вайнехан барта кхолларалли произведенеи Бадуеви кхоллараллин хьоста хилира. Нохчийн фольклоро, яздархочун нсбаьхьаллин говзалла кхиорал совнаха, иза кхетавора халкъан ойланех, сатийсамех, къеггина гойтура цуьнан хьалха дІадахана балане дахар, нрсехьа сатуьйсуш адамо лайна Іазап. Бадуеви нсбаьхьаллин кхоллараллин орамаш вайнехан фольклорах схьадогІуш дара. Оьрсийн классически а, советски а литературах пайда эцаро яздархочун нсбаьхьаллин говзалла лакхайоккхура. Цу тайнина яра Бадуеви нсбаьхьаллин кхолларалла йолаяларан цхьайолу башхаллаш.

Яздархочун дуьххьарлерчу произведенех ю цуьнан «Мацалла» цІе йолу повесть. Къехойн, хьолахойн вовшашца хилла юкъаметтигаш гайтина автора шен дуьххьарлерчу повесть тІехь. Къона доьзал — ТІелиб, ХІижан — хало ловш бу, мацалла ю цаьргахь кхечу къехошкахь а санна. Ялта къийдаларх пайда а оьцуш, шайн хьелаш алсамдохуш бу таронаш йолу нах. Мацалла токхуш болчу къехошна кІеззиг ялтех хІума а лой, цера тІаьххьара говр а, бежна а шайн дола доккху хьолахоша. Ишта шен бахам стамбеш ву повесть тІера Мухтар-молла а.

Бадуевс повестан персонажийн васташ дукха шуьйра ца гайтинехь а, цера амалш психологи билгалъяккхарна тІе лерина тидам бахийтина. Дог цІена, мерза безам бу ТІелибан, ХІижанан вовшашка берг. Мел яккхий халонаш тІеІиттаяларх, мацалла шаьш кІелдисарх лах ца ло цу шиннан вовшашка йолу ойла, вовшийн ларар. Къинхетаме, дог дика адамаш ду уьш, тешаме, хьанал бу цера безам. ХІижан оьзда стаг хилар, иза шена везачунна муьтІахь, шен безам ларбийр болуш а хилар къеггина билгалдолу цо хьолхочун Мухтар-моллин лаамна дуьхьало ярца. Хьолах ца бухку цо шен безам. Мацалло гІелйина йолу ХІижан бахамах юьззина йолчу моллин кертара йоду, сихха ТІелибана тІекхача.

Мухтар-моллас лелочу гІуллакхаша цуьнан ямарт ойла, хьарамлонаш, нахана иза зуламан хилар билгалдоккху.

Персонажийн дог-ойла, цера лехамаш гайтарца яздархочо кхуллу къеггина шайн социальни юьхь гучуйолуш долу васташ.

«Мацалла» цІе йолчу повесто — яздархочун дуьххьарлерчу йоккхачу эпически произведенино-даррехь хаийтира Бадуев кІорггера кхоллараллин корматалла йолуш яздархо хилар. Оцу повесть тІехь хаалуш яра тІаьхьо къаьсташ билгалъевлла йолу Бадуеви кхоллараллин хотІам коьрта башхаллаш.

20 шераш чекхдовлучу муьрехь Бадуев СаьІида язйира кІорггера идейно-исбаьхьаллин чулацам болу цхьамогІа произведенеш. Царна юкъахь яра «ЦІера арц», «Бешто» цІераш йолу повесташ а, «Іимран», «ГІу» боху дийцарш а, «МаргІала синтар» цІе йолу стихотворени а, 1930 шарахь зорбанера араяьлла «ПетІамат» цІе йолу роман а, кхийолу произведенеш а.

20 шераш чекхдовлуш ша язйина цхьайолу произведенеш Бадуевс, гул а йина, арахий-

цира «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолчу книги тIехь.

1930 шарахь араелира Бадуевн «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолу книга. Тайп-тайпана йолу прозаическн а, поэтическн а произведенеш яра цу тIехь зорба тоьхна. Шайн теманашца а, форманашца а бес-бесара йолу и произведенеш цхьаьна тухург церан идейни чулацам бара. Ширчух бухадисанчуьнца къийсам а латтош, керлачу дахаре кхойкхура яздархо шен произведенешца.

Адамийн дахар тодархьама социалистическн пачхьалкхо кхочушдечу гIуллакхех ца кхеташ, царна юьстах лаьттина болу юьртахой, шайн кхетам а кхуьуш, оцу гIуллакхашна тIеберзаран некъаш гайтина Бадуевс «Контрактаци» а, «ГIуллакхах кхнар» а цIераш йолчу дийцаршкахь.

«ГIуллакхах кхнар» бохучу дийцаран турпалхочо МунчIара, кулакаша, меца хан йогIур ю бохуш, дийцинчу хабаршка ла а дийгIина, пхийтта гали хьаьжкIаш, кхарза а кхерзина, лаьттах йохка сацам а бина, пачхьалкхана ткъа пунт хьаьжкIийн бен ца йоьхкира. Ткъа МунчIарна гора пачхьалкхана ялта кечдаран гIуллакхана арабевлла каде хьийзаш болу комсомольцаш, колхозан хIайттархой, гIуллакххой. Юьртахошкахь шайна оьшучул совнаха долу ялта пачхьалкхана оьцуш бара уьш. Юккъерхо волу МунчIар дагахь вацара шен пхийтта гали хьаьжкIех, ша йоьхканчул совнаха, кхин цхьа буьртиг а пачхьалкхана бохка.

Школехь доьшуш волчу шен кIанта Iама а дина, «газета дешнал дешар хууш вара» МунчIар. «Серло» газета дешар марзделира

цунна, «шен ницкъ кхочуш цхьа а газет а ца доьшуш тIех а ца долуьйтура». Газета дешаро а, дахарехь хуьлуш лаьттачу гIуллакхаша а хийцира МунчIаран ойла. «ХIинца а лела нах а гуш, делан-денна бохург санна, айса доьшучу газеташа тIехь дерг а гуш, и хьаьжкIаш дIа ца юхкуш, вайн пачхьалкхана уьш йохка сацийна ву-кх со...» — боху МунчIара Дербаше. ТIаьххьара а Дербаш а кхетаво цо пачхьалкхана ялта дохкар доккха маьIна долуш гIуллакх хиларх.

МунчIара ша-шеца ечу ойланашкахь а, цо Дербаше дечу къамелехь а билгалдолу иза, социалистически пачхьалкхо кхочушдеш долчу гIуллакхех кхета а кхетта, даггара царна резахиларца тIевирзина хилар.

МунчIаран «гIуллакхах кхнар» сихдира иза мелла а шена дешар а Iамийна, газета доьшуш хиларо. В. И. Ленина аьллачу «дешаза волу стаг политикана юьстах лаьтта, цунна юьхьанца абат Iамо деза»[1], бохучу дешнийн кIорггера чулацам гойтуш ду Бадуевн дийцаран идейни маьIна. «ЦIадешар — бода» цIе йолу дийцар а дара керлачу гIуллакхашна стаг тIеверзор, цунна дешар Iаморехула хила дезар чIагIдеш.

«Контрактаци» бохучу дийцар тIехь яздархочо гайтина кулакаша, къехошна диканиг хьоьху шаьш бохуш, уьш Iедалан гIуллакхашна дуьхьал баха гIерташ, царна зенаш дина хилар. Домбис шен шина шинарх цхьанна контрактаци йинера. Кулака Арсбис, и шинара пачхьалкхана ца духкуш, кIелдуьсу долу некъ хаьа шена, аьлла, Домби Iеха а

---

[1] *Ленин В. И.* Полн. собр. соч., т. 44, с. 174.

вина, иза шен шина а шинарех ваькккхира. Иштта, кулакаш ма-барра бевзинчул тIаьхьа, кхийтира Домби, къехошна а, юккъерхошна а тоьлуш дерг, кулакаша дуьйцучуьнга ла ца доьгIуш, юкъара бахам а ккуллуш, «пачхьалкхо кхийдочу новкъа дIадахар» хиларх.

Юьртан юкъарчу балха тIехь жигаралла йолуш хиларе кхойкху къехошка яздархо шен «Юьртан Советан ледара председатель» цIе йолчу дийцар тIехь (шолгIа зорба тухуш «Председатель», аьлла, яра оцу дийцаран цIе). «БIе де, я бIеннах цхьаъ» бохучу дийцар тIехь гражданский тIеман тема ойбу автора. Гикалон отрядо кIайн-гвардейцийн эскаршна дуьхьал бинчу тIеман цхьа эпизод гайтина дийцарехь. Советан Iедалехьа къийсам латтийначийн майралла, бакъонехьа болчу къийсамехь шайн синош дIадала уьш кийча хилар го вайна произведени тIехь.

Дуккха а поэтически произведенеш а яра «Хабарш, иллеш, поэмаш» бохучу книги тIехь: «Ши доттагI», «Къайле» цIераш йолу поэмаш, «Ленин», «Октябрь», «Лам», «МаргIалан синтаре», кхийолу а стихаш а.

Иштта шуьйра тематика йолуш яра «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолчу книги тIера произведенеш.

Бадуевна дика гора керлачу дахарехьа къийсам латточу халкъана ширчух бухадисинчу, Iадатийн а, динан а тIеIаткъамех дозаделла долчу гIуллакхаша сий йолу новкъарло. Оцу гIуллакхашца къийсам латтош вара СаьIид ша хаъал хилчхьана. Шен кхоллараллин корматалла а царна дуьхьал хьажийра яздархочо.

Бадуевс цхьамогIа произведенеш язйира.

«Iадаташ», аьлла, цIе а тиллина. Уьш зорбанера араевлира 1930 шарахь.

Шина книгех лаьтташ ю «Iадаташ» боху произведенеш. Хьалхарчу книги тIехь ду «Iадат», «Олдам», «Баудди», «Зайнап», «ГIу» цIераш йолу дийцарш, шолгIачунна тIехь «Бешто» боху повесть а, «Бекхам» цIе йолу дийцар а ду.

Ира чулацам болчу оцу произведенешца автора гойту ширчу Iадатех адамашна долу зуламаш.

Хьалхалерчу заманчохь хьолахоша а, динан дайша а халкъа юкъахь даржош хилла зуламен Iадаташ. Цара уьш къобалдина, къехой боданехь а бахкош, уьш бацо шайна аьтто хуьлуьйтуш долу дела.

Бадуевс шен произведенеш тIехь къеггина гойту ширчу Iадатийн классови чулацам, Iора боху и Iадаташ лелош болу нах. Иштта, «Бешто» повесть тIехь Iадато гIо до Хизарна, шен ши йоI хьал долчу нахе маре а елла, шена шортта бахам гулбан. Ткъа оццу Iадато хIаллакво къехо Бешто а, цуьнан нана РакаIат а. Шен социальни тобанах дIа а къаьстина, къехошкахьа яла гIортарна хIаллакьхуьлу Хизаран йоI Бусана а.

ЧIир екхаран Iадатах адамашна даккхий зуламаш долуш хилар гайтина яздархочо «Бекхам», «Зайнап» цIераш йолчу дийцаршкахь.

Оцу произведенийн исбаьхьаллин чулацам берриге а сурт хIотторан гIирсаш царна тIехь къастош долу гIуллакхаш — ширчу Iадатех адамашна зулам далар — йоьшуш волчунна алссам Iаьткъачу агIор нисдина Бадуевс. ЧIирхоша чевнаш а йина, леш воллуш ву

«Зайнап» цIе йолчу дийцаран турпалх
Аьстамар. Валарчу вирзинчу Аьстамарн
тIехь лаьтташ бу цуьнан вежарий, гергарнаш
лулахой. Амма царна юкъахь яц кхо бут
хьалха Аьстамара дукха езаш ялийна йол
цуьнан зуда Зайнап, иза уьйтIарчу ото чох
яра. Iадато бакъо ца ло Зайнапана шена си
дукха везачу майрачунна, иза леш воллу
а, нах болчохь юххе яха.

Бадуевс кхоьллина долу исбаьхьаллин сур
таш дагах хьажхалуш а, шайн хьокъехь ойл
йойтуш а ду. Цкъа делахь, могашаллех а
ницкъах а вуьззина волу къона стаг дуьххьар
дIа Iадат бахьанехь леш ву, кхин цхьа а тай
па шен бехк а боцуш. ШолгIа делахь, угга
шена дукха везаш верг лечу сохьтехь а, цун
на юххе яха а, цуьнга хьажа а бакъо ца
Iадато къоначу зудчунна.

Дийцар доьшуш волчуьнан ойлано тIе
дуьту и гIуллакхаш, уьш чIагIдеш долчу
даташна дуьхьал волу иза.

Вайнаха шайн Iер-дахарехь вовшашк
гIиллакх лацар ду, бохуш, лелош долу цхьа
долу Iадаташ шайх даккхий зуламаш долу
хилар гойту яздархочо «Iадат», «ГIу», «О
дам» цIераш йолчу дийцаршкахь.

Да волчохь шен зудче вист хилар а, цуна
куьг хьакхадалийтар а ца магош долу Iада
бахьана долуш Iусамас гIо а ца дина, берда
а яхана елира цуьнан зуда Бикату («Iадат»
Марда волчохь шен беран тергояр доьхку
долчу Iадатах ца хIоьттира Хелипат, шена
гуш, гIуна чу южуш йолу шен жима йоI Мар
жан кIелхьара яккха («ГIу»). Да волчох
шен бер кара эца ца магош долу Iадат бахьа
нехь Олдама шегара кIант, шен да Элашб

чоьхьа ваьлча, ша хIун до а ца хууш, цIен-
къахь цIийдина хи а чохь лаьттачу яй чу
кхоьссира («Олдам»).

Иштта ду Бадуевс Iорадохуш долу Iада-
таш. ХIор дийцар чекх моссаза дели шен кни-
га йоьшуш волчунах дагаваларан хьесапехь
далийначу дешнашкахь автор дегайовхонца
вистхуьлу шен дешархочуьнга, оцу зуламечу
Iадаташна дуьхьал къийсам латторе кхойкху
иза.

Масала, «Зайнап» цIе йолу дийцар чекх-
даьлча автора боху: «Дешархо! ХIунда ца
мега теша Зайнапана, шен вала вижна Iуьл-
лу майра волчу чу а яхна, цуьнга шен дагахь
дерг а дуьйцуьйтуш, цхьажимма хан яккха?
Хилча хIун дара цу чохь Зайнапан марвежа-
рий а, баккхий нах а? Цара Зайнап, шаьш
долчохь Аьстамаре йистхилча, юьйр-х яца-
рий? Нагахь Зайнап уьш а болчохь шен май-
рачунна йилхича, Аьстамаран вежаршна тIе
эхь-х ца догIурий? Дешархо! Ахь суна бехк
ма билла, кху хабарх лаьцна соьга хьуна
кхин хIумма а ца дийцало... Ца хаьа-кх хьу-
на, дешархо, суна хIара Iадаташ мел Iеткъа!
Даржош таллахьа хIара хабар, ойлаеш ла-
догIахьа кху тIехь долчуьнга. ТIаккха хьо
сайна тIетовр вац аьлла хIумма а шек вац-кх
со». Кхузахь яздархочо шен дийцар доьшуш
волчуьнца юххера уьйр тосу, шен дагара
дуьйцуш санна вистхуьлу иза цуьнга. Шецан-
на оцу дийцаран чулацамехь долчуьнан ойла
яре кхойкху автор, кIорггера цуьнан маьIна
де, боху цо.

Бадуев СаьIида шен дуккха а произведе-
неш ерзайо йоьшуш волчуьнга вистхиларца.
Иза яздархочун кхолларалли хотIан цхьа

амат бу. Авторан дерзоран дош шена чох дуккха а риторически хаттарш, айдарш, тІе дерзораш долуш хуьлу. Ойла чекхъялаза хь лар гойтуш долу дукха тІадамаш (многото чие) далийна хуьлу. Яздархочо шена юххер вевзачу стаге дош долчу къамелан интонац лелайо ккузахь. Оцу дерригено а про изведенин маьІна кІарг а дош, йоьшуш во чунна цо беш болу ІаткъамаІ алсам боккху.

Бадуев СаьІидан кколлараллин биогра фехь 1930 шо ІаламатІ беркате хилира. Ц шарахь яздархочо арахийцира 8 книга. Уы яра: «Хабарш, иллеш, поэмаш», «ІадатаІ (ши книга), «Марха досту де», «Пхи туьма «Гуттур а ца хуьлу моллина мовлад», «Ма цалла», «ПетІамат». Къаьсттана мехала д ра «ПетІамат» цІе йолу роман (І-ра дакъа араялар. Иза нохчийн литературехь дуы хьарлера роман яра. Ира чулацам болчу оц романа тІехь автора гайтина паччахьан зам нахь нохчийн къехоша, къаьсттана зударш ІедалаІ а, ІадатаІ а, динан а тІеІаткъамаІ бахьана долуш лайна ІазапІ. Романан идейн чулацамехь къеггина билгалдолу нохчий халкъо шегарчу ІазапІана дуьхьал луьр къийсам дІаболор а, и къийсам тІаьххьар а къинхьегамхойн толамца чекхбериг хила а.

30 шераш дуьйлалучу муьрехь Бадуе СаьІида юххера уьйр латтайора кколлалу йолчу нохчийн драматически театраца. Коь та долчу декъана къоман театран репертуа Бадуевн произведенех лаьтташ яра. Оцу х нахь театрехь болх беш хиллачу Саидов Би лала шен дагалецамашкахь яздо: «Тхо хІе

тахь 1931—32—33—34-чуьй, цул тІаьхьарчуьй шерашкахь, хІор бІаьста а, гурахь а Ноххийчуьра массо а бохург санна ярташкахула чекхдовлура спектаклаш, концерташ хІиттош. ХІор тхаьш ара моссаза довлу, оха Бадуевс яздина керла пьеса-спектакль хьора. Уьш яра «Дайн Іедал», «Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад», «Марха досту де», «Большевикийн хьалхара бІаьсте», «Политотдел», «Ламанаш хийцало», «Дашо Іам», «ЦаІебийна зуда ялор», «ЦІен гІан», иштта дІа кхин а. Районашка тхо доьлхучу хенахь СаьІида бІо ца къажабора тхан гІоьнча хилла, тхуна юххе вала. Тхо дІадоьлхуш новкъахь а, дахана цига дІакхаьчча а, меттигерчу хьелашка хьожжий, цо шен пьеса кІезиг-дукха хуьйцийтойора, оха цу сохьта и хийцамаш сцени тІехь дІахІиттабора».

Къоначу театран балха тІехь жигара дакъа лаьцна ца Іаш, ша гоьваьлла драматург хиларе терра, театрана башха репертуар латтийна ца Іаш, къоман театран нсбаьхьаллин куьйгалхо вара СаьІид, бохуш, дуьйцу 30 шерашкахь Нохч-ГІалгІайн драматически театрехь белхаш бинчара. ХІинца Нохч-ГІалгІайчохь а, республикал арахьа а дика бевзаш болчу артисташа шаьш дуьххьара театре баьхкинчу муьрехь актерийн болх шайна безабаларехь а, цул тІаьхьа шайн корматалла ккнарехь а Бадуевс шайна динчу гІоьнан лаккхара мах хадабо.

Цу тайпана, Бадуев СаьІидан цІе Нохч-ГІалгІайн драматически театрах, дІакъастало йоцуш, йозаелла ю.

Дукха а, дика а драматически произведеш язйина Бадуевс. Иттех шарахь цо кхоьл-

линна лаккхара идейни а, исбаьхьаллин а ме
халалла шайн йолу пхиитта сов пьеса.

Хууш ма-хиллара, Бадуевс исбаьхьалли
литературехь баккхий кхиамаш бахара
бахьана дара коьрта долчу декъана из
халкъан барта кхолларалла тІетеІаш хи
лар, кхолларалла халкъан барта произве
денех цо пайдаэцар. Амма яздархочун ис
баьхьаллин корматалла кхиарехь, цуьна
кхолларалла хатІ шардаларехь доккх
маьІна дара Бадуев даймана а оьрсий
классически а, советски а литературах Іемаш
хиларан, цо хаддаза оьрсийн баккхийчу яз
дархошца герггара уьйраш латтош хиларан.

Бадуев СаьІидан цхьаьнакхетарш хилл
А. М. Горькийца а, А. А. Фадеевца а.

Бадуевна Іаламат пайдехьа бара дуьненн
а вевзаш волчу снйлахь-воккхачу яздархочун
советски литературан бухбиллархо а, социа
листически реализм йолорхо а волчу А. М
Горькийн хьехамаш. «Тхан хьехархо — Мак
сим Горький» бохучу шен исбаьхьаллин очер
ка тІехь Бадуевс яздо, пролетарски яздархо
чун кхолларалла, кхечу къаьмнашна санна
вайнахана а доккхачу маьІне хилара
хьокъехь а, шена цунах даьллачу берката
лальцна а. «Тхан хьехархо, тхан накъос
Горький»! — боху Бадуевс. Горькийн «Песн
о Соколе», Нохчийн матте а яьккхина ше
очерка тІехь ялийнера яздархочо.

«Нохчийчоьнан драматически литерату
рехь тоьлашха йолу произведени — Бадуев
«ЦІиэн гІап» цІе йолу пьеса — Горький
исбаьхьаллин тІеІаткъамца»[1], язйина хила

[1] «Грозненский рабочий», 1936, 21 июня.

билгалдаьккхира 1936 шарахь Нохч-ГІал
гІайн АССР-н яздархойн Союзан правленис.
Бадуев СаьІид Іемаш вара снйлахь-воккхачу
пролетарски яздархочун произведенеш тІехь.
Цуьнан дахаро, кхолларалло боккха тІе
Іаткъам бора кхуьуш волчу яздархочунна.
А. М. Горькийн литературни белхан
шовзткъа шо кхачар даздечу хенахь Бадуевс
язйира шен шуьйра евзаш йолу исбаьхьаллин
очерк «Тхан хьехархо Максим Горький». Цу
тІехь автора даггара догІучу дешнашца гай
тира шен Горькийга йолу ойла, къоман куль
тура кхиорехь цуьнан кхолларалли маьІна
билгалдаьккхира. Боккхачу айамца язйина
ю очерк, баркаллица дека авторан дешнаш.

Бадуев СаьІидана шера гуш хилла социа
листически реализман бухбиллархочо А. М.
Горькийс шен Іаламат кІорггера идейно-
эстетически чулацам болчу кхолларалли
къаьмнийн литературашна а, культурана а
беш болу беркате тІеІаткъам.

Оьрсийн яздархошца доттагІаллин а, кхол
лараллин а уьйраш хаддаза лелийна Бадуевс.

Бадуевн доттагІалла дара А. С. Серафимо
вичца а. ЦІе яххана волчу яздархочо гІо дора
шен къоначу накъостана къоман дахар исбаьхьаллин кепехь талла, произведенешкахь кІорггера исбаьхьаллин сурташ кхолла.

1929 шарахь ша Нохчийчу веана волуш А. Серафимовича яздархойн (къаьстина нохчийн яздархойн) тидам тІебахийтира шайн къоман дахар кІорггера талла дезаш хиларна, «уьш Нохчийчоьнах къаьстина лелахь, церан гІуллакх вон хир ду», — элира цо ГІарабевлла болчу оьрсийн поэташца

Э. Г. Багрицкийца, В. А. Луговскойца, ишт
дIа кхечаьрца а доттагIаллин уьйраш яр
Бадуевн. Баккхийчу советски яздархоша –
исбаьхьаллин дешан говзанчаша гIо дор
Бадуевна шен халкъан керла, социалистиче
ски дахар керлачу исбаьхьаллин кепехь гай
та, социалистически реализман некъаш тIех
чIагIвала.

Бадуев СаьIида шен агIора чIогIа хама бо
ра оьрсийн яздархойн, цунна дика хаьара
йоккха идейно-эстетически механлла йолу оьр
сийн литература а, ерриге а оьрсийн культу
ра а шен къомана социалистически даха
дIахIоттохь, керла культура кхиорех
доккха маьIна долуш хилар. 1932 шарах
Москвахь СССР-н яздархойн Союзан Оргко
митетан хьалхарчу пленумехь а динчу къа
мелехь Бадуевс къеггина билгал а даьккхир
иза.

1932 шарахь (29 октябрь — 3 ноябрь) Мос
квахь СССР-ан яздархойн Оргкомитета
хьалхара (шорйина) пленум дIаехьира. Ощ
пленумехь дакъалоцуш 129 делегат вара
царна юкъахь вара Бадуев СаьIид а. Плену
мехь къамелаш дира цIе яххана болчу яздар
хоша: В. Кирпотина (докладчик), М. Прищ
вина, С. Айнис, С. Мукановс, Вс. Иванов
А. Фадеевс, Ф. Гладковс, А. Серафимовича
Н. Тихоновс, кхечара а. Къилбаседа-Кавка
зан литературех лаьцна шиммо дира къа
мел — Бадуев СаьIида а, Эфенди Капиевс а
Бадуев СаьIид лаккхара идейни кхетам бо
луш, искусствона, литературана хьалх
даккхийра декхарш хIиттош, шен кхолларал
лин лехамаш шуьйра болуш хилар гойту
ш пленумехь динчу къамело.

Бадуевна дика хаара кхоллалуш йолу къо
ман литература беккъа шен пицкъашца,
таронашца кхиалур йоцийла, цунна шера
гора сийлахь-йоккха оьрсийн литература а,
культура а Iаламат йоккха идейно-эстетиче
ски механлла йолуш хилар. Цундела иза
кхойкхура яздархошка вовшашца доттагIал
лин, кхолларалли уьйраш хиларе, кхиана
йолчу литературех, уггаре хьалха оьрсийн
литературах а, пайда эцаре. Бадуевн шен
яьржина уьйраш яра кхечу къаьмнех болчу
яздархошца, кхечу къаьмнийн литератураш
ца. Цо гочйина оьрсийн яздархойн произве
денеш, масала: М. Горькийн, М. Голодныйн,
Н. Владимирскийн произведенеш. Бадуевс
нохчийн матте яьккхина хIирийн халкъан по
этан Коста Хетагурови «Нана» цIе йолу стих
хотворени, гочдина ДегIастанарчу яздархо
чун Iабдула Баширан «Моцу» цIе йолу дий
цар. Бадуевн шен произведенеш оьрсийн мат
тахь а, кхечу къаьмнийн меттанашкахь а ара
йийлина.

Нохчийн литературан бухбиллархочо къо
ман литературана хьалха хIиттош хилла ле
хамаш тахана а бу шайн кIорггера маьIна
долуш.

Къаьсттана механла ду литературийн вов
шашца уьйраш хилар тахана. Къоман лите
ратура кхиар эвсаралла йолуш хир дац, на
гахь санна иза оьрсийн литератураца, вайн
Даймехкан кхечу къаьмнийн литературашца
юххера уьйраш йолуш, царех кIорггера пай
даоьцуш ца хилахь. КПСС-ан Центральни
Комитетан Генеральни Секретара Леонид
Ильич Брежневс шен «Бай-латта» цIе йолчу
книги тIехь яздо: «Шен дозанехь къовлалуш

соцна муьлхха а культура шеко йоццуш и
шаме кхочу, дерриг халкъийн юкъара кепа
телха цуьнан. Халахетахь массо а ерр
хонахь цунах ца кхета»[1].

Бадуев СаьИид шен дог-ойланца, шен кхо
лараллехь интернационалист вара. Литерат
роведа, СССР-ан Iилманан Академин члеи
корреспондент волчу Г. И. Ломидзес ше
белхаш тIехь масех меттехь хьахийна Бадуе
СаьИида СССР-ан яздархойн Оргкомитета
хьалхарчу пленумехь дина къамел а, цуьна
«ПетIамат» цIе йолу роман а. Бадуев СаьИ
шен идейни кхетамца, интернационални о
ланца социалистически юкъаралло кхийи
керла стаг хилар билгалдаьккхина цо[2].

Бадуевн ерриге произведенеш а яра ши
чуьнца къийсам а латтош, керла, социалист
чески дахар чIагIдеш, керла стаг кхио
1933 шарахь араелира цуьнан керла поэтич
ски книга «Колхозан иллеш». Цу тIехь авт
ра къастош долу гIуллакхаш дерриш
халкъан дахарера схьаэцна дара. Юьртабах
мехь коллективизаци кхочушъяран хьела
гайтина поэта оцу книги юкъаяханчу проц
веденешкахь. Юьртабахамехь къахьоьгу
волчу стеган психологи хийцаяларан, цу
нан юкъараллин кхетам лакхабаккхар
проблемаш хIиттайо. Бакъду, оцу сборни
тIера цхьайолу стихотворенеш шайца дукх
декларативность йолуш, хIума дийцаран к
пехь язйина, кхайкхамаш алсам болуш
Амма уьш а шайн чулацамца шен хена
оьшуш яра, халкъана юкъахь болх беш яр

[1] *Брежнев Л. И.* Целина. М., 1979, с. 57.

[2] *Ломидзе Г.* Ленинизм и судьбы национальных л
тератур. М., 1972, с. 131.

1933 шарахь «ЦIеран арц — цIиэн гIап» цIе
а йолуш, хаьржинчу произведенийн йоккха
книга араелира Бадуевн. Цу тIехь зорба
тоьхна яра авторан хIиццалц схьа язйинчу
прозаически а, драматургически а, поэтиче-
ски а произведенех тоьлла ерш. Цуьнан цIе
ша-тайпана тиллинера автора: и книга дIа-
йолалуш, хьалхара произведени «ЦIеран
арц» боху повесть яра, книга чекхйолуш
тIаьххьарниг «ЦIиэн гIап» цIе йолу пьеса яра
(хьалхара ши сурт). Бадуевн дукхха а
произведенеш шена тIехь йолу и книга ешар-
хоша Iаламат реза хилла тIеийци-
ра.

Москвахь 1934 шарахь гулъелира Ерригсо-
юзни яздархойн хьалхара съезд. Советски
къаьмнийн литератураш кхиаран гIуллакхаш
дара съездехь дуьйцурш. Оцу съездехь
дакъалоцуш вара нохчийн, гIалгIайн яздар-
хойх 5 векал, царна юкъахь Бадуев СаьИид,
Айсханов Шамсуддин, Музаев Нурдин, Мама-
каев Мохьмад. Нохч-гIалгIайн литературах
лаьцна къамел дира Айсхановс. Шен къаме-
лехь цо билгалдаьккхира Октябрьски револю-
ци хиллачул тIаьхьа вайнехан культура а, ли-
тература а кхио яккхий таронаш кхоллаелла
хилар а, хIинца яздархой шен кепехь къоман
а, чулацамехь социалистически а йолу культу-
ра а, литература а кхолларехьа къийсам лат-
тош хилар а. Къоман яздархойн произведе-
неш ша хьахош, Бадуев СаьИидан кхолларал-
лин лаккхара мах хадийра съездан трибуна
тIера Айсхановс. Къаьсттана сецира иза
«ЦIиэн гIап» пьесн тIехь: «И пьеса хIинцале
Нохч-ГIалгIайн областан шерачу аренгарчу
а, ламанца йолчу а ерриге а ярташкахь а

хIиттийна а, колхозхоша чIогIа магийна ю»[1] — элира цо.

А. М. Горькийн куьйгаллица дIаехьанч Ерригсоюзни яздархойн хьалхарчу съездо гI дира къоман яздархошна дахарехь кхоллалуь долу керланиг хьакъдоллучу исбаьхьаллиг васташкахь гайта, социалистически реализма принципаш караерзо.

Съездан балха тIехь дакъалацар, А. М Горькийн Iаламат чулацамечу къамеле ладо гIар, цуьнца цхьаьна гулвалар, гIарабевл лачу оьрсийн яздархошца уьйраш тасаяла чIогIа пайдехьа хилира Бадуевн кхолларал лин корматалла кхидIа а кхиарехь.

Съезд хиллачул тIаьхьа боккхачу айамц дIахьо Бадуев СаьIида шен кхолларалли болх. Цо язйо масех керла пьеса, дуккха поэтически произведенеш, газеташ тIехь зорб тухуш араюьйлу ахархойх, белхалойх лаьцн йолу очеркаш, дийцарш. Халкъан барта произ веденеш дIаязъярна тIе тидам бохуьйту цо.

1935 шарахь Бадуевс арахийцира «Вай беш» цIе йолу поэтически книга. Цу тIех зорба тоьхначех дуккаха ерш авторан керл произведенеш яра, цаьрца яра Бадуевс мелл а шайна тIехь болх бина йолу халкъан барт произведенеш а. Книги тIерачу.керлачу произ веденешца билгалдолу поэтан лирически тур палхо шен ойланашца, гIиллакхашца кхиан ваьлла стаг хилар. Иза шеко йоцуш вогIу и хаьржинчу новкъа, социалистически дахар дIа хIотторехь даккхий хьуьнарш гойту цо. Цуь нан вахаран Iалашо дерриге а халкъан леха машца цхьаьнайогIуш ю.

[1] *Айсханов Ш.* Хаьржинарш. Грозный. 1964, 11 агIо.

Шайн теманашца тайп-тайпана ю книги тIера стихотворенеш. Керлачу, паргIатчу дахаран сурташ хIиттадо поэта «Вайн беш», «Дуьйлало», «Олхазар дека», «Iуьйре» цIераш йолчу стихотворенешкахь. «Беш», «Олхазаран декар» — хазачу, токхечу дахаран исбаьхьаллин символаш ю поэтан стихашкахь. Йоккхачу поэтически говзаллица дуьйцу автора къинхьегаман адамаша боккхачу лаамца кхуллучу ирсечу дахарх лаьцна.

Белхалойн классан тема ю «Iаьржа деши» бохучу стихотворени тIехь автора айбинарг. ГIалин пейзаж гайтина стихотворени дIайолалуш: «цу лекхчу басешкахь, и пепнаш санна, лаьтта и вышканаш», «Iуьйренца бацалахь бецан тхи санна, Мехкадаьттан тIехь лампанаш го». Амма стихотворенин коьрта турпалхо Даймахкана алссам «Iаьржа деши» даккхарца социалистически пачхьалкх чIагIъеш волу «турпала белхало» ву.

Советски Даймохк, социалистически бахам мостагIчух ларбан оьшуш хилахь, советски халкъо тIамна ондда дуьхьало йийриг хилар билгалдоккхуш ю «Бахам цхьанни а лур бац», «Тухур ю», «ТIом хьебахь» цIераш йолу стихотворенеш. Советски адамашна тIом ца оьшу нехан латтанаш а хьаьшт дац, машаречу къинхьегамехь Даймехкан хьал алсам а доккхуш, паргIат дахар кхуллу цара. Амма мостагI тIе а летта, «нагахь латаза ца довлахь», «оха чIогIа тухур ю», — боху оцу стихотворенийн лирически турпалхочо.

Цу тайппана, вайна гучуйолу «Вайн беш» цIе йолчу поэтически книги тIерачу лирически турпалхочун йоккха патриотизм а, интернационални дог-ойла а, къеггина го иза шен

халкъан а, Даймехкан а тошамен кIант хI
лар.

Бадуевс шен книги юкъаяхийтина йол
халкъан барта поэтически произведенеш (ма
сала: «Ламанан Леча», «Паччахьан заманна
«Безам», «Чеха ма ейша», «Иза хIунда вигн
«Цхьа чIара бу боху», кхиерш а) авторан ори
гинальни произведенешца цхьаьна а йогIуш
оцу книги идейни Iалашо кIаргъеш яра. Цар
на тIехь къеггина билгалдолу паччахьан зама
нахь къехоша лайна Iазап а, ткъа хIинц
къинхьегаман адамаш шайна ирсе даха
кхуллуш хилар а.

Бадуев СаьIидан ерриге кхолларалла па
чахьан Iедале, паччахьан замане болчу цаб
замах юьззина ю.

Жима волуш дуьйна хезнера поэтана «Пач
чахьан заманна» боху халкъан илли. Дукх
дезара цунна иза. Дагах хьаккхалучу поэтиче
ски дешнашца балхабора цу тIехь паччахьа
замане болу адамийн пабезам. Поэтан ойлан
ца догIуш дара оцу иллин маьIна. «Вайн беш
цIе йолчу шен поэтически сборника юкъа да
лийра Бадуевс иза «халкъан иллеш а, эшарш
а». бохучу декъа тIехь. «Паччахьан заманна
цIе йолчу оцу халкъан иллех кхолларалли
пайдаоьцуш язйина поэта шен «Паччахьан за
мане» боху йоккха сихотворени.

Халкъан барта произведенийн сюжетех пай
даоьцуш Бадуевс язйина масех драматургиче
ски произведени а. Царех яра 1936 шарах
театро хIоттийна йолу «ЦаIебийна зуда ялор
боху комеди. Шен хенахь хьовсархоша а. кри
тико а лаккхара мах хадийна и произведени
вайнехан дуьххьарлера музыкальни комед
яра.

Оцу шарахь болх бира Бадуевс шен «ПетIа
мат» драми тIехь а, белхалойн классан темина
язйинчу «Дешин Iам» пьеси тIехь а. Бадуевн
гIаьххьарчу произведенех ю 1937 шарахь язйи
на йолу «ЖаIуьнан доьзал» цIе йолу пьеса а,
цул тIаьхьа язйина йолу «Таймин Бийболт»
боху драма а. Церан тексташ яйна, кароза
ю.

Бадуевс резахуьлий язйора берашна лерина
йолу произведенеш. 1934 шарахь зорбанера
араелира «Берашна совгIат» цIе йолу яздар
хочун книжка. Бос болу сурташ а дохкуш,
чIогIа хаза кечйина книжка яра иза. Цу тIехь
автора бераш ккхета долчу кепехь язйинчу сти
хашкахь дуьйцура паровозах, трактарх, кема
нах, дирижаблах, кхечу оцу хенахь техникехь
керлачу хIуманех лаьцна. Масала, хазчу ба
саршца диллинчу хIордан кеманан сурта кIел
язйина иштта стихаш яра:

Жамалдас дийцира
Кира лелон кема.
Цо цу тIе, бахара,
Тарлур яр рема.

Школехь йоза-дешар а, литература а Iамор
тодарехь а доккха гIуллакх дира Бадуевс, цо
язйира дешаран книжкаш а, школан учебни
каш а.

Яздархочун исбаьхьаллин корматалла зазадоккхуш, кхуьуш йолчу хенахь хедира цуьнан
кхолларалли некъ. Бадуев СаьIид хеназа
кхелхира 1943 шеран 20 декабрехь.

Хан ялархо шен механалла лах ца луш йолу
Бадуев СаьIидан исбаьхьаллин кхолларалла
тахана а гIо деш ю вайна коммунистически
дахарехьа вай бечу сирлачу новкъахь.

III-гIа корта

Бадуев СаьIидан проза. Темаяаш, пасташ, идейш. Яздархочун кхолларалли хатI (стиль)

Къоман литература сиха кхуьуш схьаеан хан ю 20—30 шераш. ХIетахьлерчу литерату рехь коьртанаш поэтически жанраш ларах а, цаьрца цхьаьна кхиъна проза а, драматург а. Оцу шерашкахь яздина ду Сальмурзае Мохьмадан дийцарш; Эльдарханов Iисин, Ше рипов Денильбекан пьесаш; Бадуев СаьIида дийцарш, очеркаш, пьесаш, повесташ, рома Арсанов СаьIид-Бейн дийцарш, «Ши тIаьхье цIе йолу роман; Айсханов Шамсуддинан дий царш, очеркаш, пьесаш; цаьрга терра кхибол чу авторийн прозанчески произведенеш а.

Оцу хенахьлерчу вайнехан литература юьхь еш ерш Бадуев СаьIидан произведенеш хилла, ткъа цуьнан кхолларалле хь тоьлашх ерш прозанчески а, драматургически а произ веденеш ю.

Къоман дахарехь хуьлуш лаьтта баккхи социальни хийцамаш гайта кхачаме яцар еккъа поэтически жанраш, цундела къонач литературехь сиха кхиара проза а, драматург а. 1930 шарахь зорбанера араяьлла шиъ ро ман: Бадуев СаьIидан «ПетIамат» а (дакъа) Арсанов СаьIид-Бейн «Ши тIаьхье» а. ХIетах дуьйна нохчийн литература ерриге а жанраш кахь кхуьуш ю.

Дуьненан уггаре а кхианчу литературашна юккъехь а мехала лоруш йолчу оьрсий

классически а, советски а литературах пайда эца таро хиларо гIо дира нохчийн яздархошна исбаьхьаллин корматалла карадерзо. Шайн чIагIлуш лаьттачу исбаьхьаллин дашца дакъалецира яздархоша социалистически дахарехьа халкъо латтош болчу къийсамехь. В. И. Ленина шен «Партийни организаци а, партийни литература а» цIе йолчу статья тIехь яздина: «Литературни гIуллакх пролетарски гIуллакхан цхьа дакъа ду», — бохуш. Оцу статья тIехь кхидIа а билгалдаьккхина В. И. Ленина социалистически революцис кхоьллина йолчу литературо «миллионаш, масийтта миллионаш къинхьегамхошна»[1] гIуллакх дийриг хилар. Октябро кхоьллина йолу нохчийн литература, ерриге а дуккхакъаьмнийн советски литератураш а санна, шен йолчу таронашца керлачу дахарехьа къийсам латточу халкъаца цхьаьна яра. Советан Iедал дIа а хIоьттина, вайн Даймахкахь социалистически хийцамаш кхочушбечу хенахь къоман литературан идейно-тематически чулацам халкъан бахам социалистически тIегIан тIе баккхаре хьажийна бара. Яздархойн тоьлашха йолчу произведенеша дIаяханчу заманах бухадисинчу зуламечу Iадаташца къийсам латтабора, дешар а, социалистически культура а халкъана юкъа яржайора, керла дахар дIахIотторехь новкъа дерг Iорадоккхура.

Бадуев СаьIидан произведенеш а яра халкъана хьалха лаьтташ долу декхарш кхочушдаре хьажийна, шайн идейно-исбаьхьаллин чулацамца адамийн дог-ойланна алссам тIеIаьткъаш а яра уьш. Массо а жанрашкахь

[1] *Ленин В. И.* Полн. собр. соч., т. 12, с. 104.

язйина произведенеш ю цуьнан кхоллараллехь. Шен хенахьлерчу халкъан дахаран ерриге а агIонаш чулоцу яздархочун исбаьхьаллин произведенеша. Авторан Iалашо яра пачахьан Iазапах паргIатдаьллачу халкъан керла, социалистически дахар дIахIотторехь гIодар, оцу Iалашонца язйина ю цуьнан ерриге а произведенеш. Къаьсттана мехала ю Бадуевн проза. Теманашца а, жанрашца а шуьйра ю цуьнан прозаически произведенеш. Дийцарш, очеркаш, повесташ, романаш («ПетIамат» а, «Дешин Iам» романан кийсиг а) публицистически статьяш ю яздархочун кхоллараллехь. «ЦIеран арц», «Мацалла», «Пхьуьма», цIераш йолчу произведенешца яздархочо гайтира паччахьан заманахь халкъо лайна халонаш, паччахьан Iедало хIиттийначу хьаькамаша а, цаьрца бертахь болчу хьолахоша а къехой Iазапехь бахкор. Къизачу паччахьан заманна наьIалт кхайкхадора автора, нах бацор чIагIдеш хиллачу Iедална дуьхьал йоккхура адамийн ойла. «Бешто», «IПетIамат», «Iадат», «Iимран», «Марха», «ГIурба», дуккха а кхийолчу произведенешкахь а Бадуевс Iорадехира ширчух бухадисина халкъан дахарехь зуламе долу Iадаташ, динан реакционни чулацам а гойтуш цунна дуьхьал къийсам латтийра. Иоккха меттиг дIалоцу Бадуевн кхоллараллехь гражданскин тIеман тематико. Цунна лерина прозехь «БIеде, я бIеннах цхьаъ», «Карбинка» цIераш йолу дийцарш ду авторан. «Трактархо Жуьнид», «Колхозхо Хасиханов Муьсли», «Контрактаци», «ГIуллакхах кхиар» бохучу дийцаршкахь а, очеркашкахь а автора гучуйоху керлачу стеган амалш, социалистически дахар дIахIотторехь керла стаг кхиар гойту. Белхалойн классан тема хIоттийна «Дешин Iам», «Керла нах» цIераш йолчу произведенешкахь. Цу тайпана шуьйра бу Бадуевн прозин чулацам. Лаккахь вай дийцира яздархочун цхьайолчу прозаически произведенех лаьцна, ткъа хIинца Бадуевн уггаре а евзаш йолу «Бешто», «Iадат», «ЦIеран арц» боху произведенеш лерина толлур ю вай. И произведенеш толлуш вай кхиа гIоьртур ду яздархочун исбаьхьаллин корматаллин цхьайолчу агIонех, цуьнан кхоллараллин хотIан мелла а тидам бан хьовсур ду вай.

Яздархочун уггаре а дикачу произведенех цхьаъ ю повесть «Бешто». Иза, автора шадаре ма-дарра, дукха лерина язйина а ю цо. Повесть дIайолаеш Бадуевс яздо: «Дешархо, ас хьоь аьлла дара, тIейогIучу заманчохь айса хьуна кхин а вайн нохчийн бодане Iадатех лаьцна хабарш дуьйцур ду, аьлла. ХIинца со цу хабарех цхьа хабар дийца воллу.

ХIара хабар ас сайн болчу ницкъаца сайн ма-хуьллу кегийра доруш яздина. Айса хьо кху тIехь хьегийр ву а па моьтту суна». Ишта боху автора ша «Бештон» чулацамах а, дIахIоттамах а лаьцна. Паччахьан заманахь ширчу Iадатийн тIеIаткъамаша Iазапехь яллийнчу нохчийн зудчун кхоллам гайтина повесть тIехь. Хьоладайший, моллана-ший боданечу Iадатех пайда а оьцуш, къехой баланехь бахкор къеггина билгалдаьккхина.

«Бешто», шен бараме диллина, йоккха повесть яц, амма цуьнан чулацам хьалхалерачу дахаран кIоргера сурт хIоттош бу.

Яздархочо ша билгал ма-даккхара, дукха лерина хIоттийна ю повестан композици а,

сюжет а. Йоьшуш волчунна произведении ч
лацам алссам тІеІаьткъачу кепара нисбин
автора цуьнан дІахІоттам.

БерхІийтта декъе екъна ю повесть. Из
дІайолало Іаламат холчу хІоьттина, кешний
кертах цкъа цхьана борза тІехІуттуш
шен бала балхош лела, кхетамчохь ву я т
ларчу вахана хаа хала долчу хьоле вирзин
волу Бешто гайтарца. Йоьшуш волчунна чІо
гІа Іаьткъаш сурт ду иза. Стен холчу хІот
тийна техьа Бешто? ХІун ду техьа стаг се
халачу Іазапе вуллуш, цуьнга кхаьчнарг
Мича балано кагвина техьа гІеметтахІоьтти
на волу къонаха, олий, ерриге а ойла повест
тІехь хиндолчунна тІейоьрзу. ТІаккха схьа
даржадо яздархочо Бешто холчу хІоттийн
долу гІуллакхаш.

Повесть тІерачу хиламийн чаккхе ю авто
ра иза дІайолалуш гайтинарг. Цу тайпана
хьалхарчу декъа тІехь дешархочун берриге
тидам произведени тІехь хиндолчу гІул
лакхашна тІе а хьовзабой, кхидІа, шолгІач
декъа тІехь дуьйна, произведении чулаца
мехь долу гІуллакхаш шаьш хиллачу рогІехь
схьагойту.

Повестан дакъош кегий ду, амма цара
хІоранна тІехь а къастош долчу гІуллакхий
кхочушхилла долу сурт хІоттийна. Иштта
кІеззиг меттиг дІалоцуш долчу повеста
шолгІачу декъа тІехь вайна довзуьйту Беш
той, РакаІаттий, церан хьал-дахар, къен хІу
сам. Юьртан йисттехь лаьтташ дара Бешто
гІеран лоха мокха цІенош. Доккхаха долчу
«цІа чохь, мокхачу цІенкъарчу истанга тІехь
мотт а биллина, цомгуш Іуьллуш Бешто
нана РакаІат яра». Шаьшшкъ бен, «кхин дов

залхо а, кхин да а воцуш цхьан шин стаг» ду
и шиъ.

Бештона езаелла хьал долчу нехан йоІ Бу
сана. Кхо шо а ду иза Бусанина тІехьийзаш
волу. Бусанина Бешто а веза. Амма наха
дуьйцу: «Бусанас Бешто лево, иза цуьнга
йогІур яц», — бохуш. Цундела цамгаро лаьц
на Іуьллачу РакаІата сагатдо, цо боху шен
кІанте: «Нагахь йогІур йолуш елахь, и ялаяй
а, кхин ялаяй а, сан бІаьрг хьоьжуш боллу
шехь цхьа зуда ялаехьа. Хьан да дІанккхич
хьана кхин дика суна дайна а дацара. ХІинн
ца, со ялале, хьо вайн цІен тІе воьрзуш гай
тахьа суна».

Нанна муьтІахь ша хиларе терра, РакаІа
тан лаам кхочуш а беш, Бусаница дерг къа
стор ду ша, олий, сацадо Бештос. Кхузахь
дІадуьйлалуш ду повестан коьрта сюжетан
зІе шайх лаьтташ йолу гІуллакхаш.

«Бештон» сюжет, озийна пха санна, юла
елла ю, цхьана а меттехь малъялар доцуш.
Повестан хиламаш шайн кхиарехь гайтина
бу. Произведени тІера хиламаш иштта хадда
за кхуьуш гайтар бахьана долуш яздархочун
таро хилла шен турпалхоша кхочушдеш долу
гІуллакхаш дуьззина гайта а, оцу гІул
лакхашкахула церан амалш ма-ярра гучуяха
а.

Повестан сюжет кхиар керла персонажаш,
керла хиламаш юкъабалор хилла ца Іаш,
персонажийн дог-ойла, амалш, сатийса
маш — ерриге а церан чухуле лерина гучу
яккхар а ду.

Бадуевс сюжет кхоллар ша-тайпа къаста
маш болуш ду. Масала, цо шен турпалхой
Іаламат халачу киртиг тІе хІиттабо, тІаккха

оцу чолхечу хьелашкахь цара лелочуьнц
схьагойту церан амалш. Иштта ю яздархочу
дуккаха йолчу произведенийн сюжеташ (Д
галоцур вай «ГIу», «ПетIамат», «IадатI
«Баудди», «Пхи туьма», дуккха а кхиерш а
Цкъацкъа турпалхочунна тIехIуьттуш дол
хала гIуллакхаш цхьаъ хилла а, шиъ хилла
ца Iа, уьш масех нисло.

Иштта ю «Бешто» повестан сюжет а. Беш
тогIеран уьйтIа а лилхина, Бусанин нах
дов доккху. Хьасана, бе а бехк боцуш, «Беш
тона коьртах шаьлта туьйхира. Бешто, со
чIогIа бIагор беана, хьаьвзаш го а боккхуш
шайн уча аркъал вуьйжира». Чов, цIан а йи
на, дIайихкича, жимма меттавеана Бешто
цомгуш Iуьллучу шен нанна тIе вахара, ам
ма «вуьшта а, цамгаро чIогIа ницкъ бин
кIелйисана йолу РакаIат, шен кIантана
цIеххьана кхайкхина ара а ваькхина, чев
наш яр ла а ца делла», елла хиллера. Бешто
на хиира шен нана еллий, шегахь долчу хьо
ла тIе а холчу хIоьттира иза: «Баба!.. ба
ба!.. — аьлла, Бешто, шен корта а лоцуш
РакаIатана улло вуьйжира. ТIаккха, хьала
а айавелла, шен ненан юьхь тIе куьг а
хьоькхуш, кхо юха а элира: «Баба!.. баба! ах
хIун дин?.. баба! ахь хIун дин? — кхуьна
бIаьргех мела хи хьаьдира, ненан садалар
кхунна шена коьртах хилла чов йицйинера
хIара, цунна улло а воьжна, воьлхуш Iуьллу
ра».

Дукха хан ялале иштта холчу хIоьттина
шен нанна юххехь Iачу Бештона дагатесира
Бусана яло баханчу накъосташна ша бахьа
нехь цхьа бохам хила там бара, аьлла
ТIаккха иза, царна тIаьхьа ваха лерина.

нуьйр а кечйина, божли чу вахара говр ара-
яккха, амма Бештона белла Iуьллуш карийра
шена дукха безаш хилла дин. Цунна «Iаьржа
бIагор беара, и сурт гича», ийза а ца луш,
велха волавелира, чохь елла Iуьллучу шен
нанна а, белла Iуьллучу кху шен динна а».

Шира Iадат бахьана долуш Бештона тIе-
хIуьттуш йолу халонаш цу тIехь а кхача ца
ло. Яздархочо кхин дIа а кIаргдо боданечу
Iадатах долу зулам гайтар.

Шайн дас Бусана жа долчу Мусига маре
лур ю, аьлла, делла дош лардеш, Бусана ше-
на везачу Бештога ца яхийта арабевллачу
цуьнан вежарех цхьаннин, Вахьидан, карах
Бусана ле. Иза яло ваханчу Бетас, Бештона
хилла лаьтта бохамаш а ца хууш, схьадийци-
ра кхуьнга Бусанех хилларг. «Бусана ели-кх
Вахьидан карах», — цо аьлча, и дешнаш ше-
на хеззашехь, «Бештос, буьйдачу дашо да-
гийча санна, шен даг тIе куьг диллира; цуь-
нан бага, цхьаъ ала воллуш санна, гIаьттин-
чохь йисира; иза шершшина утармица охьа-
вахара». Жимма хан яьлча меттавеанчу Беш-
тона Бетех бехк хийтира: «Бета! Хьох эхь
хета суна Бусана йийна аьлча, и ла а ца де-
лла, са даьлча санна, со охьавожарна. Бусанин
ялар ахь соьга хазийча, сан дегIе цхьа лазар
иккхира, хIуъа хаьддехь а, сан кийрара цхьа
хIума а хедира. Суна цкъа а дIа ца даьн до-
лу ан хIоьттина, со цо талхор а ву. Со тел-
хина ваьлла стаг ву. Атта-м ца хIоьттина хьу-
на суна и ан. ЛадогIалахь, Бета!.. Чохь елла
Iуьллуш со вина сан нана ю; сайн велла ваша
санна дукха безна сан дин а божли чохь бел-
ла Iуьллуш бу, сайн сил дукха езна Бусана а
шен вешин карах елла Iуьллуш ю», — аьлла-

чу Бештоп бІаьргех мела, даккхийра, горг
хин тІадамаш луьста эга дуьйладелира».

Бешто декъаза стаг ву, цуьнан докъазалл
иза къен хиларх йоллу. Бешто къен волу де
ла ца йохуьйту цуьнга Бусана. Иза къен а
цхьалха а хиларо маршо ло ХьасангІарна
цуьнан керта а лилхина, Бештона етта а, шай
на луьург цунна тІехь кхолла а.

Хьоладайша къехошкахь латтийна Іаза
къеггина гайтархьама чекхвоху Бадуевс шеи
турпалхо оццул чІогІачу халонех.

Сел ира сюжет авторна оьшу шен персо
нажех дерг ма-хуьллу дика хаа, церан амалш
ма-ярра гучуяха, церан ойланийн кІоргене
кхача.

Бадуевс шен персонажех дерг тар ма-лл
кІоргера довзуьйту, тІехула гуш доцуш, цуь
нан ойланехь, амалехь дерг гучу а доккхуш
«Бешто» повестан доьалгІачу декъа тІехь
Бусанин да Хизар дуьххьара вовзуьйтуш ав
тора хьахадо иза совдегаршца «къаьсттана
чІогІа уьйр» йолуш хилар, Іадат а, дин а ца
дика леладар, шен долахь кІа ору машина а
уй доху чарх а, шиъ хьер а цуьнан хилар
Хизарс йоккхаха йолу ши йоІ хьал долчу на
хе маре а елла, цаьргахула шена шортта ба
хам гулбина. «Хизарин бахам хІетахь дуьйна
тІаьхь-тІаьхьарчу дийнахь айалуш, стамлуш
толуш схьабогІура». Иза а, и санна долу
тІехула гуш дерг а ду вайна юьхьанца Хиза
рех хуург. Цул тІаьхьа Бадуевс толлу Хиза
рин амалш. Повестан хиламашкахь ма-ярра
Іорайоху Хизарин деган къайленаш.

Хаза кхуьуш яра Бусана. Иза дикачу гІил
лакхашца а, куц долуш хиларца а юьйцуш
яра. «Бусанех чІогІа воккхавеш вара Хизар,

иза а цхьана совдегаре дІаниєйийр ю ша
бохуш... ХІара хІумма а шек вацара важа ши
йоІ бахьанехь шен гергарло тасаделлачу сов
дегарел Бусана юьгу ерг шозза а таройолуш
хир ваш аьлла». Цундела аьттехьа а ца дуьту
цо Бусана цуьнан даго хаьржинчу Бештога
маре яхийтар. Нагахь йодахь, юьйр ма ю ша,
олий, чІагІо йо. Хизар шен йоІ ца езаш а, я
цунна вон болх лууш а ваш. Иза ирс долуш
хуьлийла а, дог дика ехийла а лаьа цунна.
Амма ирс долуш хилар Хизарин кхетамехь
алссам хьал долуш хилар ду. «Хьал долуш а
волуш, Бусанина, гІеххьа жима а волуш,
цхьа стаг нислахьара, сан гІуллакх вон хир
дацара... Амма бакъдерг аьлча, хьал алсам
а долуш, динна дика а волуш стаг нислахь,
и къена варий, чолакх варий аьлла ца Іаш,
ас Бусана дІа-м лур ю...» Хизара иза алар
хьама бохуш доцийла хаьа вайна, ткхи эзар
жа шен долахь а долуш кхузткъа шо кхачча
доллуш волчу бІаьрг баьллачу Мусега Буса
на яла цо дош делча. Хизарна, иза еха веан
чу моллина ша къамел деш Іачу хенахь,
дуьхьал-м тосура Бусана, «бІаьргаш а цІий
дина — «иза-х, сан ден да хила а мегар до
луш, воккха стаг ву, цу бІаьрг баьллачу
жІаьле ахь со хІунда ло? Ас айса сайна-м
тухур ю хьуна», — бохуш шийла мохь
хьоькхуш». Делахь а кхин сурт а хІуттура
Хизрина хьалха, цунна хезаш санна хеталора
Мусас дагана там беш шега ден долу къамел:
«Хизар, хІинца дуьйна мах а, кхин долу
гІуллакхаш а цхьаьна лелор ду вайшимма,
кху ткхи эзар жах хьайна луург лан хьуна
бакъо ели ас», — бохуш. Оду сурто Хизар
шегахьа ваьккхира, цо, кхин ойланаш ца еш,

моллина дош делира Бусана Мусега мар
яла. ЙоІана лаар я ца лаар иза Іадатехь т
даме оьцуш а дац, йоьІан кхоллам ден керах
бу. Ткъа да Хизар санна верг хилча, йо
дакъаза йолу. Бусана дакъаза яьлла а ц
йисира, иза, Мусега а ца йоьдуш, шена с
дукха везачу Бештога маре яха гІортарна
йийра. Бусанин ялар шен вешин Вахьида
карах нисделлехь а, иза ейтинарг Хизар х
ларх дика кхета вай.

Произведенин шина декъа тІехь бен Хиза
гайтина а вац, амма цуьнан амалш Іораяха
повесть чекхъяллалц дІахьош ду. Автора из
кхочуш до сюжетан а, композицин а гІирсаш
ца. Повесть тІера берриге а хиламаш автора
идейни Іалашо кхочушъеш йолу персонажа
кІаргъеш, церан амалех кхета гІо деш бу
Иштта, повестан коьртачу сюжетни зІенн
юьстах лаьтташ йолу эпизод — ГІирмасол
тассий, Іаьлбагий БусанагІеран керта йист
охьа а лахвелла, цигаьрканаш а уьйзуш
къамел дар — Хизарин, Мусин васташ кІарг
деш ю. Кхузахь яздархочо хоуьйту Хизаре
а, Мусех а юьртахошна хеташ дерг.

«Бешто» повесть тІера персонажаш цхьа
йолчара вуьйш тІеюзуш а, церан амалш схьа
йостуш а ю. Вахьидан, Хьасанан васташ
Хизарин васт кІаргдо, иза тІедузу. Шайн дз
Бусана Мусега йохуьйтур ю, аьлла, делл
долу дош лардеш, цуьнан лаамаш кхочуш
беш муьлхха а зулам дан кийча ву Вахьид
дий, Хьасанний, дан а до цара зуламаш. Хи
зарин лехамаш кхочушбан гІерташ деш до
чу зуламаша, уьш хьаъа дахь а, Хизари
амалш а кхин дІа а Іорайохуш схьагойту.

Повестан персонажаш цхьайолчара важ

ерш тІеюзуш елахь а, хІоранна шен маьІна а
долуш, повесть тІехь авторан идейни а, исбаьхьаллин а Іалашонаш кхочушъярехь шайн билггал йолу меттиг дІалоцуш ю.

«Кегийра йоруш» язйина ю повесть, цхьа а тайпа совнаха хІуманаш ца хаало цуьнан сюжетехь. Юьхьанца мел ларамаза хеташ долу хІума а шен маьІна долуш карадо повесть тІехь. Бета кІотара Бештона тІаьхьа а вахана, цигара цІа ван и шиъ араваьлча, шен говр яжо йигинчу кІанте, иза говр чехка хаьхкина вогІуш гича, Бештос элира: «Ой, борз, хьешан говр яжо юьгу а олий, хоьхкуш хуьлу ткъа?» — «Со делах волийла ас хІара хехка-м хихкинехь. ХІинца ас юха иззошехьа, ша вадийра-кх хІокхо со», — элира кІанта.

— «Даьлла хьацар-м тера дац, марша Іойла хьо, жима къонаха», — аьлла, шен расхачу дина а ваьлла, Бетина тІаьхьахаьхкира Бештос.

И эпизод автора ша дуьйцург тодархьама юкъаялийнчуха хуьлу вай, цуьнан шен тІаьхье хир ю олий, дага а ца догІу. Амма кхано тІаьхьа, ялхитталгІачу декъа тІехь повесть тІера гІуллакхаш доьрзучу кхаьчча, гучудолу и эпизод юкъаялоран маьІна. Бештона шен дин божали чохь белла Іуьллуш карабо. «И говр, тахана Бешто кІотара вахана волуш цигахь, яжо юьгу а аьлла, чІогІа хехкарна а, цул тІаьхьа, Бештос цу орца кІотарара дуьйна кху шайн цІа кхаччалц хаьхкина ялаярна а, ницкъ чІогІа а хилла, еллера».

Иштта, Бадуевн повесть тІехь мел кІезиг долу хІума а цуьнан идейно-исбаьхьаллин чулацамах доьзна долу цхьа декхарш кхочуш-

деш хуьлу. Кхузахь дагадогIу, нагахь яздар
хочо пенах кхозуш йолу топ гайтинехь, из
яла еза, олуш хилар. Цуьнга терра, цхьа х
лам а, я цхьа хIума а дац «Бешто» повесте
шеца идейин я исбаьхьаллин механалла й
цуш.

«Бешто» сюжет сиха кхуьуш ю. Повеста
хIор дакъа а керла хиламаш гойтуш, кер
исбаьхьаллин сурташ хIиттош, гIуллакхи
кхнар чехка хуьлуш ду. Цундела повес
тIехь дукха дац Iалам гайтар. Амма кIезз
долу и Iаламан сурташ шайн кIорггер
маьIна долуш ду. Дукха хьолахь, автора
безаман шовкъаш шайга йолу турпалхо
гойтучу хенахь дехкина повесть тIехь Iал
ман сурташ. ШолгIачу декъа тIехь Бешт
вайна вовзуьйтуш, цунах дерг дийцале хьа
ха, иштта сурт гойту яздархочо: «Малх, шер
чу арара жима юрт сарралц дешица а кхел
на, хIинца, сарахь, цу юьртана гена йоцч
баьццарчу бархатан регIа тIехь чубузу
лаьттара: цуьнан цIен дарий санна гун го, б
гучу малхе даькхкхина цIен аьнгали сани
лепара. Цо шен лепарца кху юьртан цхь
агIу цIийбинера». Иштта маьлхах дуьззи
долу Iаламан сурт а диллина, тIаккха схь
гайтина вайна Бешто а, цуьнан нана а, цер
хIусам а.

Бусана повесть тIехь, дуьххьара гуч
йоккхуш а, хьалха бIаьста юьртахь еан
суьйренан исбаьхьа сурт а кхоьллина, гайт
йа Бусанин оьзда сибат-амат. ШуьйтталгIа
декъа тIехь Бештой, Бетий Бусанина тIекха
кIотарара цIавар дуьйцуш а даймехкан ар
нийн аьхна Iалам гайтина яздархочо. Цу т
пана, Бештой, Бусанин повесть тIехь га

тар мелла а даймехкан Iалам гайтарца
цхьаьна даладо Бадуевс, церан даймахкаца
йолу уьйр гучуяккха санна. Бешто а, Бусана
а цIена синхаамаш а болуш, беркате дог-ойл
ла а йолуш, даймахках а, къомах а дIанйна
хилар чIагIдо повеста тIехь.

Повеста тIехь къастош долчу гIуллакхийн
го ваьшта кхочу тIаьххьарчу декъа тIехь.
Кхузахь юха а вайна хьалха хIуьтту повесть
дIайолалуш хилла долу сурташ. Амма хIинца
церан кхин маьIна ду: авторан идейин Iалаш
кхин дIа а кIаргъеш, повеста тIера гIуллакхаш дерзадо цара. Зуламан Iадат бахьана долуш шена тIехIиттинчу баланаша гIайгIане латторна телхина волу Бешто кешнашкахь, Бусанин борза тIехь лаьтташ ву. ДегIера гIора дIадаьлла, гIелвелла, охьа ца вожа гIерташ, Бусанин чуьртах куьг дIа а гIортийна, лаьтта иза. Цхьацца сурташ хIуьтту бIаьргашна дуьхьал: «кхунна, цхьана агIор, шена чов хиллачул тIаьхьа елла шен нана дуьхьал туьйсура, вукха агIор, Бусанин ер дуьхьал хIуьттура. ТIаккха кхунна дуьхьал тесна шен елла говр а, цунна тIе а кхетта, шен велхар а, Бусанин ер шена хезча, ша охьавожар а, цул тIаьхьа ша талхар а». ХIокху пхийтта шарахь ша Iазапехь валлийначу гIуллакхийн сурташ ду цунна дуьхьал туьйсурш. ХIинца цара Бештон са а дIадехьира: «Iаьржа бIагор а хьаьвзина, дегIера ницкъ дIа а болуш, Бусанин бацццарчу борза тIе аркъал» охьавуьйжира иза.

Оцу хенахь гена йоццуш йолчу кIотарарчу мяьждигехь делкъа ламазана молла кхайкхира. «Дин чIагIдеш, нохчийн Iадат чIагIдеш

кхойкху и молла Бусанин коша тIехь Iуьлл
чу Бештона ца хезира. Бешто садьлл
Iуьллуш вара, ши ког а, ши куьг а дIаса
тесна». Бодане Iадаташ чIагIдеш болчу хь
лахоша лелийначу зуламечу гIуллакхаш
тIаьххьара а вийра Бешто. Иштта ду повес
тIерачу гIуллакхийн дерзар.

Автора шен повесть чекхйоккху и йоьшу
волчуьнга вистхиларца. Бадуевс боху: «Д
шархо, догIа кху ирчачу балхе ла! Талл
дешархо, хIара гIуллакх, даггара ойла а еш
Яздархо кхойкху адамашка ширчу, боданеч
Iадаташна дуьхьал къийсам латторе, цIенн
царах дIакъастаре.

Адамийн ойла ширчу, зуламечу Iадаташн
дуьхьал якккхар яра авторан Iалашо. И Iал
шо кхочушъяре хьажийна ю повестан комп
зиции а, сюжет а, берриге исбаьхьаллин гIи
саш а. Бодане Iадаташ дIакхоьхьуш болч
ХизаргIарна повеста тIехь дуьхьал лаьтта
ду Бештой, Бусанин.

Автора Бешто вовзуьйтушехьа къасто
билгалдаькхина иза къен стаг хилар. Оцу
нан шен маьIна ду. Бешто къен, миска ст
хиларх дозаделла ду повестан чулацамех
долу дерриге а гIуллакхаш. Нагахь сан
Бешто къен ца хиллехьара, Хизар дуьхьа
хир вацара Бусана цуьнга маре яхийта. Ц
тайпана, Хизарний, Бештоний юккъерч
классови къовсам хилар повестан юьххье
дуьйна а гайтина яздархочо.

Бусана хьалдолчу нехан йоI елахь а, ш
кхетамца а, ойланца а, шен дуьнене хьежа
ца а ХизаргIарначул Бештона юххе ю. Бус
нас стеган мах цуьнан бахаме хьожий ца х
дабо. Цуьнан гIиллакхашка, гIуллакхашк

оьздангалле, цуьнан нахаца йолчу юкъамет-
тиге хьожий лору цо стаг. Шен дас а, ве-
жарша а санна, къоьлла сакхте ца лору Бу-
санас. Цо боху: «Бешто, къен хилар бен, стаг
воцуш а ма вацара, къола деш а ма вацара,
кехатех ловзуш а, молуш а ма вацара. ГIил-
лакх а цуьнца чIогIа ма дара, нахаца тIекаре
а цуьнан чIогIа ма яра. ТIе, нах а безаш, чIо-
гIа догцIена стаг а и ма вара... Ма суна
хьашт дацар-кха цуьнан доцу даьхний, хьал-
лий, и ша сайна хилчхьана. Болх цуьнга ба-
луш бу, соьга а иза балур бара, тхаьшшинна
хаза болх а беш, деха долу тхойшиъ хIунда
ца кхоьтуьйту техьа кхара вовшех?»

Оцу дешнашкахь билгалйолу ерриге а Бу-
сана. Ккузахь Бадуевс шен турпалхочун
амалш цуьнан къамелаца, цо буьйцучу мат-
таца билгалъяьхна. Вайна го Бусана, цIенчу
дагара а йолуш, кIеда-мерза стаг хилар. Ада-
машка дикачу ойланца хьожу иза. Къинхье-
гамна тIера ю Бусана, хьаналчу балхаца
гулдинарг бен, кхин хьал ошуш а яц. Сте-
ган дахарехь уггаре коьртанниг шен къинхье-
гамца иза вехаш хилар ду Бусанина гергахь.
Бештоца шен яхаран ойла еш а, хьанал болх
а беш дехар дара-кх бохург ду цуьнан да-
гахь.

Амма Хизарс минотана а аьттехьа ца дуьту
Бусана Бештога а я и санна кхин волчу къечу
стаге а маре яхийтар. Оцунах дика кхета
Бештой, Бусанин шин а, Бештона шера хаьа,
Бусана цуьнан наха аттачу балхах шега йо-
уьйтур йоцийла. Иза иштта дара аьлла, Беш-
то шен безам тесна буьтур болуш вац. Цо
коьрта лоруш дерг Бусанина шега ян лаар а,

иза ян реза хилар а ду. Цундела Бешто ше
безам ларбеш къийсаме волу.

Бусана а яц, Хизарс а, вежарша а бохучу
на кIел а сецна, шен Бештога болу мерза б
зам Мусин хьолах бухкуьйтур болуш. Бода
нечу Iадатан лехамашца берта гIур йолу
яц иза. Шен синхаамаш а, шен лаамаш
ларбан хуур долуш ю Бусана.

Бадуевс йоккхачу дегайовхонца дуьйцу Б
санин, Бештон вовшашка болчу безамах.
шиъ цхьаьна гойтучу хенахь яздархочо ца
кхоадо сирла, аьхна, хаза басарш. Бусан
Бешто а веана, хин йисте яр Iаламат
баьхьа сурт хIоттош, дагах хьакхалучу аг
гайтина яздархочо: «...Диллина лаьттач
ринжехула, кIайн духар а дуьйхина, Бусан
араелира. Цуьнан пхьаьрсах тесна цIеста
кIудал яра, аьтту буйнахь цIестан чами а б
луш. Бусанас, ша ринжах ара ма-елли, ше
горгачу юьхьа тIера Iаьржа ши бIаьрг д
сахьажийра. Цу бIаьргех буно атта хуур д
ра, цо шен цхьа безам лоьхийла. Бусан
цIеххьана бIаьрг кхийтира юкъ хецна Iаьр
гIовтал а юьйхина, карахь гIама а йолу
вогIучу Бештох. Бешто шена гучуваьлчхьа
хIара дукха везачу цуьнан цкъацкъа елало
кегий цергаш гучуйовлура...»

Бусанига а хьоьжуш, иза тергал а с
воккхавеш санна хетало автор: «Иза экха
дилхахь а йолуш, дегIана лекхо стаг яр
ханна берхIийтта шо хир долуш. Цуьнан с
батах а, иза эсала, дог цIена стаг юй хаара
совнаха, цунна цхьа цатам хиллий хуур да
Цуьнан когарчу баьццарчу кIархаш тIехь
юьйхина ши пошмакх, цо лергех кхозу да
хьалкханаш гойтуш тIехьа дихкинчу бекис

кисин йовлакхца цIиэлла къуьйсуш санна
яра. Цуьнан когара кIайн ши пазат, цуьнан
еха коч санна, кIайн а яцара. Ойла еш еана
ша хийисте кхаьчча, Бусана, шен кIудал охьа
а хIоттош, шена тIекхачча воллучу Бештога
хьаьжира. Кхунна шена болу цатам цIеххьа-
на бицбелира, хIинццалц а шена ма-хетта-
ра, хIинца а Бешто вогIуш хазахетарна. Иза
елакъажарна цуьнан цIечу беснеш тIе ке-
гийра кIаьгнаш хIиттинера».

Шен безаман шовкъаш йолчу турпалхойн
васташ кхуллуш яздархочо къеггина гойту
церан оьздангалла, гIиллакхаш, нахалахь ди-
качу цIарах уьш хилар. Масала, Бешто вуьй-
цуш юх-юха а билгалдаьккхина иза «нахаца
тIекере чIогIа йолуш» а, «хIоранна там бан
хууш» а, «лаца йогIучохь яхь лоцуш а хи-
лар».

Бадуевс лерина тидам тIебохуьйту шен
турпалхойн синхаамаш гайтарна, церан ойла-
нехь хуьлуш болу хийцамаш къеггина гучу-
бахарна. Йоккхачу исбаьхьаллица гайтина
повесть тIехь Бусанас еш йолу гIийла ойла-
наш, цуьнан кийрахь Iадатийн бала Iаткъар,
тIаьххьар а шена ца луучу маре яхар тIе-
дожош долчу Iадатана иза дуьхьалъялар а.

Нагахь Хизарс шен йоккхах йолу ши йоI
«тийжаш йоьлххушехь», царна ца луучу маре
еллехь, Бусанига шена ца луу маре дайта
ницкъ ца кхочу цуьнан. Бусана шен деган
безам ларлур болуш ю: «Со юьйр елахь а,
гIур ма ю со Бештога», — олий, чIагIо йо цо.

Амма Iадат чIогIа ду. ХизаргIарна шайна
тIе доккха эхь догIуш хета Бусана Мусега а
ца йоьдуш, шаьш делла дош доьхча. Вахьида
боху: «Билггал бакъду хьуна, Хьасан, Буса-

на цаьрга яха а ца йоьдуш, цо вай тхов
юьхьІаьржа хІиттадахь, ас и ерал хьал
хІума дийриг цахилар... Айхьа ойла ехьа, Х
зарс делла дош цо дохийча, ен ца йийн
кхин хІун дийр дара.

— Иза бакъду... кхо дуьхьало яхь, на
вайна дуьйцу дерш гуш ду-кха вайна...», -
аьлла, тІечІагІдира Хьасана а.

Билгалдаккха дезаш ду кхузахь Бусан
ний, Бештоний дуьхьал дерг деккъа Іад
хилла Іаш цахилар.

Хизар хьолана сутар стаг ву. Мус
шортта хьал хиларна делла цо Бусана цу
га йохуьйтур ю, аьлла дош а. Ткъа Бусан
ша Мусега гІуриг цахилар дІахайтича, Х
зар шен дашах юха ца волуьйтург, цкъа д
лахь, Іадат дара («Сан дош дохо йиш я
Сан наха юккъехь лела деза»), шолгІа д
лахь, Мусин хьал дара («Хизар... кху п
эзар жах хьайна луург дан хьуна бакъо е
ас»). Бодане Іадаташ чІагІдеш берш хьол
хой хилла. Хьаллий, Іадаттий вовшийн гІо
тораш хуьлий дІахІутту. Бештон, Бусан
кхоллам дакъазбаькхинарг Іадатан а, хь
лан а тІеІаткъамаш хилар чІагІдо автор
Иштта, повесть тІера къовсам социальни б
болуш хилар билгалдолу вайна.

Шена тІехь лелочу харцонна дуьхьал я
Іаламат кхераме дуйла хаьара Бусани
«Юьйр ю-кх со кхара, бежнахчул башха к
ца хеташ», — бохуш, шина а куьйга корт
лоций, ойланаш йора йоІа. Шена тІехь ти
соцуш ю повесть тІехь кІеззиг бен хьахи
йоцу Бусанин нана Аманта. Ширчу Іа
тийн йийсарехь кхиъна ю иза. Амантина к
хета шен йоІах, дас а, вежарша а цу

кхийдош болу некъ ницйа боцийла а хаьа
цунна: «Меллаша ара а яьлла, дехьа чу а
яхана, йоІана хуьлучу ницкъана елха хиира»
иза. Амма даррехь Бусанехьа гІо а лаьцна,
божаршна дуьхьал яла ца хІутту иза.
Дуьхьал яьлча цуьнан шен хІусамах йоха де-
зар дара.

Бусана къаьсташ ю шен ненах а, шайна
ца лууш долу мареш динчу шен йижарех а.
«Хизарс дош-м делла, со гІура-м яц Мусега.
Ас айса-сайна тухур ю, со цуьнга лахь. Со
кху дуьненахь ехар яц, суо къанделлачу гу-
жамана йохкахь», — боху Бусанас. Ша ве-
жарша хьистича а, чехийча а, я шена кхерам
тийсича а, шен ойланех ца юху иза: «Со е! Со
цуьнга ца йоьду!» — иштта бу Бусанин
тІаьххьара сацам.

Йоккха дуьхьало ю Бусанас еш ерг. Цкъа
делахь, шен наха де бохуш тІедожош долу,
цундела Іадатехь а ша дан декхарийлахь йо-
лу маре ца до цо, шолгІа делахь, маггане а
шена ца магош волчу Бештога яхар сацадо
цо. И Іалашо кхочушъян араяьлла йолу Бу-
сана Вахьидан карах ле.

Шен деган безам къевсина, Бусанин ялар
боданечу Іадатана цуьнан дуьхьал ялар
чІагІдеш ду.

Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан драматически
театро «Бешто» повесть тІехь хІоттийнчу
спектаклехь кхоьллина долу Бусанин васт —
оьзда лаамаш а, комаьрша дог-ойла а йолуш,
кхетам кхиана йогІучу нохчийн йоьІан васт
ду. Шен лаамаш кхочушбарехьа болчу хала-
чу къийсаме йолу иза ширчу Іадаташца бе-
хаш болчу шен нахана дуьхьал.

Іадатана а, социальни харцонна а дуьхьал

къийсам латторехь доккха маьIна ду повест
тIехь Бештон вастан а.

Йоьшуш волчунна чIогIа Iаьткъачу агI
гайтина Бадуевс Бештона хилла бохама
Къона, дуьненах сакъералуш, ницкъах вуь
зина волу Бешто «массо а хIуманах д
даьллий, дуьненах чам байний» дIахIоьттир
Наха шена хьераваьлла бохуш дуьйций
шена хиъчхьана ойла йора Бештос: «Вала
ваьлла-кх со хьера; нах а суна ца беза, дуь
а суна ца деза, ваха а суна ца лаьа.
цхьаммо а ца лелориг леладо. Нагахь
хьер ца ваьллехь а, воллуш-м воллу, — олий

Шен турпалхо оццул чIогIачу халон
чекхвохуш, Бадуевн аьтту хуьлу бодане Iад
таш лардеш болчу хьоладайша къехошка
латтийна Iазап къеггина гайта.

Кхин цхьа а тайпа синкъерам бацара Бе
тон. Цуьнан «дерриг а гIуллакх шен нани
Бусаний йолчу кешнашка вахар дара
Пхийтта шарахь, цу тайпана бала а хьегн
оцу кешнашка ваханчохь вала а велира иза

Бадуевс къеггина гойту Бештой, Бусаш
хIаллакдинарг паччахьан заманахь адама
на юккъехь лаьттина социальни харцо хил
а, и харцо дIакхоьхьуш болчара чIагIде
хилла Iадаташ хилар а.

Оцу адамаш Iазапехь дахкош хиллачу
ламечу Iадаташна дуьхьал къийсам латт
ю Бадуевн «Бешто» цIе йолу повесть. Тах
лера вайн спрла дахар Бадуевс шен повес
тIехь гайтинчух тера дац. Социалистичес
хийцамаша тодина халкъан дахар. Дерриг
адамаш цхьа бакъонаш йолуш, йоккхачу п
гIатонехь дехаш ду вайн снйлахьчу Совет
даймахкахь. Вайнехан кегийрхой, ша

хаьржина болх а беш, шайна луъучохь деша
а доьшуш, шайн даго хаьржинчу безамах
марзо а оьцуш, бехаш бу. Делахь а, наггахь
нисло вайна юкъахь ширчух бухадисинчу бо-
данечу Iадатех хIинца а, цIенна дIакъастаза
болу нах. Цундела, наггахь бен дацахь а,
хаало шена ца луучу зуда маре ялар а, там
баккхар а, динан тIеIаткъамаш хиларх доза-
делла долу а гIуллакхаш а. И санна долчу
вайн дахарехь новкъарло счу гIуллакхашна
дуьхьал къийсам латторехь тахана а доккха
маьIна долуш ю Бадуевн повесть. «Бештон»
идейни чулацам халкъо коммунистически
кханенга бечу спрлачу новкъахь нислучу
ширчух бухадисинчуьнца луьра къийсам лат-
то а, цунах цIенна дIакъаста а гIо деш бу.

Йоккхачу нсбаьхьаллица язйинна ю повесть.
ЧIогIа лерина хIоттийна цуьнан сюжет а,
композици а, Нсбаьхьаллин васташ ницкъах
дуьззина, персонажийн социальни тIетовжа-
маш а, церан хIораннан гIиллакх-амалш а
къастош билгалйохуш ду. Турпалхойн ва-
сташ кхоллар а, хьалхалерчу дахаран ма-
дарра нийса сурт хIоттор а йоккхачу корма-
таллица кхочушдина яздархочо: Произведе-
ний чулацам шена хьакъйоллучу нсбаьхьал-
лин форме берзийна. Говза, повесть еша дог-
доуьйтуш бу автора мотт. Оцу дерригено а
лаккхара идейно-нсбаьхьаллин мах хадабой-
ту Бадуевн «Бешто» цIе йолчу повестан. Иза
вайнехан литературехь цкъа а йиц ца лун
йолчу произведенех ю.

Яздархочун тоьллачу произведенех ду «Iа-
дат» боху дийцар. Оцу дийцаран текстан
юххера тидам а беш хьовсур вай цуьнан
цхьайолчу башхаллашка.

Дийцаран юьххьехь дуьйна, цуьнан хьа
харчу предложенница, дIабуьйлалуш бу пр
изведенин коьрта маьIна шайца билгалдолу
болу хиламаш: «Iуьйранна, цхьа а адам ме
тахъхьале, Шуьйта боьдучу новкъа Орган
чIож чу цхьа говр-ворда юьйлира». Арс
накъий, Бикатуй кадаме доьдуш дара. Цар
дагахь а дацара шайна новкъахь пизаре б
хам хир бу, аьлла. Ламанан новкъа паргI
йоьдучу ворданахь Iаш кху шимма еш йо
ойланаш а кхечух лаьцна яра. Дукха хаз
Iаламан сурт хIоттадо яздархочо дийцар дI
долалуш. Массо а басарица лепаш, зевне
аьзнашца декаш ду автора гайтина Iалам.

Исбаьхьа ду Iалам, аьхналла ю цуьнг
Шен эшшарехь, шен рожехь ду Iаламехь де
риге а. Адамийн дахарехь а хила догIу
ништта, бохуш санна хета автора. Вуьш
кхин цхьа хIума а ду оцу исбаьхьаллин суь
техь хаалуш. Юьхьанца дукха хаза схьагу
йолу Iаламан аьхналла йохош санна хета
«тIулгийн бердаша шайн шийлачу мар
къуьйлуш долчу Органан шийла мохь буь
луш «нахана шен цхьа гIайгIа-бала балхо
санна» иза «цIийзаш» гайтаро. Яздархоч
исбаьхьаллин деталь ю иза. Дийцар тIе
хийолчу трагедийна дешархо мелла а ко
вира Iалашо а йолуш.

Арснакъий, Бикатуй шаьшшиннан ойлан
а еш схьаоьхура бехачу новкъа гIийлачу
ларахь йогIучу говр-ворданахь. Арснакъ
«шаьш хIинца велла аьлла хезна, када доь
хучу, жимчохь шеца кхиийчу, шен доттаг
чун ойла йора». Бикатун ойланаш гуттара
шен майрачух, цIахь висийчу Iусамех ла
на яра. Кхо бутт хьалха ша маре еана Iуса

вара Бикатуна дагахь воллург, цунна чу са-
диллина яра иза. Iусама ойланашка вахана,
гIийла хилча, цунна сагатдора Бикатус, хIун
сингаттам бу техьа цунна берг, стен йоу техьа
цуьнан ойла, бохуш. ХIуъа тIехIоьттича а,
Iусамин гIайгIа-бала цуьнца бекъа кийча
яра Бикату. Iусама а вара Бикатуца иштт-
та дика а, иза чIогIа езаш а. Ша иза ялаяле
цо олура: «Бикату!.. Хьо соьга еача, хIокху
доккхачу дуьненахь цхьа а гIайгIа хир яца-
ра суна...» Амма тахана гIайгIане вара Iу-
сама, цунна шена а ца хаьара, «шена хIун
сингаттам бу, сел чIогIа шен са хIунда хьий-
за». Шина-кхаа дийнахь кадаме вахар саций-
на волу Iусама, дукха сабIарздаларна цIахь
кхин Iа а ца велла, тахханехь кадаме ваха
новкъа велира АрснакъагIарна тIаьххье.
Дукха хан ялале царна дикка тIаьхьа а кхин-
ра иза. Цунах бIаьргкхетча, Бикату кхин а
чIогIа сингаттаме хилира, цIахь сецца волу
Iусама хIинца араваларан хIун бахьана ду
техьа, аьлла. Iусамех тасалуш дерг дерриге
а, мел иза жима делахь а, доккха делахь а,
дагах хьакхалора Бикатуна, «хIинца иза ара-
валарх чIогIа сингаттам баьллачу Бикатус,
ворданна хьалха Iачу Арснакъина цахозъый-
туш, шен некха тIе шен жима куьг а дуьллий,
наггахь доккха садоккхура». Автора алссам
гайтина Бикатун, Iусамин ойланаш, цаьрца
билгалбаькхина цу шинан вовшашка болу
бовха безам. Церан безам чIогIа хилар гай-
тар автора идейни Iалашо кIаргъеш ду, иза
гучудолу вайна дийцар тIехь кхин дIа а бол-
чу хиламашкахь.

Бадуевс шен дийцар тIехь дуьххьал дIа
шира Iадат Iорадаькхина ца Iаш, паччахьан

Iедалхойн къехошца хилла юкъаметт
маьршачу адамашна царех зулам далар га
тина. Оцу маьIнехь ойла йойтуш ю йоккха
исбаьхьаллица автора кхоьллина йолу бех
эпсарш АрснакъагIарна дуьхьал кхетар
эпизод.

Вочу гIовгIанца дуьхьал догIу дур а, да
лачу герзан тата а хезна, Арснакъас нацкъ
а яьккхина шайн ворда сацийра, дуьхьал й
гIург дIаяхийта. Бехначу эпсарийн тачан
хиллера йоккхачу гIовгIанца хаьхкина й
гIург. Шайн кIиранденна сакъера арабевл
Чахкара боьлхуш бара уьш. Паччахьан э
сарш гайтаран шен башхаллаш ю дийц
тIехь. Яздархочун цаьрга шовкъ цахилар у
цо хьахошшехь дуьйна а билгалдолу вайн
Цара, нах цец а бохуш, чехка хаьхкина т
чанка, бахьана доцуш герзаш кхуьйсу, т
боцуш бехна бу. Церан сибат-амат а, куц-к
а уьш мелла а лахбечу кепехь гайтина авт
ра: ирча хаьхкина йогIучу тачанки тIера
шина эпсарх жимахверг «хьаьрса кIужал
оллийна, куйна лаба агIор а яхна, сихйи
йир бохуш» вара, ткъа важа а шен дакк
мекхаш а дина, «кехатан пондар санна лат
ра хебначу шен лепачу эткийн буьхьигаш
детташ», багахь йиш лоькхуш Iара. Амма
эпсарех къаставо Бадуевс тачанки хьат
Iаш волу денщик. Цунах автораи догло
Иза хаало хIокху дешнашкахь а: «Денщ
шен лаамца ца лоьхкура говраш, иза тIе
Iачу эпсарша, «лалла!» — бохуш, салаIа
вуьтура». «Цунна говраша чIогIа никкъ
ра, — цуьнан сийна бIаьргаш схьаделха с
на, тIедаьхкинера, шаьш доьлху некъ терг
беш». Эпсаро олура кест-кестта, шен кар

чу ворхIазза йолучу тайчин юьхьиг денщи-
кан, хьацар дийларна айра боьллачу букъах
а Iуттий, шен корта цхьана агIор а кхус-
сий. — «Митрофан!.. дIалалла!.. хьоьга бохий
дIалалла?.. «Автора иштта гайтарца вайна
билгалдолу денщик Митрофан шена юххехь
Iачу эпсаршначул АрснакъагIарна герга хи-
лар. Вай тошна ду Митрофан шен дог-ойлан-
ца АрснакъагIаьргахьа хиларх. Уьш цхьана
социальни тобанах бу. Шина эпсаро а, схьа-
хетарехь, иштта лору иза. Денщикана вор-
хIазза йолу тапча ша букъах Iуьттучу хенахь
иза яьлча а бен хетар дацара паччахьан эп-
сарна, ша АрснакъагIар бердах кхийсача а
бен ма ца хеттара.

Стаг веллачу, нахе деанчу вонан дакъала-
ца боьлхуш болчу АрснакъагIарна шайн
амалшца дуьхьал лаьтташ бу бехна маьтта-
за бевлла, адамашна зулам дарца шайн са-
мукъадоккхуш болу паччахьан эпсарш. Иза
говза гайтина дийцар тIехь. «Тачанкина тIе-
рачу жимчу эпсаро, шен АрснакъагIарах
бIаьрг кхетча, развьялла цкъа дика кхаьрга
а хьаьжна, шен йир чIагIйира. ТIаккха шаьш
АрснакъагIарна уллохьа кхача доьлча — Ку-
нак! Ва кунак! Шун наха сакъоьруч заман-
чохь герз кхуссу, тхо а ду сакъоьруш, оха а
кхуссу герз, — аьлла АрснакъагIеран говран
беа кога юккъе тапча а тоьхна, чIогIа вела а
велла, аркъал вахара». Кхузахь юьхьанца
воккхачу стаге хаза вистхуьлчуха хуьлу эп-
сар, амма тIаьхьа ша бохург цавашарца дуй-
ла хоуьйтуш цуьнан говран когаш юккъе
тапча туху цо. Эпсарна гора, шайна нацкъар
а яьккхина, Iинан йисттехь лаьтташ йолу
ворда, ша тапча кхоьссича, цу тIехь Iачу ада-

машцанна иза Iинах яхарна кхерам буйла ца хаа йиш яцара цунна. Амма эпсарийн ба ла бац оцу адамашца, уьш юха а ца хьаьвс ра, шаьш говр а къахкийна Бикатуй, Ар накъий Iинах кхоьссича.

Iусамина ша тIекхнача гира Арснакъа кх рам болуш цахилар а, «лаьттах когаш а гIе тош, схьалаца кара хIума ца йогIуш баса тийсалуш йоллу Бикату» а. Шен Iусам бIаьрг кхетча, цо меллаша элира: «ХIей! ч южу хьуна, валахьа чехка со дIалацийл» самас, тIе а вахана, Бикату, ши куьг а лаь на, хьала озийра, амма ларамаза схьахь жавеллачу Арснакъин шех бIаьрг кхеташ г ра цунна. ТIаккха воьхначу Iусамас «ц хьала яьккхина воллуш йолу Бикату дIахи цира. «Вай дели!» — аьлла, луьрчу маьхьа ца Бикату Iинах чу керчира». ТIаккха бо яздархочо: «Арснакъина ша, цуьнан зу хьала йоккхуш гарна, Iусама эхьан берд ш на тIехаьрцича санна, хебаш, теIаш новк охьахьаьдира». Автор Iусамина реза цахил хаало оцу дешнашца. КхидIа Iусама бех вар тIаьхь-тIаьхьа алсамдоккху Бадуе Iусамас дIахецна Бикату «кIоргачу Iин буьрка санна» чу керчира, амма цуьн цIехьана аьтто белира, цхьана жимчу к лах а тасаелла, саца. «Бикатус и кол, кI цалш ира хиларе ца хьоьжуш, чIогIа лаьц ра, цуьнан куьйгаш мелчу цIех дуьзне цо — ва!.. Ва!.. со хIаллакьхуьлу шуна! бохуш шийла мохь хьоькхура, цуьнан цк цIнэ лаьттанчу беснешна тIехула гор даккхийра хин тIадамаш керчира». Ишт холчухIоьттина йоллу Бикату а гайтин тIаккха боху автора: «...чехкачу болар

охьавоьдучу Iусамина «шина шарахь тIе а хьийзина, къаьхьачу девнаца ялийна дела, шен зуда кIелхьара йоккхуш воллура иза, шен да а волчохь, хьай эхь!.. хьай эхь»! — бохуш шена маьI-маьIера тIе пIелгаш хьежош санна хетара.

Iаьржа хьаннаш кIайн хеталуш, кIайн стигланаш Iаьржа хеталуш, корта хьаьвзина воьду Iусама...»

Арснакъас мохь тоьхна, Бикатуна гIо дайта юхаверзира Iусама, амма иза тIе а кхиана, хьалаяккха кхиале Бикату Iинах чу а яхана, хIаллакьхилира. Бадуевс дагана Iаьткъачу кепара ирча сурт хIоттадо Бикату холчухIоттаран а, иза тIаьххьаре а, Iин чу а йоьжна, хIаллакьхиларан а. Авторан идейни Iалашо кхочушъеш ду иза. Шена Iаламат дукха езаш йолу Бикату оццул чIогIа холчухIоьттича а, цунна гIо дан ца хIутту Iусама шира Iадат бахьанехь.

Дийцар тIехь гайтина Iусама воьхна хилар а, цуьнан Iаламат чIогIа холчухIоттар а. Амма оцо а Iусамина Iадатан ницкъ Iаткъар алсам хилар гойту. Оццул чIогIа Iадато ша холчухIоттийча а, цунна дуьхьал вала ца хIутту иза.

Шира Iадаташ ду адамашна тIехь боккха ницкъ болуш, царех инзаре зуламаш довлу, цундела царна дуьхьал луьра къийсам латто беза — иштта ду дийцаран идейни маьIна.

Бадуев СаьIид дукхаха йолчу шен произведенешкахь, царна тIера хиламаш чекхбевлча, дешархошка довхачу дешнашца вистхуьлу. Дешархочуьнца юххера долчу къамелехь дагаволу иза ша произведени



Бадуев СаьIид-Салихь Сулейманович

тIехь гайтинчу гIуллакхех. Иштта ду «Iадат цIе йолчу дийцар тIехь а. Шен дийцар чехк долуш ритерически хаттарш хIиттадо яздар хочо, цара авторан ойла къеггина гучу а йоккхуш дийцаран маьIна кхин а кIаргдо ТIаккха даггара долчу дешнашца дешархо чуьнга вистхуьлу автор, иза а шеца кхиэл озош: «Дешархо! Хеназа, къиза, бехк, гуь

нахь доцуш, дуьххьал дIа вайи нохчийн бодане Iадат бахьанехь хIаллакьхиллачу Бикатун сурт дуьхьал хIуьттуш, Бикатус лекхачу бердах йоллучу жимчу куллах, мелчу цIех куьйгаш а дуьзна, ша кхозуш, тIехь лаьттачу Iусамега: «Ахь со чу хIунда хийцира?» — алар дагаоьхуш, и дага мел ихи, легашна хорам хуьлуш, соьга кхин цунах лаьцна хIумма а ца дийцало. Дешархо! Ахь суна бехк а ма билла, сан дехар ду хьоьга кху гIуллакхан айхьа кхиэл яр. Сан дехар ду хьоьга хIара гIуллакх айхьа таллар».

Цу тайпана, дийцаран тIеIаткъам алсам а боккхуш, дешархочуьнца юххера уьйр тосу автора, бодане Iадаташ Iорадахарехь иза шена декъашхо а лоцуш, цунна тIедуьллу кхидIа а оцу зуламе Iадаташца къийсам латтор.

Паччахьан заманахь къехоша лайна Iазап гойтуш дуккха а произведенеш язйина Бадуев СаьIида. Царах ю 1929 шарахь зорбанера араяьлла «ЦIеран арц» цIе йолу повесть. Нагахь санна, «Бешто» повеста тIехь яздархочо коьрта тидам хьалхалерчу нохчийн юьртара социальни хьелаш гайтарна, хьолахоша, боданечу Iадатех пайда а оьцуш, къехой хьийзабар гайтарна тIебахийтанехь, «ЦIеран арц» цIе йолчу повеста тIехь авторан Iалашо паччахьан Iедало, и Iедал дIакхехьа хIиттийна болчу хьаькамаша а, церан хьадалчаш хилла леллачу цхьаболчу вайнаха а нохчийн къехошкахь латтийна Iазап гайтар яра. «ЦIеран арц» повеста тIехь Бадуевс гайтина паччахьан Iедалан тIеIаткъамо къинхьегаман халкъ доккхачу таIзарехь латтийна хилар. Нохчийчохь паччахьан олалла дIакхоьхьуш

хиллачу хьаькамаша мискачу нахана тIехь лелийна къиза а, дукха ирча а гIуллакхаш Iорадоху повеста тIехь. Исбаьхьаллин баса саршца къеггина гайтина, цхьана агIор паччахьан олалла чIагIдеш болчу хьаькамаша а, вукха агIор вайнахах схьабевллачу хьоладайша а халкъ халчу балехь даллор. Кулдевичана нахана ницкъаш бан гIо дарца шайна хьал гулдеш болчу Мирзин, Элбертан васташца билгалдолу нохчийн къехой шайн къомах болчу хьоладайша а бацийна хилар Кулдевича а, цунна тIаьхьа бозучара а Хонмурде а, цуьнан доьзалшка а хIоттийна декъаза хьал гайтарца Бадуевс билгалдаьккхина Октябрьски революци хилале йолчу хенахь нохчийн халкъо текхна шалха Iазап.

«ЦIеран арц» цIе йолу повесть шина декъах а, эпилогах а лаьтташ ю. Хьалхара дакъа жима ду. Цу тIехь яздархочо коьрта персонажаш а йовзуьйту, гIуллакхийн долор кхочуш а до. Шена тIехь тидам соцуш ду оцу доццачу декъа тIехь автора Кулдевичан, Мирзин, Элбертан къеггина долу сибат-аматаш гайтина хилар а, Хонмурдан кхоччуш лара мегар долу васт кхоьллина хилар а.

Повестан шолгIа дакъа хьалхарчул дуккха а доккха ду. Кхузахь автора керла турпалхой юкъа а балабо, повесть тIехь къасточу гIуллакхийн кхиар а, дерзор а кхочуш а до. Хонмурдан къен хIусам а, цуьнан доьзалш а бовзуьйту. Кулдевичан а, цуьнан гIоьнчийн а васташ кIаргдо. Авторан идейни Iалашо кхочушъеш ду шолгIа дакъа чекхдолуш орца тIе гулбеллачу баккхийчу нехан тоба гайтар а, царна моллас деш долу хьехар а.

Эпилога тIехь хаийтина, повестан чулацамера гIуллакхаш дирзинчул тIаьхьа, «ЦIеран арцах» хилларг а, цул тIаьхьалерачу Мирзин дахарх лаьцна а.

«ЦIеран арц», Бадуевн дуккхах йолу произведенеш а санна, шен чулацамехь долу гIуллакхаш сиха кхуьуш а, ира сюжет йолуш а ю. Персонажийн васташ хIораннан а шен къастамаш болуш а, повестан идейни маьIна кхочушдарехь хIор васт а шен билггал йолу меттиг дIалоцуш а ду.

Повестан чулацам, цуьнан идейни маьIна къеггина билгалдолу персонажийн васташ теллича.

«ЦIеран арц» повестан ерриге персонажаш шина тобане екъалуш ю. Цхьа тоба — къинхьегаман халкъан векалш: Хонмурд, цуьнан доьзал, ши обарг, пурстоп волчу баьхкина, цо тIе ца буьтуш Iеш болу баккхий нах. Важа тоба — паччахьан Iедалан векал Кулдевич а, цуьнан гIоьнчий хилла дIахIиттина Мирза а, Элберт а, цара лелош долу зуламе гIуллакхаш дIадерзош а, къобал деш а волу молла а.

«Бешто» повестан персонажийн дахарх мелла а алсамо мур гайтинера автора. Масала, Хизарех лаьцна повестан хиламашкахь билгалдолучул совнаха ханйтинера, иза хьалха къен хилла хилар а, ткъа цо шен йоккхаха йолу ши йоI, дуккха а там боккхуш, хьал долчу нахе маре еллачул тIаьхьа цуьнан бахам болабелла хилар а. Иза оьшуш дара, Хизарин амалш ма-ярра гучу а йохуш, цуьнан дуьззина васт кхоллархьама. «ЦIеран арц» повеста тIехь Кулдевич вайна вовзале хьалха цуьнан хиллачу дахарх лаьцна хIум-

ма а ца хаийтина яздархочо. Амма иза ца хаийтинера аьлла, повеста тIехь вайна хьалха хIуттуш долу Кулдевичан васт шеца цхьа, а тайна эшам болуш дац. ХIунда аьлча, Кулдевичан ерриге амалш а, ойланаш а повеста тIехь цо кхочушдеш вайна гайтинчу гIуллакхашкахь яздархочо къеггина гучуйохуш хиларна.

«ЦIеран арц» повесть дIайолало Кулдевичан оьгIазе юьхь-сибат гайтарца: «ЧIогIа оьгIазвахна, цергашца лахара балда а лаьцна... чухула дIасалелаш вара нохчийн участкан пурстоп Кулдевич... Цуьнан, тIехь хIилла гучу горга, буьрсачу юьхьа тIера маж яьшна яра, Iаьржачу мекхаша даккхийчу куьйгашна сингаттам баькхкинера. Цуьнан ира ал ши бIаьрг чехка лелара чухула дIаса, цхьа хIума лоьхуш санна». Повесть йоьшуш волчуьнан Кулдевиче цхьа цуьрриг а безам бахарна кхоьруш санна, юьххьехь дуьйна а лахдеш гойту автора цуьнан сибат-аматаш: «Кулдевич, цигаьрка а латийна, иза цергашца вон Iийша а Iуьйшуш,... стоьла тIе тевжира, бухIано санна, бIаьргаш а къерзош». Кхечухьа боху автора: «...кхин къарза йиш йоцуш сел чIогIа къаьрзина Кулдевичан юьхь». Иштта повеста тIехь Кулдевич гучуволлушехьа билгалдолу вайна автор цуьнга шовкъ йоцуш хилар. Оцуьнан бахьана повестан сюжетехь гучудолу вайна, Кулдевичан гIуллакхаш яздархочо схьадаржадаре терра.

Бадуевс Кулдевичан амалш теллина цуьнан нахаца йолу юкъаметтигаш тергалъярца. Нохчийн йоккхачу юьртарчу участкан управленехь го вайна Кулдевич. Кхунна тIе цхьаца гIуллакхаш дахьаш баьхкина бачкхий нах

бу сени чохь Iаш, шаьш тIеэцаре сатуьйсуш. НеIарехь лаьттачу стражнико цаьрга аьлла: «Пурстоп оьгIазвахна ву, и ваставаллалц собарде». Стражнико аьлларг, пурстоп мукъа вац, кху сохьта сихо болх бу цуьнан, жимма иза паргIат валлалц собарде, бохург а дац. Iуьйранна дуьйна баьхкина болу «хIара къена нах, пенех теIаш, цIенкъа а хевшина, юкъа-юкъа шайн Iасанашна тIе а теIаш, нагахь вовшийн лерс а боьлхий, меллаша вовшашка бист а хуьлуш», Iаш бара. Иштта хала Iаш болу и гIийла, баккхий нах, оьгIазваханчуьра пурстоп меттаваре хьежа дезаш бу. Доцца аьллачу «пурстоп оьгIазвахна ву, и ваставаллалц собарде» бохучу дешнашца Кулдевичан амалех дуккха а дерг гайтина Бадуевс.

Кулдевич оьгIазвахна хиларх цунна тIебоьдуш болу некъ массарна а бац бихкина. Юьртара совдегар Мирза, кху баккхийчу нахана юккъехула а ваьлла, «шен цIерачу сов цIачу воьдуш санна, шен чубахна гун ши бIаьрг чехка а бетташ, пурстоп волчу» чуиккхира. Юьрта яхьаш йолу банк лачкъорап гIуллакх Кулдевичаца хьалххе дуьйна а дуьйцуш вара иза. Цу шиннан барт хиллачух тера ду. Мирза, там хилла, «шен шуьйра бат ела а къажош, яккхий цергаш гучу а йохуш», пурстоп волчуьра араваларехь. Мирза санна болу нах Кулдевичана оьшуш бу: цара кхобуш а, дIакхоьхьуш а ву иза. «Мирза араваьлча, Кулдевича, оьзна яьлла цигаьрка чим чутосурга а тесна, цу кIелхьара итт туьманан кехат чехкка схьа а эцна, кисана диллира».

Кулдевичан мискачу нахаца йолу юкъаметтиг къеггина билгалйоккху яздархочо

Хонмурде а, цуьнан доьзалшка а цо хIоттийнарг гойтуш. Хонмурд волчохь буьйса йоккхуш обаргаш севцина, уьш леций схьабалабе, аьлла, бахкийтинчу стражникаша, обаргаш кара а ца бина, Хонмурд валийра Кулдевичана тIе. Iаламат вон чехаво иза Кулдевича, хьо волчу биссина обаргаш мичхьа бу схьадийца, бохуш. Мискачу ахархочунна ца хаьа ша волчу баьхкинарш обаргаш хиллий а я хIинца уьш мичхьа бу а. Амма Кулдевич шечунна тIера юха ца волу, шен акхаройн амале дирзина долу дог Iабо деза цуьнан. Хонмурдера шена цхьа а пайдехьа дош ца долийла хинча, «сволочи!.. звери...» — бохуш, кор цIенкъа бетташ лаьттачу Кулдевича, цIеххьана стоьла тIехь Iуьллучу шедах бIаьрг кхетча, балдех церг а юллуш, катоьхна и схьа а эцна, корта а оллийна, тайп-тайпана бос хийцалуш лаьттачу Хонмурдан баьшначу коьртах «зверь! — аьлла, чохь тата а доккхуш, и шед туьйхира». ЧIогIа лазийначу Хонмурда Элберте дийхира: «Элберт!.. Элберт!.. ГIийла стаг вар-кх со, алахьа кхуьнга, суна хIара ницкъ ма бе, сан бехк ца хилча мукъана а, дехьа сан гIо, гечде алахьа суна, аьлла Элбертана хьаставелира». Амма Элбертан дагах ц хьакхаделира оцу холчухIоьттинчу мисканан гIийла дехар. Кулдевича къехошна тIехь лелош йолу харцонаш кхочушъеш, цуьнан йовсар а хилла, лелаш вара пурстоьпан гIоьнча волу Элберт. Шен къизаллица Кулдевичаца къовсалур волуш вара иза, Хонмурдехьа ц гIо доккхург хилар аьттехьа а дацара. «Ах хIун дей, бакъдерг дийца ахь, тIаккха хIумм а хир дац хьуна!.. Эхь ду хьуна харцдерг

дийцар; хьох воккха стаг ву, 40—60 шо а хир долуш», — аьлла, тIечевхира Элберт. Кулдевична а, Элбертана а шайна хьалха лаьттачу мискано дуьйцург бакъ ца хета, шаьш цкъа а бакъдерг дуьйцуш а, бакъо лелош а цахиларна, массо стаг а, шаьш санна, харцонна араваьлла ву моьтту царна. Хонмурд гIийла нохчийн ахархо ву, харцдолчуьнца гIуллакх а доцуш. «ХIун дуьйцур ду ас?.. Сан-м даций дийца хIумма а, суна-м ца хаьий царах хIумма а, ша айса, цара меца ду аьлча, вай мостагIчунна а лун сискал ялар доцург!..» — боху дог цIенчу Хонмурда.

Бадуевс басарш ца кхоош гойту адамийн гIиллакхех воьхначу Кулдевичан къизалла. Хонмурда Элберте бохучух кхетча кхин а тIе оьгIазвахара Кулдевич: «Ас Iамор ду хьуна аьшпаш битта!.. Экха! — аьлла, юха а хIара шена тIехьаьдча, цхьана куьйга корта а лаьцна лаьтта Хонмурд: «Не надо!.. не надо! — аьлла, Кулдевичана хьалха цIенкъа бертал вуьйжира.

Кулдевичан аьтту хилира и бертал вожарх. Цо ехха шед йиттира Хонмурдана коьртах, тIера бахтар хаддалц. ТIаккха, берзана шедан кхаж цуьнан коьртах а тоьхна, цу тIе, Iуьллучу цуьнан вортанах кхузза мийра а тоьхна, — дIайига хIара боьха хIума! — аьлла, Элберте вист а хилла, — Ас Iамор ду шу, акхарой! — бохуш, верриге а макх а велла, чухула дIасалела велира».

Бадуевс Кулдевичан вочу амалех лаьцна дукха дестийна дуьйцу. Ткъа оцу гIуллакхо автор шен персонаже безам боцуш хилар къеггина билгалдоккху.

Воних дестийна гайтаро, иза Iорадоккхуш,

дешархочун ойла цунна дуьхьал йоккху. Бадуевс шен произведенешкахь хIума дестийна гайтар, иза снйсаздар, цунна дуьхьал къийсам латтор ду, иза эшийна дIадаккха дезаш хилар чIагIдар ду. Цул совнаха, хIума исбаьхьаллица дестийна гайтар Бадуевн кхолларалли тIан башхалла ю. Яздархочо ша дуьхьал къийсам латтош долу хIума эша а дой, дIадоккху иза дестийна гайтарца. Шен дукхах йолчу произведенешкахь Iаламат говза пайдаоьцу Бадуевс оцу исбаьхьаллин гIирсах.

«ЦIеран арц» цIе йолчу повеста тIехь яздархочо Iорабохурш пурстоп Кулдевиччин цунна тIаьхьабозуш болу Мирзий, Элберттин хилла ца Iа, иза адамаш Iазапехь дахкош долу дерриге а паччахьан Iедал ду. Кулдевичан акхаройн къизаллица Хонмурд хьийзийначу участкан правлении цIа чохь пенах доллуш паччахьан сурт дара. «Леррина, вехха цуьнга а хьежна» Iаш вара Кулдевич, Хонмурд шена тIевалочу хенахь. КулдевичгIара лелош йолу харцонаш паччахьера схьайогIуш хилар къехой Iазапехь бахкорна бехкениг дерриге паччахьан Iедал хилар чIагIдо яздархочо оцу исбаьхьаллин суртаца. Цу тайпана КулдевичгIар паччахьан Iедалан векалш бу, цара дIакхоьхьуш ерг паччахьо чIагIйина йолу адамаш дацоран къиза политика а ю.

Повестан шолгIачу декъа тIехь Кулдевичан амалийн кхин цхьа агIо а билгалйолу вайна. Адамийн оьздангаллех, цIенчу дог-ойланан цхьа цуьрриг а хIума шеца дисина доцуш, бо ха стаг иза хилар гайтина яздархочо. Паччахьан банк лачкъоран гIуллакх дуьйцучу хе нахь «Кулдевича чIагIо йинера шега муьлххачу а нохчийн зудчух куьг тохийтинчул тIаьхьа

бен и банк шаьшшинна ерзош долчу гIуллакхна тIетовр ма вац ша, аьлла». ЦIен хьал алсамдолу агIо нислург хIуъу а дан кийча волчу Мирзас тIе а лаьцнера и гIуллакх кхочушдан.

Цкъа талла вахана волу Кулдевиччий, Мирзий хьуьнхахь, некъах тилла, мац а велла, гIел а велла, Iаьнан шийлачу буьйсанна цIеххьана даьллачу дорцо а хьовзийна, чIогIа холчухIоьттинера. Иштта, шаьшшиъ мичахь ву а ца хууш, чуверза меттиг а йоцуш, вехха леллачул тIаьхьа хIара шиъ нисвелира, кхара бехк а боцуш, итт шо хан а тоьхна, Сибрех вахийтинчу Хонмурдан хIусаме. Хонмурдан хIусамнана Бано а, цуьнан йоI Залуба а яра шаьшшиннан декъазчу хIусамехь гIийла хан токхуш. Халкъан ламаст ма-хиллара, цара хьаша вина тIеийцира кетIа хIоьттина ши стаг. «Хьажахьа, шелбелла баьхкина хир бу хьуна уьш, же! Залуба, дика хьовзалахь!» — аьлла, Банос чоь а йохъяйтина, чехкка яа хIума а кечъяйтина, паргIатбехира хьешиш.

Кулдевичана го ша Сибрех вахийтинчу Хонмурдан къен хIусам, шайна хьошалла деш йолу хIара декъаза ши зуда. «ЭттIа масийтта бос болчу кучаца, юкъа-юкъара дегI а гуш», Iаш йолу йоккха стаг Бано. Амма Кулдевичан цхьа цуьрриг а дог ца лезира царах, къахетар дан а дац цуьнца.

Бадуевс кхин дIа а толлу Кулдевичан, Мирзин амалш. Къинхетамаллех, адамаллех хIума цаьрца делахь, иза гучудаьндолу хьелаш кхуллу яздархочо шен произведени тIехь. Хьешаша, са а даьIна, уьш метта а баьхкина, къамеле девлла шаьш Iаш, Банос «елхаран къурдаш а деш, дийцира: шайга цхьана буса, шай-

на вовза а ца вевзаш волу, цхьа ши стаг вар Шаьш буьзина ма-бевлли, уьш шаьш ца бов зуьйтуш дIабахара, шайца некъана цхьа сискал а хьош. ТIаккха, садаьржачу заманчохь стражникаша, шайна го а бина, цкъа тIехула тоьпаш а тоьхна, обаргаш дIабехар. Цу мет техь Хонмурд араваьлча, и арахь саца а вина, чубаьхкина, цIийнах а хьаьвсина, цул тIаьхьа Хонмурд а эцна, уьш дIабахар. ТIаккха, Хонмурд Сибрех вахийтича, шаьш хьажа стаг а воцуш, гIийла дисар а». IШаьшшиъ цавовзуьйтуш, ладоьгIура Кулдевичий, Мирзассий йоккхачу стага бечу белхамашка. Сискал еш йоллу Залуба а, шайн ерриг гIайгIа карла а яьлла, йоьлхуш яра. Амма Кулдевичан, Мирзин кIезиг дог лозура кху мискачу зударех, «вовшашка бIаьргаш а теIош, кIелдIахула Залубега а хьоьжуш», шайн ямарт ойланаш кхиош Iара хIара шиъ. Кулдевичан, дуьххьал дIа ша дакъаза яьккхинчу хIусаме кхаьчча, шаьшшиъ холчухIоьттинчу дийнахь оццул шайна хьошалла диичу гIийлачу зударийн гIо лацар я дог хьастар-м муххале а дацара, мелхо а оцу мискачу зударшна хьарам а хилла, хIинца царна ямартло ян кечлуш вара.

Къинхетаме хилар, адамах дог лазар, гIийлачунна гIо дар боху гIуллакхаш хIун ду хууш а вац Кулдевиччий, Мирзий. Шайн Iалашонаш кхочуш хилчхьана, нахах хIуъу хилар а бен ца хета.

Бадуевс шен произведенешкахь вочунна дуьхьал къийсам латтабо и воиг тIаьхьатIаьхьа алсам а долуш, цунах нахана долу зулам хаддаза дебаш гайтарца. Ткъа произведени тIехь воиг шеца долу персонаж а ц тайппана нахана шегара довлуш долу вонаш

тІаьхь-тІаьхьа совдохуш хуьлу, цо тІаьхьа деш долу вон хьалхарчул дуккха а зуламе а хуьлу.

Иштта ю «ЦІеран арц» повестан персонажаш а, Кулдевич, Мирзин зуламаш деш кхочу шаьшшиннан уггаре а доккхачу зуламна тІе.

Кулдевич кІелдІахула Залубига хьарам бІаьрг бетташ вара. Мирзас сацийра ша Кулдевичана делла дош хІинца кхочушдан. Арара шайн жІаьлеш шеллуш ду, уьш божали чу дохка гІо дахьара, аьлла, бахьана даькккхина, Залубицанна аравелира Кулдевиччин, Мирзин. Лампа а карахь, божли чуяханчу Залубас, шена юьхьІаьржо хила йоллин хиъча, арахьахула неІ дІа а къевлина лаьттачу Мирзига чІогІа дийхира: «Ма хІоттаехьа со юьхьІаьржа! Яхь яц хьоьгахь! ДІавалахьа кху неІарера! Ара-ялийтаха со!» — бохуш. Мирза къора вара гІийлачу зудчун дехарна. Цуьнгахь яхь а яцара, я адаман дог а дацара цуьнан кийрахь. Мирзас шен яхь а, дог а, стогалла а йоьхкинера Кулдевичана, цо шега пачхьалкхан банк лачкъайойтург.

Мирзин, Кулдевиччин, шаьшшиъ къайла валлалц Залубига орца ца даккхийта, божалин неІ, арахьахула дечиг а гІортош, дІа а къевлина, чехкка дІавахара. Залубас, шен дог гІеллуш, хьаьвди чу кхоьссинчу лампех цІе а летта, божалех цІе елира, неІ дІакъевлина хиларна, цу чуьра ара а ца ялаелла, Залуба а къиза егира. Арабевлларш чубахка хьебелча, сагатделла, халла аратекхча бІаьрса дайна йолу Бано хиллачух кхиале, цІеххьана баьллачу мохо догуш лаьттачу божалх туьйхира. Хонмурдан доьзалш бегира, церан «гІийла

гIишлош а Iаьнан ехачу буса яьгна евлира». Шолгlачу дийнахь деанчу орцанна «цу гIишлойх, дерриг а Iарж а делла маьI-маьIнехь Iохку цхьадолу дукъошшний, кертахула угIуш лела БаногIеран къорза ши жIаьлий бен кхин хIумма а ца карийра».

Оццул доккха зулам шайгара даьлча а, шек а бац Кулдевичгlар, хIор дийнахь шаьш деш долу рогIера гIуллакх санна бен ца хета царна иза. Шайн боьха Iалашонаш кхочушъеш шаьш хIаллакбина миска доьзал цхьана а меха ца лорура цара. Иза къехой адамаш ца лоруш хиллачу паччахьан Iедалан низамца цхьаьна догIуш ду: Кулдевичана а, ша паччахьан Iедалан бакъволу векал хиларе терра, къехой адамаш ца хета: «аккарой», «боьха хIуманаш», «сволочи» — иштта ду цо гуттара а къехойх олуш дерг. Ткъа иштта Кулдевич хиларо иза ша Iоравоккху. Адаман сибатехь хилар бен, кхин адамаллех хIума дац цуьнца. Стеган дог-ойла цуьнан яц, оьздангаллех, гIиллакхах зирх цуьнца бац, адамийн дагца хуьлуш болу къинхетам, гIийлачух доглазар дац, эхь-бехк а, боьхачух ларвалар а цуьнан дац. Доцца аьлча, адамах адам деш долу хIуманаш Кулдевичца доцуш ду. И тайпа аккаройн амале бирзина болу нах бара паччахьан Iедална шен адамаш дацоран политика дIакхехьа оьшуш берш.

Кулдевичан маьттазчу вастаца яздархочо кхоьллина, паччахьан Iедало шен кара дарж а делла, халкъана тIехь куьйгалла дан дIахIоттийначу хьаькъаман васт. Иза цхьа Кулдевич хилла ца Iаш, паччахьан Iазап халкъана тIехь дIакхехьа Iедало хIоттийна волу муьлхха а хьаькам ву. Цу тайппана, Кулдеви-

чан васт — иза Нохчийчохь паччахьан къиза политика дIакхоьхьуш хиллачу хьаькамийн ма-ярра йолу амалш гойтуш долу юкъара васт ду.

Паччахьан Iедалхой гуттар а хилла, къехой шаьш бацош, къомана юкъара схьабевллачу хьолахошний, молланашний тIетийжаш. Кулдевича а лаьцна шена нохчех болу гIоьнчий Элберт а, Мирза а, кхиберш а. Элберт кIезиг гайтина ву повеста тIехь, делахь а яздархочо иза юкъавалийначу цхьана эпизодехь а цуьнан амалш къеггина гучуяьхна. Элберт дика кхетта паччахьан Iедалан лехамех. Къехошна кхерам тийсаран, царна тIехь таIзар латторан гIуллакхаш дика карадирзина цунна.

Обаргаш шена ца карийча, Хонмурд бехке а лерина, иза шен мискачу доьзалшна тIера а ваькккхина, лаьцна, схьавалийнарг Элберт вара. Кулдевичана гергахь дикашиг хуьлуш «Элберта, чу а ваьлла, шен даккхий сийна бIаьргаш тIе а хIиттийна, чест а деш», цуьнга дIахаийтира, обаргаш ца карийча, «уьш биссина хIусамда шаьш, лаьцна, валавар». Даржехь ша лакхаваккхаре сатуьйсуш. Кулдевичана чIогIа муьтIахь ву Элберт. Кулдевича етташ, холчухIоьттинчу Хонмурда, ма хьийзавайтахьара иша, аьлла, дехар дича, гIо-м мухха-ле а ца лецира, мелхо а иза харцдерг дуьйцург а, эхь ца хетарг а вира цо. Элбертана хаьа КулдевичгIарна ша къехошкахь Iазап латтош гIо дайта бен оьшуш воцийла. Цундела, ша кхобуш волчу дена муьтIахь хила Iемина жIаьла санна, Кулдевича шега кховдийна гIуллакх, мел къиза хиларх, и кхочушдан чухьоду Элберт.

Совдегар Мирза а ву шен ямартлонца а,

къизчу амалшца а къаьсташ. Мирзин сутарал-
ло дайъина цуьнан эхь-бехк а, адамах дог ла-
зар а. Нах бацош гулдина долу шен хьарам
хьал кхин а алсамдаккхархьама, адамаш
дайа а кийча ву иза. Ма-дарра аьлча, Хонмур-
дан хIусаме деанчу вонна бехке, Кулдевич
санна, Мирза а вара. Амма цунна бен дIа ца
хета ша бахьана долуш нах цIарах багарх
шен Iалашонаш кхочуш хилчхьана. Повесть
йолаелчхьана иза чекхъяллалц дIахьо яздар-
хочо Мирзин ямарт гIуллакхаш Iорадахар.
Повесть тIера дерриге а гIуллакхаш дирзин-
чул тIаьхьа, эпилогехь, автора Мирзех лаьцна
дийцинарг а ду цуьнан васт кхолларехь къег-
гина маьIна долуш. Цхьанхьа воьдучу хенахь
ХонмурдагIеран декъаза хIусамаш лаьттинчу
арца юххехула валар шен инсделча, Мирза,
ша божали чохь йитинчу Залубас «луьра не
а етташ, шийлачу маьхьарца — «ма хIоттаехьа
со юьхьIаьржа! Яхь яц хьан!» — аьлла, шега
дехар дар дага а догIий, вела а къежий», —
«Хьох «ЦIеран арц» а хили, сох банк а хи-
ли» — олий, шен гIуллакхе дIавоьдура». Ша
нахана дина зулам дагадеача, цIийваларан
меттана, ша-шех мукъана а эхь хетаран метта-
на, и гIуллакх бахьана долуш шена банк кха-
чар карла а долий, там хуьлий, «вела къажа-
ра». Кхузахь Бадуевс, Мирзин ямарт
гIуллакхаш гайтина ца Iаш, шен ойланца, шен
дагца иза боьха стаг хилар къеггина билгал-
доккху.

Паччахьан Iедалан векалш а, къомах болу
хьолахой а, молланаш а вовшашца цхьабарт
болуш, пхьа Iалашонаш йолуш хилар гучу
доккху яздархочо. Кулдевичан, Мирзин
накъост ву молла. Моллас нахана гучу ца йо-

луьйтуш, къайлайохуьйту Кулдевичгlара ле-
лош йолу хьарамлонаш. ХонмурдгIеран хIусам
а, доьзалш а хIаллакьхилар иштта дIадерза-
до моллас: «Дела цхьаъ хилар санна бакъду,
цу делан кху арца тIехь баьхначу ХонмурдгIа-
рах гIуда доллуш хилар. Цу тайпана бакъду,
кху арца тIехь бусалбан, керстан жинийн тIом
хилла хилар а. И тIом болуш, цу жинаша вов-
шашна кхиссинчу алох, дала и бахьана а
лаьцна, кху цIийнах цIе а латийна, шен гIуда
дIа а эцна, керста жинаш эшийначу бусалба
жинашна хIара арц белла хир бу». Адамашка
оцу гIуллакхан хьокъехь кхин ойланаш ца яй-
та, ХонмурдгIар бехке хилар церан дегнаш
чу дижийтархьама, моллас чIагIдира и арц
кхераме хилар, сел чIогIа къа латийна болу
нах цигахь баьхна хилар бахьана долуш:
«Дала адамашкара дIабаькхинчу кху арца
тIе даха хаа дага ма догIийла цхьана а бусал-
ба адамана. Цул совнаха, кху арца тIе яьлла
дечиг-м муххале ма хьайойла, ур-атталла кху
арца улло а ма вогIийла-кха цхьа а, хIара
дуьне мел дозу. ТIаккха а везчу дала, хIинца
веша-вешан цIа даха кху арца тIера могаш-
маьрша охьадуьссийтийла вай. Оццул кхерам
болуш бу-кха хIара «ЦIеран арц», и боьха нах
кху тIехь бахар бахьана долуш...»

Адамашна тIехь молланийн тIеIаткъам чIо-
гIа хилар билгалдоккхуш ду повесть тIера и
нсбаьхьаллин сурт. Паччахьо боданехь бахко-
чу къехоша динан дай ду шаьш бохуш лелача-
ра дуьйцург, тешаш, тIеоьцуш хилла. Моллас
хьехам беш, гонаха лаьтташ болу нах цо дуьй-
цург цхьа а тайпа шеко йоцуш бакъдеш, иза
Iаламат низаре хиларна кхерабелла, «дегIе
зуз оьхуш лаьтташ» бара. Адам кхера мел де-

ли а, Іаьржа басарш алсам дохура моллас
шен къамелехь. Кхерабелла нах тІеберзо атт
дуйла хаьара цунна.

ТІаьххьар а кхочушхилира моллас дага
лаьцнарг. Ладоьгіуш лаьттачу нехан дукх
чІогІа кхерабаларна «беснаш овкъаран баса
дирзинера», церан догІмаш дегадора, дегІаха
ра чо а ирахІоьттинера, церан бІаьргаш шуьй
ра къаьрзинера. ХІорш, моллин къамел чекх
даллалц латта ца баьхьаш, сов хьере хилла
боха а боьхна, шаьш хІун леладо а ца хууш
цу лекхачу арца тІера маьІ-маьІнехула
чухьаьлхира, шайн догІмаш кхерамах а дуьз
на». Иштта чІагІдира моллас нахана гергам
ХонмурдгІарна хиллачу зуламна уьш шаьш
бехке бу, аьлла. Цу тайиппана, паччахьан Іе
далхошна халкъ Іазапехь латто гІо деш в
молла.

Билгалдаккха дезаш ду Бадуевс моллин
васт деккъа реалистически басаршца кхоьлли
на хилар. Сов маьттаза ваккхар а доцуш, дер
риге а воних цхьанаметта цуьнгахь а ца гул
деш, дахарехь хуьлуш ма-дарра гайтина авто
ра моллин васт. Ткъа иза Іоравакхар кхочуш
дина цо лелориг, шен берриге ницкъ тІебахий
тина моллас чІагІдеш дерг, харц хилар, ада
машкахь таІзар латто гІо деш хилар гайтар
ца.

Шен повеста тІехь Бадуевс Кулдевичан а
цунна тІаьхьабозучийн а васташца гайтина
паччахьан Іедало, къомах болчу хьолахошний
молланашний тІе а тийжаш, халкъ Іазапехь
даллор.

Ямартлонаххий, тешнабехкаххий буьззина
болчу КулдевичгІарна повеста тІехь шайн
дикачу дог-ойланца дуьхьал лаьтташ бу

халкъан векалш Хонмурддий, Баной, Залу-
бий.

ХонмурдагІеран доьзал паччахьан зама-
нахьлерчу нохчийн къехойн доьзалех цхьаъ бу.
Жимчу кІотарахь вехаш волу ахархо Хонмурд,
бІеннаш кхиберш санна, къен, миска стаг
ву. Тиша ю цуьнан хІусам, тІехь беркъа ву
Хонмурд а, цуьнан доьзал а. «ПІелгаш а гуш»,
йоьхна яра Хонмурдан когара неІармачаш
«ЭттІа, масийтта бос болчу кучаца, юкъа-
юкъара дегІ а гуш» яра «тишчу меттахь» Іаш
йолу Бано.

Къоьллехь бахкийна паччахьан Іедало
къинхьегамхой, амма уьш оьздангаллех, гІил-
лакхах, цІенчу дог-ойланах ца бохабабелла
цуьнга. Хонмурд а, цуьнан доьзал а къоман
ламаст лоруш бу, хьаша-да тІеэцар, гІийла-
чунна гІодар, къинхетаме хилар церан дагца
ду. Хонмурдан кхетамо тІе а ца дуьту, меца ву
ша, аьлла, чу веана стаг сискал ца луш дІава-
хийтар. Цундела боху цо, обаргаш схьабийца
бохуш ша холчухІоттийча: «Суна-м ца хаьий
царах хІумма а, ша айса, цара меца ду шаьш
аьлча, вай мостагІчунна а лун сискал ялар
доцург!» Кхузахь яздархочо, дуьхь-дуьхьал
йоккхуш, говза схьагайтина Хонмурдан къин-
хетамен дог-ойлий, Кулдевичан аккхаройн
хьесапехь йолу къизаллий. Кулдевичана
тІехьа лаьтташ паччахьан Іедал ду, оцу Іеда-
лан лехамашца цхьаьна йогІуш ю цуьнан къи-
залла. Цундела мега Кулдевичана цхьа а бехк
боцуш волу Хонмурд йиттина мелчу цІийх
вуза а, цул тІаьхьа, итт шо хан а тоьхна, Сиб-
рех вахийта а.

Амма Кулдевича Хонмурд Сибрех вахийтар,
Хонмурдана тІехь цо толам баккхар дац. ХІун-

да аьлча, повесть йоьшуш долчу вайна гергахь, шен адамаллица, цIенчу дог-ойланца тоьлларг Хонмурд ву. Исбаьхьаллин произведени тIехь тIаьххьара а толам боккхург ницкъ бац, амма сийлахьниг ду. Ткъа Кулдевичан вастаца сийлахьчух цхьа зил а бац, цо лелош долу дерриге а гIуллакхаш иза сийсаза вешду, цундела, вайна гергахь иза эшна ву, вайн даго и эшар къобал деш тIе а оьцу. Кулдевичлах мел лун а, вайн бIаьргашкахь Хонмурд лакха волу. Иза лакха воккхург цуьнан догдикалла, нахана гIуллакх дар бахьана долуш цо хало лар ду. Ткъа ницкъ, муьлхха а ницкъ иза белахь а, адаман ойлано бакъ ца бо, сийлахьниг чIагIдеш бацахь.

Повестан шолгIачу декъа тIехь, Кулдевиччий, Мирзин шаьш Сибрех вахийтинчу Хонмурдан хIусамехь гойтуш, церан хьарамлонех, ямартчу ойланах юстуш санна, къеггина билгалъяьккхина Бадуевс къинхьегаман нехан оьздангалла, хаза гIиллакхаш. Баной, Залубин цхьа йисна, гIийла ехаш миска наний, йоIийю. Автора чIогIа дог лазарца дуьйцу цу шинна гIийлачу дахарх: Залубин «кIайчу аматах йолчу горгачу юьхьа тIера даккхий Iаьржа бIаьргаш, Iай беттасехь буса ло санна, даим догуш дара, цуьнан тоьлла, безамехь долу дегI а цунна болчу сингаттамана чехка уьдучу деношца лелина доьдура, цуьнан лун бетан дуткъа ши балда дукха хенахь дуьйна схьа делха Iемина дара. Иштта елхар карадирзина йолу Залуба, шел а елхарна тIерачу Баноца кест-кеста йоьлхура, вовшашна тIеттIа а таьIий, голаш тIе куьйгаш а детташ, гIийлатийжарца, бIаьргех оьху мела хин тIадамадIадаха а ца ларош».

Шайн неIар тIе веана ши стаг, чу а валийна, пергIат а валийтина, шайн йолу-йоцург вовшахтоьхна, яа хIума а елла, хьошалла дира мискачу шина зудчо. И Iазапехь бохкуш болу къен, миска зударий къинхетаме, комаьрша хиларца, шайгарчу адамаллица Кулдевичний, Мирзиний дуьхьал лаьтташ бу. ГIийлачу дахаро, тIеIиттаеллачу халонаша, харцонаша шайн оьздангаллех, хазчу гIиллакхех ца йохийна къена Бано а я жима Залуба а. Банос шен хьешашна стражникаша, бехк а боцуш, шаьш хьийзадар а, Хонмурд Сибрех вахийтар а дуьйцуш, вайна хьалха хIутту наччахьан Iазапо хеназа кIелйитинчу нохчийн къеначу зудчун васт. ДегIера гIор эшнехь а, могашалла яцахь а, догдикаллий, оьздангаллий ю Баноца. Шен хIусаме веанчу стагаца кIеда-мерза, аьхна, цунна там хилахьара аьлла хеташ ю иза. Иштта Iамийна Банос шен йоI Залуба а.

КулдевичгIар ца бевзаш, уьш кийрахь дегнаш а долуш адамаш ду моьттуш, дийцира цо шаьш Iедало холчухIитторах лаьцна. Амма Кулдевиччий, Мирзин шаьшшиъ ма-варра ца вовзуьйтуш... тIехьаьжча халахетарца ладоьгIу а эр долуш», Iийнехь а, Банона хиира ша дуьйцучун царна гIайгIа йоцийла, «тIаккха хIара шен мела хин тIадамаш оьгучу бIаьргех кучан деха пхьош а хьаькхна, куьйга корта а лаьцна, шайн гIайгIа шена ялхо хиира, шен юьхьа дуьхьал йовлакхан тIам а уьйзуш». Шайн хIусамашкахь иштта гIайгIа йолуш доьзалш Нохчийчохь дуккха а хилла хилар билгалдолу повеста тIехь. Паччахьо шен политика дIакхехьа хIиттийначу хьаькамаша кхочушдечу гIуллакхаша алсамйохура къехойн «гIийла, декъаза» хIусамаш. Къехошкара гIело, «шай-

на хийла гина дела» хIумма а цец а ца волу Кулдевиччий, Мирзий БаногIеран декъазчу дахарх. Шаьш бехк а боцуш миска нах дакъаза баьхний хинча а, бен а ца хета царна, гIийлачух, мискачух дог лазар царна диллина а дац.

Боккхачу безамца кхоьллина Бадуевс Залубин васт. «Маре яханчохь шо кхаьчча, цIийнда а велла» цIа еана яра Залуба. ХIинца шен кIелйисинчу, бIаьрса а дайна йолчу ненан Банон дола а деш Iаш яра иза. Тийна, эсала ю Залуба, оьзда гIиллакхаш а, цIена дог-ойла а ю цуьнан. ТIехьаьжча, кIеда амалш йолуш хеталуш йолу Залуба шен лаам а, шен безам а ларбийр болуш хилар гайтина повеста тIехь. Марера цIа еанчул тIаьхьа ша йига гIоьртинчу моллига ца яхара иза, ширчу Iадатех озаелла ца Iаш, шена ца лууш долу марелла ша дан пицкъ кхечира цуьнан. Залуба цIена стаг ю, шеца хьарамло лелайойтур йолуш яц. Кулдевичан Iалашо кхочуш ца хуьлу Залубин дог а гIелделла, иза кхетамчуьра яьллачул тIаьхьа бен.

Ша схьаяьллачу къомаца кIорггера уьйр йолуш ю Залуба. Иза автора гайтина цуьнан маттехула а. Халкъан барта произведенийн маттах тера бу Залубас буьйцу мотт: «Тешам боццчу дуьненахь, орцах вала ваша воццчу дуьненахь, бинчу бохамна бекхам ца бечу дуьненахь ца яьхча а хIумма а дац-кх», — боху Залубас божал чохь ша холчухIоьттича, тIаьхьатIаьхьа шена юххе гIертачу цIарна тIета дог хилла. ТIаккха тIаьхьа шена юххе гIертачу цIарна тIета дог хилла. ТIаккха тIаьхьа юьсуш йолу шен къена, гIорасиз йолу нана дуьхьал тесча, иза сагIа дехар бен кхин дан

амал доцуш юьсург хилар дага деача Залубас бохуш дерг а ду халкъан барта произведени тIера схьаэцча санна: «хIан-хIа! Со яла йиш яц, со хьуна тIе ца тов, хIай сийна цIе!»

ХонмурдгIерниг санна болчу мискачу доьзалех бу повесть дIайолалуш гайтина болу Кулдевичана тIекхача гIерташ, и волчу сени чохь Iийна баккхий нах. Бадуевс Iаламат говза кхоьллина кхузахь масех стаг цхьаьна гойтуш долу исбаьхьаллин сурт. Оцу баккхийчу нехан хIоранна а ойланех кхета вай, уьш гIийла дуьне дууш хилар го. «Цхьацца гIуллакх хилла» пурстоп волчу баьхкина и «къена нах, шайн бес-бесара мажош тIе наггахь куьйгаш а хьоькхуш, Iуьйранна дуьйна Iара» шаьш тIедитаре сатуьйсуш. Уьш дика кхета КулдевичгIара лелочу хьарамлонех: Мирза, Кулдевичана кхаъ а белла, сакъералуш и волчуьра араваьлча, «хIара баккхий нах, белшаш а сеттош, вовшашка хьаьвсира». Амма вовшахкхетта шайна тIехь латточу харцонна цхьабосса дуьхьало ян хIинца а кийча бац уьш. Iедало шайгахь латтош долу Iазап чIогIа хиларна дукха гIийла а, стешха а бу уьш. Хонмурд чу а вигна, Кулдевича иза чехош а, цунна етташ а «гIовгIанаш яьлчхьана дуьйна а кхерабелла дIабаха айабелла Iен сени чуьра баккхий нах, мелчу цIех а вуьзна араволу Хонмурд гича, цунах шен бIаьрг кхет-кхеттарг кхералой, шозлагIа цуьнга юха ца хьожуш, белш чу а хебош, пенах а хьерчаш, меллаша ара а бевлла, дIабахара».

Амма повесть чекхйолуш къеггина билгалдолу халкъа юкъахь Iедална дуьхьало ен йолу пицкъаш кхуьуш хилар а, адамаша шайн паргIатонехьа къийсам латториг хилар а.

Бадуевс шен повеста тIехь паччахьан з
манахьлерчу нохчийн юьртан дахар ма-дарр
нийса гайтина. Къехоша лайна шалха Iаза
гайтарна тIе тидам бахийтина яздархочо. П
весть йолаелчхьана дуьйна иза чекхъялла
цу тIехь къеггина билгалйолу авторан ойл
Кънихьегамхой балехь бахкош долу паччахьа
Iедал, иза дIакхоьхьуш болу хьаькамаш, цар
на тIаьха хIиттина лела къоман юкъара хь
лахой а, молланаш а боккхачу цабезамца га
тина яздархочо, цара лелош йолу ямартлона
хьарамлонаш говзачу исбаьхьаллин васташ
Iораяьхна. Авторан ойла дуьхьал ю къехош
кахь Iазап латтош долчу гIуллакхашна. Цу
дела гайтина цо и гIуллакхаш дIакхоьхьу
болчу Кулдевичан а, Мирзин а васташ се
маьттаза, шайна дуьхьал дешархочун цабеза
гIаттош. Повеста тIехь Кулдевич, Мирза, Э
берт вийцинчохь массанхьа а церан ямартл
кънзалла, хьарам ойланаш Iораяьхна яздарх
чо. Къехой гайтинчохь церан, оьздангалл
хаза гIиллакхаш, деган комаьршо къеггин
схьаоьхьна. Цу тайпана, авторан шен турпа
хошца йолчу юкъаметтигашца а билгалбо
цуьнан идейин тIетовжамаш.

Къехой бодане хиларх пайда а оьцуш, дI
кхехьна паччахьан Iедало уьш бацор. Кънихь
гамхойн дуьненан кхетам лахара мел бу а, у
Iазапехь бахко, царна кхерам тийса атта т
Повесть чекхйолуш Бадуевс гайтина цIар
баьгначу арца тIе гулбелла дуккха а ярташк
ра алссам баккхий нах. Схьахетарехь, у
шайн хьекъалца а, шайгарчу доьналлий
а нахалахь мелла а тоьлла берш бу. ХIун
аьлча, дехьа-сехьахь вон-дикий иккхича, ц
кхеташоне гуллуш болу нах шайн хьекъал

а, кхетамца а мелла а лакхаро хилла. Амма уьш къинхьегамхойх хилар билгалдоккху яздархочо церан «Iаьржа куьйгаш» гайтарца.

Кхерабелла, арца тIехь холчухIиттина и нах гайтале хьалха повеста тIехь автора кхоьллина Iаламан хаза сурт: «Сийна стигланаш метах ца йовлуш, цхьана эшарехь, дийнах дикка хан яллалц лаьттира. ТIаккха цIехьана язлх а гучубелира. Цунна диллина Iуьллу ло а деладелира, сийначу стиглахь маьI-маьIехь бамбин мархаш а неканца лела евлира».

Иштта аьхна Iалам а гайтина, тIаккха арца тIе гулбеллачу нехан ойланашкара бода гайарца яздархочо бохуш санна хетало: «Iалахь серло, исбаьхьалла, паргIато ю, амма адамийн дахар бодане, ирча, балане ду».

Амма повеста тIехь къеггина билгалдолу къехой «самабовлуш» хилар, цара шайн паргIатонехьа кънйсам латторинг а, уьш тIаьххьара тоьлург а хилар.

«Тохара, Хонмурд лацале, мац а велла, и волчу воьссинчу шина обарго, Хонмурд, шайна кхалла хIума ялар бахьана долуш, Сибрех вахийтинний а хиъна, Кулдевич боху пурстоп вен гIерташ, дикка къахьнйгира». ТIаьххьара а, аьтто а баьлла, вен а вийра цара иза. Къинхьегамхошна тIехь паччахьан олалла дIакхоьхьуш волу пурстоп Кулдевич веро гойту къехой шаьш Iазапехь латтош долчу Iедална дуьхьал бовлар, шайн паргIатонехьа болу гьйсам цара дIаболор.

Паччахьан заманахьлерчу Нохчийчохь къейн, Iедалан вовшашца хилла юкъаметтигаш -хиллара нийса а гойтуш, персонажийн ваташ заманца цхьаьна догIуш а долуш, халкъо паргIатонехьа къйсам латторинг хилар

шен чулацамехь билгал а долуш йолу «ЦIераш арц» цIе йолу повесть Бадуевн кхолларалла реализман некъа тIехь хилар гойтуш яра.

IV-гIа корта

Бадуев СаьIидан драматургически произведенийн цхьайолу идейно-исбаьхьаллин башхаллаш

Социалистически дахар дIахIоттош долу халкъана хьалха лаьтташ долу декхарш кхе чушдан гIо деш яра Бадуев СаьIидан ис баьхьаллин произведенеш. Яздархочо ше кхолларалле халкъан дахарехь доккх маьIна долу проблемаш хIиттайора, адамаш керланиг чIагIдеш болу нийса некъ гойтура.

С. Бадуевн кхин йолу произведенеш а санн шуьйра тематика а, кIорггера идейни чулац а болуш яра цуьнан драматурги а. Вайнехан драматургехь уггаре тоьллачех ю цуьнан пь саш. Къоман театр а, драматурги а кхиоре IаламатмехалагIуллакх дина Бадуевн кхо ларалло. Нохчийн литературовед а, критик волчу Ю. А. Айдаевс шен «Нохч-гIалгIайн с ветски драматурги» цIе йолчу монографи яздо: «СаьIид Сулейманович Бадуев нохчи литературан истори юкъа вахана цуьнан бу биллархо а, дуьххьарлера классик а хилл Цо йоккхачу эвсараллица болх бина прозех поэзехь, драматургехь, публицистикехь...

кхолларалли берриге а исбаьхьаллин пицкъаца С. Бадуевс Iаламатйоккхахазнайиллинанохч-гIалгIайн драматурги а, театр а кхиоран гIуллакхана юкъа. Цуьнан цIарца дозаделла ду къоман театр когаяхар. Къоман репертуар театрана латторехь уггаре а хьалхара маьIна ду С. Бадуевн кхолларалли. А. Чеховс, М. Горькийс, кхечу оьрсийн яздархоша а санна, театрах дIабуьйзира шен кхоллам С. Бадуевс. Иза шена хьоме йолчу къоман театраца цхьаьна кхуьуш вара»[1].

Бадуев СаьIидан драматургически произведенешкахь къаьсттина билгалдолу цуьнан кхолларалла халкъан лехамаш кхочушбаре хьажийна хилар. Юьртабахам социалистически тIегIан тIе баккхарехьа Коммунистически партин куьйгаллица ахархоша латтийна къийсам гойту драматурга шен «Ламанаш хийцало», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Политотдел», «Самаяьлла ячейка», «ЖаIуьнан доьзал» цIераш йолчу пьесаш тIехь.

Адамийн ойла ширчу Iадатийн а, динан а тIеIаткъамех паргIатъяккхарехьа хьажийна яра «Гуттар а ца хуьлу моллийна мовлад», «Марха досту де», «ЦаIебийна зуда ялор», «ПетIамат» боху пьесаш.

Нохч-ГIалгIайн драматургехь белхалойн классан тема дуьххьара хIоттийнарг Бадуев вара. «Дашо Iам» цIе йолчу пьеси тIехь драматурго гайтира тайп-тайпана къаьмнех болчу нефтяникаша, йохьалле а буьйлуш, къинхьегаман толамаш бахарца социалистически Даймехкан хьал алсамдаккхар.

---

[1] *Айдаев Ю. А.* Чечено-ингушская советская драматургия. Грозный, 1975, с. 98.

Бадуев СаьIид драматургехь болх бан волавелира 30 шераш чекхдовлучу муьрехь. Шуьйра тематика ю цуьнан драматургически произведенийн, амма шен дуьххьарлерчу пьесашкахь автора коьрта тидам тIебахийтина боданечу Iадаташна дуьхьал кьийсам латторна. Социалистически дахар дIахIоттош долчу халкъана новкъарло еш дерг Iора а доккхуш, цунна дуьхьал кьийсам латторан тема коьртачех цхьаъ ю Бадуевн кхолларалехь. И тема ю цуьнан драматургехь а йоккха меттиг дIалоцуш. 1929 шарахь зорба тоьхна йолу «Дайн Iедал» боху пьеса ю Бадуевн дуьххьарлера драматургически произведени. Похчийн кхечу драматургаца Эльдарханов Iисина цхьаьна язйина ю Бадуевс и пьеса. Кьоман дахарехь чIогIа даьржина хилла чIирьеккхаран Iадат адамашна Iаламат зуламе хилар а гойтуш, цунна дуьхьал кьийсам латторе кхойкху пьеса тIехь.

«Дайн Iедал» пьесин чулацам чолхе бан.

...Синкъерамехь, Халидан карах ца хуьш тапча а кхетий, Хьамза ле. Синкъерамехь шел волу стаг цуьнан валар Халидан карах ца хуьш хиларна теш хIоьттинешшехь, Хьамзин панас Кебирата шен кIенташка чIир хьейойту Халиде, цул тIаьхьа дукха хан ялале и цаьрга вен а воьйту. Цара и къиза гIуллакх деш, Халидан карах топ кхетий, Хьамзин воккхах волу ваша Мохьмад ле. Цу кеппара чIир Халидан кIантана тIехь юьсу.

Хьалхенгахь дуьйна схьадогIуш ма-хиллара, тIекхуьучу тIаьхьенга а кхочуш, яхлур йолуш яра и чIир, пагахь дукха хан ялале тIедеанчу Советан Iедало дIа ца яьккхинехь. Халидан кIантана Вахина хIинца кхерам бац Хьамзин

тIаьхьенгара: изий, Хьамзин ваша Ахьмад дот-тагIий хуьлу.

Пьеса, СаьIида драматургехь бечу белхан мур хиларе терра, шеца кхачамбацарш долуш яра(турпалхойн кхнар цагайтар, церан психологически кIорге дешархочунна цайовзийтар, и. дI. кх.). Амма цу хенахь, Нохчийчохь Советан Iедал дIахIоьттинчу муьрехь, нах керлачу дахаре баха ховшуш, сцени тIехь хIотта а йина, царна пьесехь хуьлуш лаьттарг дIагайтар — иза шеца стаг кхетош-кхиоран доккха маьIна долуш дара.

Нагахь «Дайн Iедал» пьеси тIехь Бадуев динан идеологина, хьехамашна башха кIорге ца гIиртинехь, шен кхийолчу пьесашца, турпалхойн вастанца, церан дахарехь йолчу Iалашонашца хоуьйту дешархочунна халкъалахь бодане долу хIуманаш Iадатах, шариIатах гIорториаш а йина лелош дуйла. 30 шераш дуьйладелча язйинчу «ПетIамат» пьесина Бадуевс Iаламат ийса, боккхачу чулацамца моллин васт а дуьллий, гучудоху «халкъан баьччанийн» тишделла орамаш.

Пьеси тIехь ткъе ший персонаж ю, царех хIоранна а моллица юкъаметтигаш йогIуш гайтина. Цундела моллин стешка, ямарт, хьал дезаш, тешнабехке хилар кхоччуш гучудолу.

Пьеси тIехь дуьйцурш Октябрьски революци хилале хилла гIуллакхаш ду. Пьесин сюжет «ПетIамат» романан сюжет санна ю, цундела пьесин чулацамах лаьтна дукха ца дуьйцур вай. Делахь а билгалъяха сваш меттигаш а ю пьесин: цу тIехь бу романехь ца хилла турпалхой, цуьнан сюжет романан сюжетах къаьсташ, шуьйро ю. Къаьсттина шена тIе тидам бохуьйтуш ду Лагин васт. Иза ву халкъана

юкъа прогрессивни революционни а ойланаш яржош лелаш. «Динна лийна» аьлла, молла Лагин ден вешига шаьлта тохийтина цунна, «пайчахьана дуьхьал хилла» аьлла, «гимназера дIаваькхина», «дела ваш, аьлла, телхина лерина», набахте воллийтина моллас Лага.

Оцу васто тоьшалла до молла халкъан духовни пергIатонца самайолучу ойланашна дуьхьал хилар, иза и халкъ бодане латто гIерташ хилар.

Цуьнан къиза хилар къаьсттина гучудолу драматурга ПетIаматан васт схьадоьллуш. Моллаваша зударшкахь латтийна Iазап кхочуш довзуьйту Бадуевс, моллиний, ПетIаматний юкъахь хиллачу Iот-баккхамца.

Амма ПетIамат шен ден Дудин йоI ю. Дуда вацара шена а, мискачу нахана а гIело йойтур йолуш. Цу тIехула Сибрех а вахийтина иза. Кхеташ ду, ПетIаматан амалехь дукхах а хIумнаш ду ден амалера схьаэцна. Ша Сибрех вохуьйтуш, шен чоьхьара стаг ца хилина, моллига Iалашъяйта юьтуцошен йоI. Молла ямарт хилар цунна дагахь а дац. Ткъа ПетIаматна дена ца гипарг гина (Дуда, пайчахьан Iедалина дуьхьал велахь а, динах тешаш стаг вара): пайчахьан хьадалчийн а, моллин а Iалашонаш цхьаъ ю, хьалхарнаш а, динан дай а, къинхьегаман халкъ боданехь а латтош цуьнан са даа кийча бу.

Цундела гIотту иза шен а, Iедалой, моллаваш наший таIийна латточу халкъан а ирс лардан.

Цу кеппара пьесехь коьрта ши лини — ш тегIа ду: революцин идейш юкъа яржош бо нах моллина новкъа хилар, къинхьегамхо шен кога кIелхьа латто цунна лаар. Амма нах вовшах кхетча моллин идеологи юхий вайна драматурга хоуьйту пьесин чаккхенгахь: ккузахь оцу наха, цхьабарт а хуьлий, таIзар до цунна.

Оцу пьесица Бадуевс къеггина гайтира, шайна дуьхьал нисъелла динан гIорториаш кег а еш, революцин идейш нохчийн халкъан хьекъале кхочуш хилар.

30 шерашкахь язйина пьесаш шайн идейно-тематически чулацамца, нсбаьхьаллин говзалица хаъал къаьсташ ю драматурга 20 шерашкахь язйинчарех. Иза гуш ду, масала, «ЦIиэн гIап» пьеси тIехь а.

Революци а, гражданеки тIеман а теманаш къастайо автора исторически бакъдолчунна тIехь язйинчу «ЦIиэн гIап» цIе йолчу турпалаллин драми тIехь. Советски драматургехь революцин а, гражданеки тIеман а теманаш къасторехь тоьлашха йолчу К. Треневн «Любовь Яровая», Вс. Ивановн «Бронепоезд 14—69», Б. Лавреневн «Разлом» цIераш йолчу произведенийн могIарехь Бадуевн «ЦIиэн гIап» боху пьеса а лаьтташ хилар билгалдоккху иза теллинчу Ю. Айдаевс.

Пьесин тIера хиламаш билггал йолчу меттехь — Iалхан-Юьртахь — кхочушхуьлуш бу. Пьесин коьрта къовсам цхьана агIора революцин а, Советан Iедалан а мостагIашний (кIайн — гвардейцаш, контрреволюционни гIалгIазкхий, нохчийн хьоладай, молланаш, эпсарш), вукху агIора большевикийн куьйгаллийца Советан Iедал дIаIотторехьа къуьйсуш болчу белхалошний, ахархошний юкъара къовсам бу. Коьрта долчу декъана пьесин чулацаман бухехь берг Iалхан-Юьртахь Денникинан эскаршна дуьхьал бина цIе яххана болу тIом бу.

Коммунистически партис Советан Iедалехьа болчу къийсамна адамаш вовшахтохар дика гайтина пьеси тIехь. Революционерийн-куьйгалхойн Г. К. Орджоникидзен, С. М. Кировн, ткъа ишттa Н. Гикаловн а, А. Шериповн а къеггина долу васташ кхоьллина автора. Исторически бакъдолчуьнца цхьаьнадогIуш дара Бадуевс шен пьеси тIехь белхалоша а, ахархоша а граждански тIамехь Советан Iедалехьа къийсам латтор гойтуш долу сурташ.

Iаламат боккха кхиам хилира «ЦIиэн гIап» цIе йолчу драмин. Советски яздархойн Ерриг-союзни хьалхарчу съездехь вайнехан литературан хьокъехь иш диллу къамелехь Айсханов Шамсуддис билгалдаьккхира: «Нохч-ГIалгIайн керлачу актераша хIиттош С. Бадуевн «ЦIиэн гIап» цIе йолу пьеса а ю. И пьеса хIинцале Нохч-ГIалгIайн областан шерачу аренгарчу а, ламанца йолчу а ерриге а ярташкахь хIиттийна а, колхозхоша чIогIа магийна а ю».

1933 шеран 25 июнехь арадаьллачу «Грозненски рабочий» газето яздора «ЦIиэн гIап» бохучу пьесех лаьцна: «Пьеса кхаа-деа сохьтехь лаьтта, цуьнан ейтта эпизод а, ихнь дакъа а ду. Амма хьовсархойн зал оцу ерриге а хенахь тIехъюьзина хуьлу, адамаша дIалоцу масо маьIиг а, кораш а, пIелгIеш а, чуьра араболу некъ а. Хьовсархой Бадуев СаьIидан «ЦIиэн гIап» цIе йолчу граждански тIеман хьокъехь, похчийн къинхьегаман ахархоша а, грозненски пролетарнато а Шатилови, Бичерахови, Чуликови, Алиеви, кхечеран а кIайнгвардейцийн бандашна дуьхьал герзашца латтий начу къийсаман хьокъехь йолчу пьесе хьовсу бу.

Йоккхачу-АтагIахь областной слете гулбе

ла цIиэн партизанаш боккхачу тидамца хьаьвсира пьесе. Дуккхаха йолчу эпизодашкахь шаьш дакъалаьцна цара. ГIойтIарчу партизански отрядан командир Хьату Давлиев, Йоккхачу-АтагIара Иоома Тукаев, Гикалос шена тIедехкина дуккха а къайлах гIуллакхаш кхочушдина волу; Iалхан-Юьртарчу партизански отрядан командир ЧIаба Кагерманов, дуккха а кхиберш а. ХIинца уьш леррина хьоьжу юьртсоветан уьйтIарчу докхачу ратIу кIелахь аннаш вовшах а тесна йинчу сцени тIе».

Къоман театран сцени тIехь, данманна а шен кхиам а болуш, дуккха а шерашкахь лаьттира Бадуеви «ЦIиэн гIап». 1936 шарахь Нохч-ГIалгIайн драматически театр Белоруссехь гастролашкахь йолуш а, Москва къаьмнийн театрийн фестивале кхайкхича а, цуьнан репертуарехь Бадуеви кхоъ пьеса яра: «ЦIиэн гIап», «ПетIамат», «ЦаIебийна зуда ялор».

Иштта баккхий кхиамаш хилира драматурган дуккхаха йолчу произведенийн. Бадуеви «ПетIамат» а, «Бешто» а цIе йолчу повеста тIехь хIоттийна пьеса тахана а ю Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драматически театран репертуарехь, хIор сезонехь театро кхиамца хIитта а еш.

Бадуеви цхьайолчу драматически произведенийн тексташ яйна, ца карош ю. Иштта «ЦIиэн гIап» пьесин текст а, хьалхара шин сурт бен, кароза ю.

Нохчийчохь коллективизаци ечу хенахь араевлира Бадуеви «Большевикаллица ялта дерехьа» (1932 шо), «Политотдел» (1934 шо), «Самаяьлла ячейка» (1935 шо), «ЖаIуьнан доьзал» (1937 шо) цIераш йолу пьесаш. Царна тIехь драматурга къастош билгалдаьккхира

колхозан боламна дуьхьало ешш болчу кулакашца луьра къийсам латто безаш хилар а, юьртарчу къехошна а, цхьалхахошна а юкъара бахам вовшах а тоьхна, колхозашкахь цхьаьнакхетар Iаламат пайдехьа хилар а. Керлачу стеган амалш гучуехира Бадуевс, социалистически дахар дIахIоттохь керла стаг кхиаран хьелаш гайтира.

Пхиъттта сов драматически произведени язйина С. Бадуевс. Йоккхачу драматургически говзаллица язйина ю царех дукхаха ерш. «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса талларца тергалйийр ю вай цуьпан драматургически произведенийн цхьайолу идейно-эстетически башхаллаш.

Нохчийчохь колхозаш йохкучу муьрехь лаьттина классови къийсам гайтина автора «Большевикаллица ялта дерехьа» пьеси тIехь. Коллективизаци ечу хенахь юьртахой, шайгарчу бахаман хьелашка хьаьжжина, бекъабелла бара: къехой, юккъерхой, кулакашший. Оцу кхаа социальни тобанан юкъа меттигаш гайтина Бадуевс шен пьеси тIехь. Нагахь санна юккъерхой, къехошца цхьаьна а ккетий, дукха хьолахь юкъарчу бахамна тIебоьрзуш хиллехь, кулакаш шайн болчу ницкъаца дуьхьал бевллера колхозан боламна. Къехошна юкъахь эладитанаш даржош, ямартлонаш лелош, зуламаш деш, цу тайпана долчу кхечу гIуллакхашца а дуьхьалонаш йора кулакаша ярташкахь колхозаш яхкарна.

Юкъарчу бахамна тIегIертачу къехошний, колхозан боламна дуьхьал болчу кулакашний юккъерчу къийсамах лаьтташ ю «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьесин сюжет. Пьеса дIайолало цхьалхахо Жамалда а,

цуьнан доьзалш а шайн долахь долу урд чудерзо гІерташ бохку сурт гайтарца. Жамалда хьалха колхозехь хилла, амма цхьалхахо хилча ваха атта хир ду шена бохучу ойланца, колхозера дІа а ваьлла, шен декъазчу уьрда тІехь къахьоьгуш воллу. Иштта ду дуьххьара вайна хьалха хІутту сурт: «КІен-маьрсан хан. Цхьана агІора гуш колхозан аре, вукху агІор гуш цхьалхахойн аре ю. Жамалдин меттамотт — белхан цхьацца гІирс а, аге а, истанг а, хи чохь сурийла а, ага техкош Іа Рукъият а». Жамалдин кхойтта-дейтта шо кхаьчна йолу йоІ Рукъият ю доьлхуш долу бер тиэда гІертан. Иза ца тийча, Жамалдицанна уьрда тІехь болх беш йоллучу шайн нене кхойкху Рукъият. Иштта къамел хуьлу царна юккъехь:

«БЕКИСАТ. Ва хІун хилла хьуна?

РУКЪИЯТ. ХІара, воьлхуш, ца соцу, вакхавехьа!

ЖАМАЛДА. Тахкаехьа и харданг, ІадІийр ю хьуна?

РУКЪИЯТ. ХІара-м мацвеллий!

БЕКИСАТ. Еха ма яхарг, схьаваккхахьа, схьа!

РУКЪИЯТ. ТІеда вай хІара-м, схьайолахьа!

БЕКИСАТ. ДІайогІу хьуна! Дийна ма леларг!»

Доьлхучу берана тІейогІу Бекисат. ТІехь беркъа ю иза, эттІачу кучаца, когашІуьйра. Белхан холалла, кІадъелла, хІоьттина хетало иза. И ойла чІагІйо Бекисатан дешнаша: «Везандела мел яхар дац-кха хІара. Сарралц болх бан деза. ЦІахь а гІуллакхаш дан деза... Цхьа гІуда хир ду-кх хІара». Оццу маьІнехь ду Бекисатан, Рукъиятан кхин дІа долу къамел а:

«РУКЪИЯТ. Баба, со мацъелла.

БЕКИСАТ. Мацъеллехь эцца схьаэцна сискалан юьхк кхалла. Марчош юккъе къинларг... Схьа а ваьккхина, кара эца ца меги-кх хьуна хIара?

РУКЪИЯТ. Ас хIун дийр дара, иза тIеда хилча?

БЕКИСАТ. ТIеда дера ду вай-м дерриге а...»

Хало хьоьгуш болу БекисатгIар чохь девне бу, шайгарчу гIелоно дарбина, барт боцуш, оьгIазе латтабо. Уьш вовшашца кIоршаме хиларан бахьана ду цаьргахь гIело хилар, шайн Iнэр-дахарна реза боцуш дарбалар. Колхозера дIа а ваьлла, цхьалхахо хилла дIахIоттарх то ца делла Жамалдин вахар, мелхо а эшна, тишделла, Бекисатий, Жамалдинн шайн кIоршамечу къамелехь вовшийн бехке до шайгарчу гIелонна.

Ккхузахь Бадуевс шен персонажийн синхаамаш билгалбахарца гайтина церан хьал-дахар. Пьеса дIайолалуш кIеззигчу ремаркашца кхоьллинчу суртехь, персонажаша вовшашка олучу доццачу дешнашкахь яздархочо кхочуш гайтина ЖамалдигIеран доьзалан дахаран хьелаш.

Пьеси тIехь хьем боцуш билгалдоккху автора Жамалдина колхозера дIавалар марздинарг кулак Арсби хилар: «ДIавала цу колхозера, нахах а, делах а вала воллу хьо», — бехира Арсбис. Юьхьанца колхозан боламах ца кхеташ болу къехой тешара кулакаша дуьйцучех, колхозе ца язлуш а, цкъа дIаязбелларш колхозана юкъара дIабовлуш а меттигаш нислора. Иштта АрсбигIеран эладитанех а тешна, колхозера дIавелира Жамалда а. Амма иза хIинца тIаьхь-тIаьхьа кхеташ вол-

лу, хIунда ца лаьа кулакашна къехой колхозашка язлойла. Жамалда шен урд аха говраш еха вахча, Арсбис: «Юкъахь охана дахь говраш лур ю», — элира цуьнга. Ткъа хIинца кIа хьокхург а ца богIу мах баккха гIерта иза. «Эхь дац иза? Тахана кху кIене а хьаьжна, кхо туьма лахь машинаца хьокхур ду ша элира-кх цо... Даудана а тIаьхь-тIаьхьа алсам гучудолу Арсбина чIогIа реза воцуш Жамалда хилар. Бекисат а, хьалха Арсбис дуьйцучунна мелла а тIе товш хиллехь, хIинца дуьхьал ю цуьнан машинаца шайн кIа хьакхийта а. Арсби хьовха, «кулак-м цуьнан зуда а дера ю, куралла ялла йоллуш», — боху Бекисата цабезамца. Къехошка терра юккъерхой а бу кулакашна тIаьхьара дIабовлуш. Иза билгалдолу пьеси тIехь юккъерхочун Даудан вастаца. Даудана а тIаьхь-тIаьхьа алсам гучудовлу Арсбина тIера сакхташ, иза хьанал вехаш цахилар: «Иза-м ван ца вогIуш дера ца винера кулак. Кхин хIумма а ца хилча а, цуьнан цIеношка а, чуьра гIирс а тоьур бара и кулак ван. Цо лело мах-м бийца а хIунда буьйцура», — боху Даудаа Жамалдица ша дечу къамелехь.

Цу тайппана, юьртан къинхьегамхой кхетта богIу кулакийн ма-ярра йолчу Iалашонех, цара колхозашна дуьхьал лелош долу эладитанаш къехой бацо шайна аьтто хилийтархьама леладойла хууш лаьтта царна. Цуьнца цхьаьна къехошна а, юккъерхошна а ма-дарра билгалдолу юкъара бахам массо агIор а цхьалхахойн бахамал дуккха а тоьлуш хилар. Иза къеггина гайтина автора шен пьеси тIехь. Колхозхойн аренаш ялтех хьийкъина ю, кан буьззина ду кIа, ткъа цхьалхахочун Жамалдин кIа нилха ду, лодара ду. Латта цхьаъ

доллушехь, ялташ таип-тайпана хиларан хьокъехь дуьйцуш Жамалдис боху Дауде: «Э... э... Дауд! Латта цхьаъ хиларх охана ккечу тайпана ду... Цара парана охана дира, ахьий, асий ца дира... Сайн стерчийн мIаьчкашца соьга далур долуш гIуллакх дацара иза... Сан кулак Арсбина хьаставала ваха дезаш хилира...»

Социалистически пачхьалкхо колхозашна юьртабахаман машинаш латтайо, таро хуьлуьйту ялташ дIадер а, кхнадар а Iилманца вовшахтоха. И дерриге а го цхьалхахошна: «Хьажал хьо, Дауд!.. Колхозан могIара хIутосу машина ю, хIу цIандеш машинаш ю. Ялта муха лело деза хаьа, цундела церан ялта дика а ду», — боху Жамалдас. Оцу дерригено а гойту къехошна цхьалхахойн бахамаш лелор Iаламат хала а, шех кIезиг пайда болуш а гIуллакх хилар.

Колхозхоша къехойн терго яр гайтина пьесин тIехь. Кулак Арсби дуккха а мах боккхуш хьакха гIерташ волу цхьалхахойн кIа колхозхоша цхьа а тайпа мах боцуш, къехошна гIо даран хьесапехь хьокху. Колхозехь хIайттархо волчу комсомольцо Хьаьлима вовшахтуху цхьалхахойн кIаш хьакхар. Оцу гIуллакхо тIаьххьара а дIаехира къехойн шеконаш, царна даррехь хиира кулакаш шайна дуьхьал буйла а, колхозе яздаларал пайдехьа хIума шайна кхин цахилар а.

Кулакашна ца лаьа къехойх дIахада, шайгахьара ойла церан дIайнрзинин хууш, боьхна хьийза уьш. Иза къеггина гайтина автора пьесин хьалхара дакъа чекхдолучу суртехь:

«АРСБИ. Жамалда! Со-м аш кIа хьоккхуьйтий аьлла веара.

ХЬАЬЛИМ. КІа оха хьокху.

АРСБИ (хазахетарца). А-а! ДІадоккхийца шуьгара кІа?!

ЖАМАЛДА (Арсбига). Хьан машин а, Арсби, сов еза хиллера. Арсби тхоьгара кІа дІа ца доккху, хІара тхан кІа тхуна, мах а, бол а боцуш, хьокху.

АРСБИ (цецваларца). Мах а боцушший?

БАУДДИ. Боцушший... й...й... (Вуьш боьлу)».

КІа хьакха богІуш болу ИдригІар, схьа а кхаьчна, ага техкош Іачу Рукъята: «Олилой... Болилой... кулакан балех духа дерзий!» — бохуш хезна Арсби, кхин тІе а цецваьлла, ша-шега: «Мунепакъаш. Жоьжахатан богІамаш!» — бохуш юха-кІегар вахара.

Амма къехошна хІинца ма-варра вевзинера Арсби, цундела иза шайх дІахадаво цара. Къехойн ойла колхозехьа яьллера.

Къехой, юкъарчу бахамана реза а хилла, колхозе язбалар гойту шолгІачу декъа тІехь. Кхузахь спрла ду авторан басарш. ШолгІачу декъан юьххьехь хІоттийна долу сурт шен чулацамца а, маьІнца а хьалхара дакъа дІадолалуш хиллачу суртана дуьхьал лаьтташ ду. Цигахь Бадуевс гайтинера ЖамалдгІеран доьзалш, шайн урд лело гІерташ къахьегарна, гІелбелла, дарбелла, оьгІазбахана, вовшашка бистхилар а дукха кІоршаме долуш. Уьрда тІе деанчу аган чохь доьлхуш, тахкийча а ца туьйш, Іуьллу бер, мацъелла ша, бохуш, хьийза Рукъят. Ткъа, шолгІа дакъа долалуш вайна го ЖамалдгІар шайн цІахь: «Когаца ага а техкош, куьйга тоьгана деш Бекисат. Пенах тоьхна Ленинан сурт. Жамалдина денар Іамош Рукъят. Иза шиш а стоьла тІехь букварь

тIе хьоьжуш ду». ХIинца хаза, бертахь Iаш бу уьш, вовшашца белабелла, бекхабелла бу. ЧIогIа хазахетарца дешар Iамо гIерташ воллу Жамалда, шена цунна хьеха хаарна там хилла ю Рукъият, цара доьшучух самукъадолуш, цхьацца йолу меттигаш юх-юха а йоьшуьйтуш, ладоьгIуш ю тоьгана деш Iа Бекисат а.

Иштта кхоьллинчу оцу ши́нца сурто гойту Жамалдин а, Бекисатан а ойланехь мелла а хийцамаш хилар. «Боданах хьалха довла гIерта тхо», — боху Жамалдас. Уьш хIинца ширчух дIакъаьсташ, керлачуьнга тIегIерташ бу.

Социалистически дахаро дахьаш долчу керлачуьнца тIейоьрзу къехойн ойла, керлачу дахарна юкъабахка гIерта уьш. ЖамалдгIеран чохь гулбелла къехой а, юккъерхой а колхозе язбала лууш бу. И хинна веара ккуза Арсби. Цо сацийнера, шен болчу пицкъаца уьш колхозе язбаларх юха баха. Арсбис чIогIа вон юьйцу колхоз, «бала», «жоьжахате», — олий, бен цIе а ца йоккху цо цуьнан. Амма цхьалхахоша ккхин ца лебойту шаьш Арсбига. Иштта къамел хилира церан Арсбица:

ДАУД (Арсбига). Колхозан хьокъехь хIун къинхетам бан воллура хьо тхох?

АРСБИ (шен маж а лоцуш). Цхьаъ эр ду ас шуьга: колхозехь куьйгаш а, когаш а дIадоьхкур ду-кх шун. Зуда а, йоI а колхозехь юкъара хир ю. ХIинца шу шайн тхевнаш кIелахь элий ду!

ЖАМАЛДА. Иштта элий тхо делахь а, тхан бууш муьста берам-сискал-м ду. Оха и гIело хIунда хьоьгура, хьо санна болчара хIунда ца хьоьгура, — иза тхуна хIинца хиъна, тхо цунах ккетта.

БАУДДИ. Кхетта дера, Арсби! Кхин дIа хьоьга тхешан хьацар доуьйтур доцуш-м тхо.

АРСБИ (Бауддига а хьожий). Каш гатлу хабар ма дийца!

БАУДДИ. И бохуш ахь лоькху зурма кIордийна-кх тхуна, деллахьа, Арсби, дитахьа тхо, хьайн тхох декхар ца даллахь!»

Оцу къамелехь дика билгалйолу цхьалхахойн ойла, уьш, цхьаъ санна, массо а дуьхьал ву кулакашна. Шаьш кхин кулакашка хьийзабойтург цахилар сецца дIаханйтира цара. Цхьалхахой кулакашна дуьхьал бу, амма колхозе язбала сиха бац. Адамийн психологи хийцаялар Iаламат хала кхочушхуьлуш гIуллакх ду, иза дика гайтина Бадуевс пьеси тIехь. Цхьалхахой кхета, шайн декъаза бахамаш ло гIертачул, колхозе а хIиттина, юкъарчу бахамехь дакъалацар шайна пайдехьа хиларх. Делахь а, шаьш-шайна а ца хууш, мелла а ийзало уьш колхозе язбаларх. Оцунах кхеташ волу Арсби цкъа а, шозза а ша дIавахийтичи а вогIу къехой гулбеллачу, хIуъу дина а уьш колхозе язлучуьра юкъахбахалур бацара техьа, бохуш, амма комсомолец а, колхозехь хIайттархо а волчу Хьаьлиме ладугIу хIинца цхьалхахоша. Хьаьлима дуьйцу бIаьста ялта дерехь юртахошна хьалха лаьттачу декхарех лаьцна. Цо билгалдаькхира колхозехь цхьаьна кхетта ялта дер а, кхиор а Iаламат бегIийла долуш а, шеца яккхий таронаш йохкуш а хилар. Хьаьлима бохург чIогIа реза хуьлуш тIеийцира цхьалхахоша. Кхузахь кхоччуш туьйлира къехойн ойланехь уьш колхозе ийзош йолу агIо, берриге къехой а, шай-шай хьалха язве а бохуш, колхозе дIаязбелира. Юккъерхо Дауд вара мелла а дегаза, амма башха кIор-

ге йолуш яцара цуьнан догазалла, иза а, кхин болу къехой а, юккъерхой а санна, реза хуьлуш дIаязвелира колхозе. Кхузахь кхин цкъа а билгалдолу цхьалхахой юкъарчу бахамана тIеберзаран хьелаш Бадуевс бакъдолчуьнца ма-дарра цхьаьна догIуш гайтина хилар. Хууш ма-хиллара, колхозаш вовшахтохарехь коьрта тIетовжам къехошна беш бара. Юккъерхошца уьйр а йолуш, кулакашна дуьхьал къийсам латтабора. Иза тидам тIебохуьйтуш гайтина автора шен пьесе тIехь. Юккъерхо волу Дауд а, Жамалда а, кхин болу къехой а санна, колхоза юкъа варехь хьалхе лелош вац, къехошна тIаьхьа вогIуш ву. Къехочо Бауддис: — «Стенна кхоьру хьо, Дауд?.. дIаязло хьо!» — аьлларчул тIаьхьа язвелира Дауд колхозе.

Къехой, юккъерхой колхозе хIиттинчул тIаьхьа а, шайн эладитанаш ца дуьту кулакаша, хIуъу бахьана кхоьллина а, юкъарчу бахамах церан дог даккха гIерта уьш. Колхозе язбелла къехой, юккъерхой гулбеллачу юха веанчу Арсбис боху: «ХIара... аш бехк ма билла, со юха варна... вай дерриге а цхьа бусалбанаш ду. Шуна ца хуург, сайна хууш ца хилча, ас эр а дацара. Теша сох, бусалбанаш... де ас бохург, нагахь шаьш созе язлахь а, ден охана юкъахь ма де. Цунах шу дохко девр ду; соз хьовха и ирс доцу хIоз схьалацарх шу доьлхур ду». Кулакийн хIилла, церан мекарло билгалйолу оцу къамелехь. «Бехк ма билла», «вай дерриге а цхьа бусалбанаш ду», «теша сох», «шу дохко девр ду» — бохучу дешнашца колхозхой шегахьа баха гIерта Арсби, шена царах чIогIа къахетачу хьесапехь. Амма кулакаша къехой лебеш хилла хан дIаяхана, царна дика девзина шайгахьа дерг. Бауддис доцца,

амма маьIна долуш жоп ло Арсбина: «Соз тхуна моз ду, амма хьуна иза къаьхьа хIоз бу».

Колхозхоша цкъа а, шозза а аравоккху Арсби янаьш долчуьра, цуьнан а шен маьIна ду. Кулакашца къийсаме бевлла къехой, царах дIахадор а, уьш эшор а ю цераш Iалашо. Колхозах гIуллакх а хир дац, кхидерг ца дийцича а, ден хIу а Iалашлур дац шуьга, бохучу «кулакашна дуьхьал жоп лур ду вай большевикийн бIаьсте буьззина биччу кечамца тIеэцарца а, охана дараш, ялта дераш план, тIех а еш, кхочушъярца а!» — олий, сацам бо колхозхоша.

ЦIахь а, арахь а хала белхаш беш, чIогIа къахьегарх зударий пергIат бахараш тема а ю пьеси тIехь къастош. Бекисата дуьйцу колхозхойн гуламехь, зударий шаьш хьоьгучу халонех мелла а мукъа бахархьама, колхозехь юкъара кхача бар вовшахтоха дезар а, яслиш яхка дезарх а лаьцна.

Пьесин шолгIачу декъа тIехь гайтина къехой, юккъерхой, колхозе а язбелла, юкъара бахам кхуллуш, цара шайн белхаш дIаболор.

Бадуевн кхин йолу произведенеш а санна, чулацам шуьйра болуш ю «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса. Пачхьалкхо колхозашна техника латтор а, оцу техникех юьртабахамехь нийса пайдаэцар а социалистически дахар дIахIотторехь доккха маьIна долуш хилар билгалдолу пьеси тIехь. Шен идейни лехамаш кхочушбеш автора говза пайдаоьцу сценически гIирсех. КхоалгIа дакъа долалуш сцени тIера, кирхьа схьа а деллало, схьахеза стихотворени, шен мукъамца а, интонацица а трактор охана деш ен гIовгIа дага-

йоуьйтуш йолу. И стихотворени чекхйолуш «Трактор хьалха йогIу, дур, дур деш» боху дешнаш хезаичул тIаьхьа кирхьа деллало тIаккха, диллана кирхьа а долуш, дека стихотворени маьIна шайгахь гучудолу, тIаьххьара дешнаш: «Социализман догIа докх-доккхуш». Оцу дешнашкахь билгалдолу ерриге а пьесин идейни маьIна а: «социализман догIа доккхуш» бара юьртахой, колхоз а кхоьллина, керлачу дахарехьа къийсам латтош болу.

Атта дацара юкъара бахам вовшахтоха, массеран а кхетам цхьабосса бацара. Къехой, юккъерхой колхозе язбеллехь а, берриге а бацара тIебирзина болх беш. Баудди, мекха а сацабой, пхьагалш лелхош лелара. Дауд, балха ца баьхкинарш багар а бой, царна хьалхара болх бийр бац ша олий, волалора. И санна долчу гIуллакхех пайдаэца сихлора кулакаш. «Суна-м тоххара дуьйна а хаьара кху колхозах гIуллакх хир доцийла!», «Хьайн дех дисина цхьа урд а охуш IадIе хьо. Далла а везар ву хьо, нехан безам а хир бу хьоьга». Иштта хабарш дуьйцу Арсбис, колхозхошна юкъа а оьхуш. Хьаьлима а, Жамалдас а шайн белхан масалшца а, хазачу, кхетамечу хьехамашца а тIеберзабо малончаш а, Арсбин эладитанашка ладогIа ойла ерш а. Белхаш дика дIабоьлху, колхоз чIагIлуш ю. Амма кулакаш къар ца белла, цара керл-керла дуьхьалонаш лелайо колхозан дахарна.

КхоалгIачу декъа тIехь пьесин сюжет шех лаьтташ йолу коьрта къовсам — колхозе язлучу цхьалхахошний, царна дуьхьал болчу кулакашний юккъера къовсам — шен кхиарехь лаккарчу тIегIан тIе кхочу. Къехой кол-

хозе язбаларх шайга юха ца баха белча, колхоз кхолларан гIуллакх юкъах ца дита делча, кулакаш, и колхоз чIагI ца ялийта, царна зенаш дан бевлира. Арсбис дарехь схьабоху: «Сан ницкъ кхочуш, кхеран ялта дер а, колхоз чIагIъяр а чекх-м дер дац...» Арсбин а, кхечу кулакийн а цунна дуьхьало ян ницкъ ца кхаьчний бен-м колхоз вовшах а ца кхийтира. Ткъа хIинца шайн берриге а ницкъ тIебохуьйту цара колхозан белхаш юкъах а битина, иза йохаян. Арсбис, колхозхошна гIо дан воллу ша аьлла, хIургонахь шен кIант вахийтира ден дезаш долу хIу схьадан. Хих сехьа волуш, хIургон а харцийна, кIа охьадахьийтира кIанта. БауддигIара хIу хIаллакьхилла бохуш, орца дохучу хенахь, Арсбис, вела а къежаш, ша-шега: — «Иштта хила веза кIант... Дас тIедиллинарг кхочушдеш хила веза», — аьлча, кхета вай и цо дайтина хиларх. Амма Арсби колхозхойх чIогIа кхоьруш ву, цунна шера хаьа, и санна дерг цара шена могуьйтур доцийла. Цундела къайлавала сихло иза: «ГIоза сан ши говр а лелийла, дукха сан кIант а вехийла, кхеран хIу хIаллакдина... Кхарна гучуьра дIа на валахь вер вац. Дукха хууш бу хIорш, шекбовла мега», — олий, дIаваха араволу Арсби. Амма иза къайлавала ца кхиира: колхозхоша сиха схьа а лаьцна, Iедале дIавелира зуламхо.

Пьеси тIехь къеггина билгалдолу колхозаш яхкар — кулакашка дохалур долуш а я сацалур долуш а гIуллакх цахилар. Социалистически дахар дIахIоттош долчу халкъо, кулакаш а, муьлхха а кхиболу зуламхой а шайна новкъара дIа а бохуш, кхочушдора юкъара бахам кхолларан гIуллакх. Арсбис хIу хIал-

лакдича, колхозан ялта деран план юкъах ца йисийта, ишшта тIелацамаш бира колхозхоша:

«БАУДДИ. Тхешан колхозан хIу метта хIоттош, ас пхи гирда хьаьжкIийн лур бу.

ЖАМАЛДА. Ас сайн итт гирда хьаьжкIех 8 гирда хьаьжкIийн лур бу.

ХЬАЬЛИМ. Вайн колхозхоша бертахь и хIу меттахIоттор ду.

ДАУД. И меттахIотто сайн кхаа гали хьаьжкIех ши гали охьадуьллуш со а ву.

ХЬАЬЛИМ. Ас сайн шийтта гирда хьаьжкIех итт гирда охьабуьллу. Вай массо а колхозхоша кулакашна дуьхьал жоп лур ду.

МАССАРА А. Большевикийн ялта деран план шен заманчохь а, юьззина а кхочушъярца.

ХЬАЬЛИМ. ТIаккха а вай жоп лур ду партина ялх гайтам кхочушбарца...

МАССАРА А. Бахамаллехь а, вовшахтохараллехь а колхозаш чIагIъярца».

Автора говза кхоьллина и диалог. Шайгахь коьрта маьIна гучудолу репликаш («Большевикийн ялта деран план шен заманчохь а, юьззина а кхочушъярца»; «Бахамаллехь а, вовшахтохараллехь а колхозаш чIагIъярца») муьлххачу а цхьана персонажо аьлла йоцуш, дукхамма а (массара а) бохуш ю. Иштта чу диалогехь къеггина билгалдолу юкъара бахам кхолларна берриге а колхозхой тIебирзина хилар.

ТIаьххьара далийначу, пьеси тIера хиламаш берзош долчу, оцу сурто гойту, колхоз кхолларехьа болчу къийсамехь толам а баьккхина, къехой хIинца шайн колхозан дола а деш, цуьнан дай а хилла дIахIиттар а, партин кхай-

кхамашна колхоз чIагIъярца цара жоп лург хилар а.

Iаламат халачу къийсамехь толам баькхира ахархоша. Шозза хала къийсам бара иза. Цкъа делахь, шайн когаш кIелхьара латта догийла хууш дарбелла хьийза кулакаш эшо дезара, шолгIа делахь, долахь мелла а бахам хила Iамарна кхоллаелла йолу шайн долахойн ойла хийца езара. Ткъа и шолгIаниг, — шашеца, шен ойланца болу къийсам халахо а бара. Жамалдин вастаца къеггина билгалдолу иза. Колхозе цкъа яз а велла, юха а дIавелира Жамалда. Шен долахь урд, гота, шуста хиларна тIегIерта цуьнан ойла. Оцу ойлано валийтира иза колхозера дIа а. Амма керлачу дахаран тIеIаткъам а бара чIогIа. Кхоллалуш долу социалистически керланиг дара адамийн ойла шегахьа йоккхуш. ТIаьххьара а берриге къехой юкъарчу бахамна тIеберзийра цо. Большевикаллица ялта дерехьа болу къийсам толамца чекхбелира.

Цу тайппана, пьеси тIехь гайтина коллективизаци кхочушъяр Iаламат хала а, чолхе а гIуллакх хилла хилар. Бакъдолчуьнца ницса догIуш ду «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьеси тIехь Бадуевс гайтина Нохчийчохь колхозан болам чIагIбаларан хьелаш.

Йоккхачу исбаьхьаллин корматаллица язйина ю «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса. Халкъан дахарехь доккха маьIна долу хийцамаш хуьлу хан ю Бадуевс шен пьеси тIехь гайтинарг. Коллективизаци кхочушъеш халкъана хьалха хIиттина яккхий халонаш гайтарца цхьаьна, яздархочо кхоьллина исбаьхьаллин ницкъах дуьззина долу турпалхойн васташ. Пьесин хIор персонажан а шен

къаьсттина долу сибат-амат а, шен амалш а ю. Яздархочо цхьана басаршца ца гайтина ерриге а персонажаш, хIор турпалхо а шен дахаран хьелашка хьаьжжина къаьсташ ву. Царах хIорамма а кхочушдеш долу гIуллакхаш церан классови кхетам билгалбоккхуш ду. Масала, къехо Жамалда а, юккъерхо Дауд а, кулак Арсби а шайн гIиллакх-амалшца а, кхетамца а тайп-тайпана адамаш ду. Иза билгалдолу церан къамелехь а, вовшашца йолчу юкъаметтигашкахь а, цара кхочушдечу гIуллакхашкахь а.

Говза диалог ялош а, хазачу маттаца а язйина пьеса. Персонажийн мотт хIораннан шеншен амалш билгалйохуш бу. Къехойн ойланехь хийцам хилар, церан кхетам кхиар, цара буьйцучу маттаца а билгалдаьккхина автора. Колхозе язбеллачул тIаьхьа церан къамелехь кест-кеста хеза цхьалхахой болчу хенахь царна девзина ца хилла дешнаш: «агромининмум», «большевикийн бIаьсте», «ялта деран план», «большевикаллица ялта дер», «юкъара кхача», «ясли», кхидерш а.

Шен произведенин сюжет лерина хIоттайо Бадуевс, и произведени эпически елахь а, я драматически елахь а.

Исбаьхьаллин произведенешкахь сюжет кхоллар яздархоша кхочушдо исбаьхьаллин къовсам (конфликт) гайтарца. Исбаьхьаллин къовсамехула кхочушхуьлу произведени тIерачу гIуллакхийн къастар. Ша тайпа маьIна ду исбаьхьаллин къовсаман драматически произведенешкахь. Кхузахь дерриге васташ кхоллар а, гIуллакхийн кхиар а кхочушхуьлу деккъа драматически къовсамехула. Повествовательни произведенешкахь санна, автора

къамел ца хуьлу пьесаш тIехь. Цундела пьесийн персонажийн амалш церан шайн къамелашкахь, цара лелочу гIуллакхашкахь гучуйовлу, автора ша дуьйцучуьнца, шен ойланаш гайтарца билгал ца йохуш. Драматически произведени сценин тIехь хIоттош ю. Цу тIера турпалхой вовшашца къийсаме бовлу, дукха хьолахь Iаламат ира хуьлу царна юкъара къовсам, хьовсархойн гIдам чIогIа шена тIехь латтош. Оцу къовсамехь билгалйовлу персонажийн амалш, церан дуьнене хьежар. Авторан лехамаш а, пьесин идейин чулацам а билгалболу драматически къовсам кхиаре а, берзаре а хьаьжжина.

«Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьесин сюжетехь къеггина билгалйолу авторан Iалашо. Пьесин кхаа декъах хIоранна тIехь а кхочушдина билггал долу цхьамогIа гIуллакхаш къастор. Иштта, хьалхарчу декъа тIехь исбаьхьаллин сурташкахь гайтина цхьалхахойн гIийла хьал-дахар. Кхузахь билгалдоху къехойн дог-ойла кулакашна дуьхьал яла йолаялар а, юкъарчу бахамна тIеберза гIерташ уьш хилар а. Шайн долахь болчу цхьалхахойн бахамах къаста а ца лууш, ткъа колхозан дахаре ойла а лаьтташ — шина даггахь бу къехой. Шайн ойла иштта екъаелла хиларна, шаьш шайца къийсамехь бу уьш. Цу тайпана, цкъа делахь, кулакашна дуьхьал а, шолгIа делахь, шайн долахойн психологина дуьхьал а — шалхачу къийсаме бовлу къехой. ШолгIачу декъа тIехь сюжет кхиар кIаргло. Берриге а къехой а, юккъерхой а колхозе язбелла, амма кулакаша колхозана еш йолу дуьхьалонаш тIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш ю. Колхозхойн кулакашка болу набезам а хаддаза

алсамболу. И дерриге а кхочушхуьлу прачу классови къийсамехь. Пьесин сюжет шен кхарехь лаккхенга кхочу кхоалгIачу декъа тIехь. Колхозан дахар толуш ду, хIайттараллица болх бо дукхах болчу колхозхоша, малончаш а, дегаза берш а, кхетош, балха юкъа а озош. Амма кулакашка ца лало колхозан белхаш иштта дика дIабахар, уьш даррехь зуламаш дан бовлу колхозана. Ден кечдина долу колхозан дерриге а хIу хIаллакдо цара. Кулакашна моьтту хIинца колхоз юхур ю. Амма колхозхоша боккхачу айамца сацамбира хIорамма а шаьш цIахь Iалашдинчух хIу а деана, ялта дер большевикаллица чекхдаккха. Иштта ду пьеси тIерачу гIуллакхийн дерзар.

Цу тайппана, хаддаза кхуьучу хиламех лаьтташ ю пьесин сюжет. Оцу хиламашкахь билгалбовлу адамийн ойланехь а, церан дахарехь а хуьлуш болу хийцамаш.

Шен персонажийн къеггина долу васташ оцу чолхе йоцучу сюжетехь кхоьллина драматурга. Пьесин коьрта къовсам шайн социальни тIетовжамашца а, шайн гIиллакх-амалшца а билгалйолчу персонажаша кхочушдечу гIуллакхашкахь къаьсташ бу.

А. М. Горькийс шен «Пьесин хьокъехь» цIе йолчу статья тIехь а гайтина ма-хиллара, драматургехь исбаьхьаллин вастан ницкъ цо шашен билгалдаккхарца гучуболуш бу[1]. Иштта, «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьеси тIехь а, автор юкъа гIортар доцуш, шайн къамелашкахь, шаьш кхочушдечу гIуллакхашкахь билгалйовлу персонажийн амалш.

---

[1] *Горький М.* О пьесах. — В сб. «Горький о литературе». М .,«Советский писатель», 1953, с. 395.

Иза ишта доллушехьа а, авторан тIетовжамаш, цуьнан дог-ойла къеггина билгалйолу вайна пьеси тIехь. Социалистически керланиг чIагIдеш болу Хьаьлим а, Идрис а, Жамалда а, Бекисат а, Баудди а, кхиберш а шайга безам бохуьйтуш, шайн оьздангаллица, гIиллакх долуш хиларца, цIенчу дог-ойланца шаьш безаболуьйтуш бу. Ткъа Арсби шен ерриге а амалшца шега цабезам кхуллуш ву. Арсбин лехамашна дуьхьал ву автор, цундела цуьнан васт а лахдеш, адамийн ойла цунна дуьхьал йоккхуш кхоьллина цо. Хьаьлима а, цуьнца болчара а чIагIбийраш авторан идейни лехамаш бу, цундела оцу турпалхойн васташ йоккхачу дегайовхонца кхоьллина Бадуевс.

Дахарехь хIиццца хуьлуш лаьтта гIуллакхаш дара Бадуевс шен пьеси тIехь къастийнарш. Нохчийчохь колхозаш йохкуш а, оцу колхозашна дуьхьало ешш, кулакаш карзахбевлла а хан яра иза. Къеггина долчу исбаьхьаллин сурташкахь пьесин автор кхойкхура юьртахошка, шайна новкъара кулакаш дIа а бахий, колхозаш вовшахтоха, бохуш. Коллективизаци кхочушъяр халкъан бахамехь доккха маьIна долуш гIуллакх хилар а, юьртахоша иза кхиамца кхочушдийриг хилар а чIагIдо «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьеси тIехь.

Пьеси тIера цхьадолу васташ шаьш кхоллархь кIоргалла йоцуш, тIехулара гайтина ду. Пьесин коьрта лелорло ю коллективизаци кхочушъярехь партис дина куьйгалла цу тIехь гайтина цахилар. Бакъду, Бадуевс комсомольски организаци болх гайтина. Комсомольцийн куьйгалхочун Хьаьлиман гIуллакхаш дуккха а дийцина, амма коммунисташа, партийни орга-

низацис беш болу болх ца гайтина. Хьехош а, пьеси тIехь буьйцуш а-м бу и болх, амма кхачам боллуш долчу исбаьхьаллин васташкахь гайтина бац. Ша цул тIаьхьа язйинчу «Политотдел», «Самаяьлла ячейка», «ЖаIуьнан доьзал» цIераш йолчу пьесаш тIехь драматурга кхоьллира юьртарчу коммунистийн васташ, гайтира социалистически юьртабахам дIахIоттаторехь цара кхочушдеш долу гIуллакхаш. Масала, «Политотдел» пьеси тIехь кулакашца латтийна къийсам гайтина ца Iа Бадуев. Цу темица цхьаьна йогIуш кхин цхьа чIогIа оьшуш йолу тема а ю: халкъана юкъара схьабевллачу партийно-советски белхахоша шайна Iедало тIедиллина гIуллакх дог цIена, дан ма-дезза ра кхочушдар. Ялта гулдаран уполномоченни волчу Оьцукаевс кулакашка узу, хIума оьцу. Iедалца и ямарт ву. Цунах терра лелаш ву сельсоветан секретарь Дебиг а. Халкъана юкьа даьржинчу оцу сакхташа социалистически дIахIоттамна новкъарло йора, цара классови мостагIчуьнца латто безаш болу къийсам мелла а малбора.

Шен юьртахь долу и «бозбуанчаллаш» гучудовлу партсекретарана Хьаьлимана. Цо сихо йо уьш лелош болу нах Iорабаха а, кулак волу Арснакъа а, подкулачник волу Хьапуз а къинхьегамхошна новкъара дIаваккха а.

И тайна къовсам хIоттор, цо шеца дахьаш долу социальни зен гайтар, ма-дарра аьлча, массаьрга а далур долуш хIума дацара. Дахарехь лелаш долу зен — вай дуьйцург къоман куьйгалхо ши юьхь йолуш хилар ду — Iорадаккха йоккха граждански къонахалла оьшура. Бадуевн пийсархошка-яздархошка иза ца даделира, ткъа СаьIнда цунах лаьцна майрра

дош элира. Цуьнан бахьана дара яздархочунна партин политикех халкъ ма-хуьллу сиха кхето лууш хилар.

1932 шеран февралехь хиллачу ЦК-н XVII-чу партийин конференцехь билгалдаьккхира: социализм дIахIоттош бечу белхийн хIинцалерачу муьран декхарех коьртаниг — халкъ кхетош-кхиор ю, «вайн мехкан массо а къинхьегамхо хьекъалца а, хIайттараллица а классаш йоцу социалистически юкъаралла дIахIотторхо а вешI»[1]. «Политотдел» пьеса оцу конференцис биначу сацамашна нийса жоп луш яра.

Бадуев СаьIидан пьесийн идейно-эстетически чулацам кIаргбеллера къаьсттина 30 шерийн шолгIачу эхенгахь. 1935—1937 шерашкахь язйо цо «Дашон Iам», «ЦаIебийна зуда ялор», «ЖаIуьнан доьзал», «Хаза бIаьсте», «Лаьмнаш хийцало». Уьш, театран сцени тIехь хIетахь хIиттийна елахь а, хIинца а кароза ю. Царех цхьацца йолчеран чулацам вайна бевза Бадуеви заманхоша хIетахь газеташ тIехь яздаран бахьана долуш. Масала, хIинца а нохчгIалгIайн драмтеатрехь болх беш волчу Зубайраев ЯрагIис яздора 1937 шарахь:

«Нохчийн къонахчу драматурга Бадуев СаьIида нохч-гIалгIайн къоман театр кхоллаелчхьана дикка пьесаш язйинна: «ЦIинэн гIан», «Дашон Iам», «ЦаIебийна зуда ялор», «Хаза бIаьсте», «ПетIамат», и. дI. кх. цIерш йолуш. Оцу пьесашна юкъахь нехан самукъа даларехь а, шен маьIница а къаьсташ ю Бадуев СаьIида дукха хан йоцуш яьккхина «ЖаIуьнан доьзал» цIе йолу пьеса.

---

[1] «КПСС в резолюциях и решениях..», ч. III, М., с. 150.

«ЖаIуьнан доьзал» цIе йолчу пьесано гойту, 1929 а, 1930 а шерашкахь дуьххьара Нохчийчохь колхозаш вовшахтохар муха хилла а, оцу заманчохь къехой колхозаш юкъа ца бахкийта гIерташ классан мостагIаша-кулакаша лелийна агитаци а, оцу агитацина дуьхьал а, колхозаш чIагIъярехьа а партис латтийна къийсам а»[1].

Драматурган турпалхой, цуьнан пьесаш тIера хиламаш халкъан дахарера схьаэцна бара, халкъана хьалха лаьтташ йолу IалашонаIш кхочушъяре хьажийна а бара. Цундела адамашна оьшуш яра и пьесаш, реза хуьлуш цара тIе а оьцура уьш.

V-гIа корта

Бадуев СаьIидан кхоллараллехь социалистически реализман метод чIагIъяларг

I

Литература кхоллалучу муьрехь цунна юкъа веанчу Бадуевс еара кхечерчух къаьсташ а, чIогIа оьшуш а йолу теманаш, цундела литературан жанрийн пхеначш яздархочо говзаллица аьллачу довхачу дашах дуьзира. Шен кхолларалла йолалушшехь цо шена хьалха хIиттайо хала IалашонаIш: ша вехаш волу хан, нохчочун политически кхетам кхиаран некъаш

[1] «Ленинан некъ», 1937, 20 май.

гайта волавалале хьалха стеган дIадахана дахар кхачам боллуш таллар, иза патриархальни дахаро, динан хьехамаша кхиоран сурт хIоттадар, къннхьегаман стеган хьекъал дIаоьцуш, иза даима а снйсазвеш, дино лелнйна бозбуанчаллаш гайтар, цул тIаьхьа революцин ларцо цуьнан патриархально-родовой Iердахар кагдар.

И чолхе, амма чIогIа оьшуш йолу теманаш хIиттош а, йостуш а Бадуев шен цхьа раж йолуш ву. Цуьнан кхолларалла ерриге а кхоччуш теллича, гучудолу вайна, муха дара цуьнан, реалистан кхиар, нсбаьхьаллин говзалла алсамъялар, граждански тIетовжаман керлкерлачу басаршца лепар.

20 шерийн шолгIачу эхехь кхуьуш йолу нохчийн литература халкъан амалан духовно-нравственни чулацам гайта йолаелира. Коьрта долчуина иза дозуш дара литература кхуллучарна а, керлачу интеллигенцина а бIешерашкахь тIаьхьадисина лаьттина халкъ социалистически новкъа доккхуш беш лаьттачу белхийн доккхах долу дакъа нсбаьхьаллин дашо шена тIеоьцийла кхоччуш хиъна хилар. Иза вай билгалдаккха дезаш ду хIунда аьлча, и тайпа кхетам яздархошка йозанан литература кхиарца бен боьссина ца хиларна. Цундела хийцало вай дуьйцучу шерашкахь произведенийн чулацам, шорло церан теманаш. Ткъа оцу хенахь литературан кхнамаш хиларан коьрта бахьана цуьнан керла жанр кхнар а, идейно-тематически керла боламехь иза йолаяларца а дозуш дара.

Хьалхара болам бозуш бара Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан, Мамакаев Мохьмадан, Бадуев СаьIидан поэзица. Оцу поэташна гора

шаьш дехаш долу зама, цуьнан хийцамаш, гIиллакхаш, оьшурш. Шайн заманан идейни кIорге шайн поэтически корматалле хьаьжжина халкъе кхийдайора цара, цунах лаьцна дуьйцура, хьалхахьа кхойкхура. Церан стихийн чулацамо гойту партис юьртабахамехь цу хенахь дIакхехьна политика уьш халкъана йовзийта гIерташ хилла хилар.

Халкъан турпалаллин истори исбаьхьаллин дашца дешархочунна йовзийта гIертара цу хенахь Яндаров Мохьмад — «Макажойн имам», Шерипов Денилбек — «Iалбик-Хьаьжа Зандакъара» пьесашца, Мамакаев Мохьмад — «ЦIий хуьйдина лаьмнаш» поэмица.

Вай билгалбинчу тематически боламашца цхьаьнауьйш, делахь а маьIинца ша къаьсташ яра оцу хенахь литературехь кхна йолаелла сатирико-юмористически жанр. Эльдарханов Iисас яздинчу «Нохчийн дийцарша» а, Сальмурзаев Мохьмада кхоьллинчу «Нохчийн прачу дийцарша» а билгалдоккху къоначу яздархоша заманан коьртачу теманашца цхьаьна халкъан хьекъалх, цунна шена тIехь долу кхачамбацарш гарх лаьцна яздеш, керла стаг кхиош болх бина хилар. И жанр халкъан барта кхолларалллина тIехь кхуьуш яра, цо карарчу заманна жамIаш ца дора, цо стаг цхьанца болчу нахера дуьйлучу оьзда доцчу гIуллакхех лар а веш, кхетош-кхиавора. Керла зама талла декхарехь кхин жанраш а яра.

Литературан кхиаран дийнна сурт хIуттур дацара, нагахь санна вай кхоалгIачу тематически боламна тIехь жимма алсамо ца севцича.

20 шерийн шолгIачу эхехь литературан юьхь йинарг Бадуев СаьIидан кхолларалла яра.

аьлча а, цуьнан дийцарш, повесташ стихаш яра. Церан идейно-тематически лехамаш шайн кIоргенца а, шораллица а къаьсташ бара литературан кхечу жанрийн лехамех. И хан йолалуш йогIучу литературехь дийцаран жанро заздаькккхина хан яра.

Бадуев СаьIнда юкъаялийначу дийцарийн темано, ма-дарра аьлча, оцу хенан литературийн берриге а коьрта лехамаш шена тIехьовзийра: оццул чIогIа бара динан идеологи, дино таIийна латтинчу стеган теманаш схьайоьллуш яздархочо гайтина исбаьхьаллин ницкъ.

И тема нохчийн исбаьхьаллин дашехь хьалха а йолуш яра. Йозанан литература кхиале халкъан барта кхолларалло тоам боллуш Iорадоккхура молланашний, динан къинхьегаман стагехь латтош долу Iазап. Амма цу тайпана тема йолчу барта кхолларалли на ца гоьара и тема социально-классови агIор гайтар, ца хаьара идейни шораллица дахаран чолхе агIонаш йовзийта.

Социалистически хенан хьашташна сема волчу Бадуев СаьIнда шен кхолларалли коьргачу Iалашонехь хьалхарниг лорура динний, къинхьегаман стаганий юкъахь йолу гамо гайтар. Къона литература оцу хенахь дукккха а зеделларг доцуш, шега ницкъ база яра. Цундела яздархочо, халкъан керлачу дахарна новкъарло еш долу ширделла Iадаташ, шариIат Iорадохуш, халкъан барта исбаьхьаллех пайдаоьцу, къаьсттана забарен-сатирически дийцарех, хабарех, кицанех. Фольклоран оцу бухо сихо йира билгалдаьхначу шерашкахь дийцаран, тIаккха повестан жанраш кхуьуш.

Нохчийн забарийн, сатирический дийцарш

кхолладелла, хетарехь, Нохчийчохь феодальни юкъаметтиг кхуьучу хенахь. ХIетахьлерчу забарийн, сатирически дийцарийн маьIна социальни лакхенаш Iорайохуш ду. Вайна го шайхийн, молланийн, къанойн, тIаьхьо кхолладеллачу дийцаршкахь — суьдхойн, пурстоьпийн васташ. Оцу дийцаршкахь, Марксан дешнашца аьлча, халкъ беламца къаьста шен ширачу дIадаханчух. Шен дахарехь гуттар ширделлачух ца дешаш, доьлу халкъ, цунна шера го шен Iер-дахарна новкъарло еш долу хIума. Цул совнаха, дийцаршкахь кхоччуш билгалъяьлла хьоладайн, къехойн юкъаметтиг, цундела халкъо тIеттIа кхиайо дахарехь кхоллаелла социальни юкъаметтиг а, нравственни а, эстетически а норманаш хийца дагахь шен йолу ойланаш а.

Ала деза, барта кхоллараллехь тайп-тайпана болчу социальни бекъамийн векалш хиларо а, хаалуш церан амалш билгалъевлла хиларо а, церан тIетовжамаш къаьстина хиларо а йозанан литература кхуллуш цунна хехь лаьттинчу яздархошна боккха тIеIаткъам барх. ГIараваьлла волчу оьрсийн Iилманчас В. Проппа боху: «Шен чулацам дахарца бозуш бацахь а, тоьлур ду, къаьсттина, Iер-дахарх дуьйцуш дерг, йозанан реалистически повествовательни бух биллинарг».

Нохчийн забарийн дийцарийн, притчийн шайн сюжеташ, идейш, васташ ду. Кхоллалуш лаьттачу йозанан литературана и халкъан исбаьхьаллин дош кхачалур доцу шовда дара, литературо цу чуьра сюжеташ, васташ схьаоьцура.

Доцца аьлча, и тайпа бахьанаш дара 20 шерийн шолгIачу эхенехь дийцаран жанр кхечу

жанрел сиха кхийнарг. Лаккахь вай ма-аллара, церан коьрта тема социалистически дахаран новкъа волуш воллучу нохчочунна бIешерашкахь хьалха Iадатой, шариIатой бина, цуьнан тIамарх боьлла хьехамаш хIинца цунах дIакъаьсташ хуьлуш йолу халонаш гайтар яра. Цул совнаха, леррина оцу темина яздина долчу дийцарша, повесташа, пьесаша стеган дахаран дуккха а агIонаш а гойтура.

Язда волалушшехь дийцарехь дикка кхамаш боху СаьIида. Цуьнан дийцарийн хорма чолхе яц. Церан сюжеташ, коьрта цхьаъ я шиъ турпалхо а волуш, цхьанхьа а мал ца луш, пружина санна, юьйлина хуьлуш ю. Дийцарш, дукха хьолахь, дагалецамийн хормехь автора шен цIарах яздина ду.

Вай билгалйинчу хенахь, 20-гIа шераш чекхдоллалц, Бадуев СаьIида яздина массо а дийцар, повесть Iадато, шариIато стагана беш болу кхетаман ницкъ гойтуш яздина ду. Эрна дац цундела оцу циклан дуьххьарчу дийцаран цIе «Iадат» хилар а, тIаьхьо и дийцарш «Iадаташ» (1930 шо) цIе йолчу шина сборникана юкъа дахар а: яздархочо цу кеппара йовзуьйтура церан тема, шен Iалашо исбаьхьачу дашца, Iадаташца къуьйсур юйла а хоуьйтура цо.

Бадуев СаьIида и тайпа дийцарш яздечу хенахь нохчийн цу хенахьлера литература, дийнна схьаэцча, советски заманан сибат кхолла гIерташ яра. Дукхах болчу яздархойн кхолларалле хь диллина стеган васт дацара, царна, ма-дарра аьлча, и кхолла хаа а ца хаара. Уьш иза кхолла некъаш лоьхуш бара.

Ткъа СаьIида юьхьарлецира шен некъ: хIо-

ра керл-керлачу дийцарехь стеган амалан цхьацца зил гойтуш, цо тІаьххьара а дийна сурт хІоттадора керлачу хенаца цхьаьна ван кечлуш волчу шен заманхочуьнан, цу кеппара кхуллура цо къизачу Іадатан васт. Стеган амалан чолхенаш, хІетталц къоман психологи ларалуш долчу Іадатан юьхь гайтар дуьххьара Бадуев СаьІида далийна похчийн литература юкъа. Шуьйра а, Іаламат чолхе а йолу и тема тІеттІа толлуш, цуьнан бес-бесара агІонаш билгалйохуш дІавоьду иза, шен кхолларалли-ца дахаран кІоргенашка кхийдаш.

...Дуьне санна, дукхаеза Илесана Аьлбика. ЙоІана кІант а веза ишта дукха. Ша цхьана баттана цІера волуш хиларна цуьнан куьйган йовхо шеца дІаяхьа Илеса Аьлбикин куьг лоцу, йоІа дІа а кховдадой. Эладита даьржа. Илес Аьлбикин шина вашас вов, цул тІаьхьа и шиъ вов Илесан наха. ТІаьххьара а Аьлбика, шена тІехІоьттина бала ла а ца лой, дог а эккхий, ле.

Масала, «Іимран» дийцарехь, Сальмурзаев Мохьмадан «Кхетаме Хьамид» дийцарехь санна, коьрта турпалхо молла ву. Амма нагахь санна «Кхетаме Хьамид» тІера молла Дауд, цуьнга цІеххьана хьаьжча, дагахь вон хІума доцуш, нахана йина кІезиг-мезиг васаш ца лерина, цуьнгара даьлла хІара ду аьлла хІума дацахь, «Іимран» дийцарехь моллин васт дуьззина диллина ду, цо шен классови чулацам, шен классови юьхь шен леларехь гучуйоккху.

Оцу дийцарехь Бадуев СаьІид бакъдолчуьна тІера дІа ца херло. Цо произведени бух хилла дІахІоьттина гІуллакхаш, шо билгалдоккху. И тайпа бакъдерг яздархочунна оьшуш дара керла дахар дІахІуттуш цуьнан кхиамаш мел хилч революцин мостагІийн оцу дахарца болу цабезам кхоччуш Іорабаккха. Яздархочо боху цу тІехь дуьйцуш дерг 1921 шарахь хилла... Хьалхара шо дара Нохч-ГІалгІайчохь Советан Іедал кхоччуш дІахІоьттина. Хьалха хилла дахар доьхна, мацалла яьржина тайп-тайпана идейни боламаш кхолла-белла. Бадуев волало къинхьегаман халкъан, революцин классови мостагІий гайта. Церан могІарехь хьалха лаьтташ дара молланийн васташ.

...Хьуьжарехь доьшуш волчу Іимрана, мутаІеламашна а хууш, цара пахера дехначу ахьарх жим-тІама шен цомгуш йолчу наний, пхи шо кхаьчначу вешиний кхоьхьийла тосаделла молла Іаламат оьгІазвахана вара. Цкъа, цхьана сарахь, ша деана ахьар а хьакхийна, цупах бина кхача шен наний, вешиний бала гІерташ Іимран воллуш, церан жимчу хІусамна чуиккхинчу моллас, цуьнан карара схьадаьккхина, текх ара кхуссу лай тІе. Шелделла, мацделла долу кхо адам суьйренан пхьор доцуш дуьсу.

Бадуевс шен турпалхойн психологи цара дечу гІуллакхашкахула гойту. Кхолларалли-ни Іалашо кхочушъеш, Бадуевс гІо оьцу антитезах. Яздархочо гойту Іимран оцу сарахь шен нанний, вешиний яа хІума лаха араваьлла, хьоькхуьчу дорцехула дІавахар а, ткъа молла, шен цІа а веана, чІеналгаш даа охьахаар а. ЦІеххьана цунна дагадогІу, цкъа цхьана хенахь Іимранан нанас Зайнапа, моллас шега дагар хаийтина аьлла, нахе дІа а вийцина, ша юьхьІаьржа хІоттавар. Шена тІе йоккха кетар а юхий, иза лечкъий вогІу ІимрангІеран

харцца йоллуш лаьттачу лаппагIина тIе, цуна гIортор йина лаьтташ йолу дечиг дIайоккху цо. Ахьар а, дечиг а дахьаш цIа веанчу Iимранна го шайн цIеноЙн охьакхетта пен а, гIорийна делла Iуьллуш долу наний, ваший а...

Вайна ма-гарра, яздархочо халкъан барта кхолларалле хь нислучу моллин вастан цхьацца йолчу амалех пайдаэцна (масала, тешнабехкен, къниза хилар), амма и васт ша Iорабаккха воллучу социальни дIахIоттамна тIеозадо. Кхечу дешнашца аьлча, фольклорин васташ, шайн цхьацца йолчу амалшца, халкъо шаьш кхоьллинчу хормехь дисахь а, яздархочун кхолларалле хь литературни вастех тарло, уьш юкъараллин социальни тIегIанийн векалш а хуьлий дIахIуьтту. Оцу билгалонаца дозуш ду 20 шерийн литературехь прозин кхиар. И тайпа некъ дахар реалистически гойтучу новкъа литература йолуш беш болу некъ бара.

Амма билгалдаккха дезаш кхин цхьа хIума а ду: оцу хенахь прозехь болх беш хиллачу Сальмурзаев Мохьмадана а, Эльдарханов Iисана а шайн кхолларалле хь социальни зулам лелочу молланашца къуьйсучу керлачу стеган васт кхолла хало дара. Цуьнан бахьана дозуш ду, суна хетарехь, оцу яздархошна шайна дика хуучу, исбаьхьаллин къайленаш дика евзачу фольклоран зеделлачух дIакъаста хало хиларца а, керлачу стаганий, юкъараллинин вовшашца кхоллаелла керла юкъаметтиг кхоччуш гайта ца хаарца а. Оцу яздархоша диках дохку ширачунна тIетеIаш болчеран васташ, хIунда аьлча, и тайпа васташ фольклорехь шайх теранаш болуш дара. Бусулбанийн динан векалша цу хенахь ондда тIеIаткъам бора къинхьегамхошна. Цундела эрна дац, дахаран бакъдолчуьнца дозуш а дара яздархойн хьалхарчу муьран кхолларалле хь къинхьегамхойн векалш динан дайша эшийна, таIийна латтор.

«Дешархо... Айхьа ойла ехьа кху гIуллакхан. Лаьцча хIун дара Илеса Аьлбикин куьг? Цо и ца езаш я цуьнан нахаца хьагI йолуш, я гамо йолуш-х ца лаьцнерий и. Аьлбикас Илесе куьг шен вежарий юьхьIаьржа хIитто-х ца деллерий!.. Ца хаьа суна-м, дешархо, хьо хьуо гуш ву-кх, нохчийн муьлхха а Iадат схьалаьцна хьаьжча, иза шех зулам далазий, бохам па болушший дац-кх».

Бадуевн дийцарийн турпалхойн цо кхечу жанрашкахь кхоьллинчу турпалхойх къаьсташ цхьа башхалла ю. Уьш шайна тIехIоьттина хало ловш, цуьнан бахьанина тIаьхьакхна ца гIерташ, чекхбовлу шайн дахарехь. Ма-дарра аьлча, уьш цхьа а дахар нисделла ваха ца хин. Уьш, массо а бохург санна, хIаллакьхилн. Оцу турпалхойх цхьаммо а ша-шега ца хотту: стенах дозуш ду соьга хIара бала боссаран бахьана, мел ницкъ тоьар бу сан хIара гIуллакх хийца? Бакъду, царех цхьацца ммо ала-м олу: «Нохчийн Iадат бахьанехь». Амма оцу Iадатан социальни орамашна тIаьхьакхна гIерташ стаг вац царех.

Турпалхой ншта ледара, шайн прсе кхача гIерташ цахилар яздархочо шена хуъушехь дитинера: дийцарш тIехь дуьйцург яханчу заманахь хилларг дара, ткъа оцу хенахь церан, оцу турпалхойн, ницкъ алсамбаккха, хьекъал самадаккха йоккха Iалашо яцара къинхьегаман халкъана юкъахь лиэлаш. И Iалашо тIаьхьо кхочур ю цуьнга. И Iалашо кхоллаел-

лачу хенах лаьцна ша яздеш, цо кхин амал йолу турпалхой кхуллур бу.

Иза къаьсттана повеста шкахь хаало. Царех лаьцна вай жимма лахахь а дуьйцур ду.

Бадуевн хIора турпалхо ша вехачу заманца чIогIа зIе йолуш ву, кхечерчух тера йоцу шен амал йолуш, дийцарехь юьйцучу кIеззигчу заманахь и амал хийцаялар автор тIетеIаш, ницкъ беш дац турпалхочунна. Иза ша вуьту цо чолхечу дахарх кхета а, цу дахарехь шен даго хьоьху некъ харжа а. «Цадешар — бода» цIе йолчу дийцарна тIера ахархо ГIебарт молланаший, совдегарший Советан Iедална дуьйцучу эладитанаша карзах ваькхина, шен кIанте Хьамзате латинан йоза ца доьшуьйтуш, цунна етташ, «копар-кериста хир хьох» — бохуш, схьавогIу, дахарехь хиллачу цхьана гIуллакхо ша сама ваккхалц. Цкъа, цхьана дийнахь, Iаьрбийн дешар ца Iамадо, аьлла, йиттина, шен кIант Хьамзат цIахь вуьтий, шен зуда Бикату оьций, асара воьду ГIебарт. Бикату цIахь ю моьттуш, цуьнга шена кIархийн бустамаш дахийта «Серло» газета а дахьаш цаьрга йогIу лулахо Рукъият. И газета Хьамзата шена деша доьху. Цунна цу тIехь заемийн кхаж тасаран таблица а карайо, церан заеман кхаж а болу. Сарахь цIа веанчу ГIебарта, газета карахь а долуш, наб кхетта Iуьллучу кIантана дов а дой, шайн заем юхку, шега номерш дIа а язъеш, нахана уьш юхкушйоцуш лелачу Ахьъядана. Кхано самаваьллачу кIанта кхаж балар шега дIадийцича, ГIебарт ца теша. Амма, воьдий, шен заем схьа-м йоккху цо Ахьъядера. Ткъа ГIебарт хIун стаг ву а, цуьнан дахарехь хилла некъ а, цуьнан деган, куьйган цIеналла а гайта Бадуевна дукха меттиг ца эшна. Иза цуьнга масех дашца даделла:

«— Ас хьайга дIаелларг яхьар ю ахь, — олу шен заем Ахьъядера схьаяккха ваханчу ГIебарта. — Сайниг ерриг хьацарша а юьзна ю хьуна». Доккха маьIна доллу оцу тIаьхьарчу дешнех. Цара хоуьйту вайна ГIебарт къинхьегамца шена а, шен доьзална а спскал йоккхуш лелаш стаг вуйла, ткъа Ахьъяд нехан хьацарх векхаш лелаш ву.

Амма цул тIаьхьа-м ца хуьлу ГIебарт шен кIантаца шога, цунна деша лаарна дуьхьал. Мелхо а шен книгаш а, тетрадаш а, кхийолу дешархочуьнан хIумнаш а оьций, Хьамзат школе вохуьйту, цуьнга шена йоза хьехар а доьху ГIебарта.

Бадуевс доццачу дийцарца хан а, меттиг а, стеган дахаран мур а, турпалхочуьнан хIуманах кхиар а гойту. И турпалхо цу дахарна юккъехь хиларна цуьнан киртигаша кхиаво.

Нохчийчохь Советан Iедал дIахIоьттинчу хьалхарчу шерашкахь къаьсттана шеца луьра къийсам латто безаш дара дIаяханчу къизачу замано бухадитина Iадат, шариIат, цара новкъарло йора нохчийн халкъ социалистически новкъа дала долалуш. Оцу халкан балица исбаьхьаллин дашца къийсам латто бевллачарех хьалхара ву СаьIид Бадуев. ШарIо нахана деш долу моральни а, нравственни а зен гойтуш долу дийцарш дукха ду С. Бадуевн. Царех муьлххарг а кIорггера драматизм йолуш, стеган дийна амал а гойтуш, йоккха идея яхьаш ду шеца. Масала, тоьар дара «ГIу», «Зайнап», «Iимран», кхидолчуй дийцарийн цIераш яьхча, хьалха хиллачу вайнехан дахаран а, амалан а башхаллаш йовза.

Вайна ма-гарра, Бадуевн дийцарийн ша тайпа форма ю: Іадат, шариІат Іорадоккху дийцар чекхдолуш, авторо дешархо кхетаво: «Дешархо, я накъост! Иза ишта а, ишта а ду хьуна, иза ишта ца хиллехь, хІара кху кеппара хир дацара хьуна», — олий. Оцу тайпанчу книжки тІера схьа авторо дешархочуьнца къамел дар чІогІа мехала а, оьшуш а дара цу хенахь. ХІунда аьлча, кІорггера йоза-дешар ца хууш волу дешархо керлачу замано хьалхахІитточу декхарех кхето везаш вара. Ишттра сиха евзара дешархочунна ширачух бухадисинчу гІиллакхийн кІорге. Цул совнаха, Бадуевна чІогІа лаьара, дийцара тІехь гайтарал совнаха, Іадатой, шариІатой шен халкъана бен ницкъ багахь балхо. Цундела Бадуевн дийцарийн социальни маьІна чулацамал а дуккха а шорло, совдолу. Цундела доццачу дийцаро диц ца лун васт кхуллу. Динан тема йолу Бадуевн дийцарш, яздархочо даггара дийцарна, публицистически хормане доьрзу. Къаьсттина иза билгалдо цуьнан дийцарийн чаккхенаша. Цигахь гучуболу авторан гражданскн тІетовжам а.

Бадуевн кхолларалла хь йоккха меттиг дІалоцу дийцарша. Ткъа хІун бахьана дара-техьа Бадуевна дийцарийн жанр «тайна» хиларан, стенна оьшура-техьа цунна и тайпа доца а, деха а дийцарш, ша поэт а, драматург а хилча?

Кхузахь ца хилча таро йоцу некъ бу, аьлча а, бахьана хІара ду: Бадуевна дийцаран жанр оьшура шен кхолларалла идейно-исбаьхьаллин чулацам кІаргба, шорба, лакхабаккха. Цунна шера хаьара: дийцар — яздархочо романна тІебоьдучу новкъа йоккху хьалхара

гІулч хилар, дийцар — романан хьалхара тІегІа хилар. Дийцаршкахь хуьлуш дерш: турпалхойн вовшашца йолу юкъаметтигаш, церан амалш вовшех къасто Іамар — ишттра кхиийна йолу говзалла прозехь йоккхачу хорман произведени язъеш шена оьшур юйла хаьара Бадуевна. Цундела цо хьалха ша яздинчу дийцаршца жим-жима ІаІийна бух бара «ПетІамат» романан чулацаман бух хІоттийнарг.

Нагахь хьалхарчу дийцаршкахь дийнна исторически хенан кийсак а, чолхе сценаш а, дахарехь хуьлуш долу даккхий гІуллакхаш а гайта яздархо ца гІиртинехь, уьш дерриш а цо тІаьхьо язйинчу романан чулацаман коьрта билгало хуьлий дІахІуьтту. Амма хьалха дийцарш ца яздинехь, Бадуевна роман кхолла хала-м хир дара.

Иза атта таллало Бадуевн прозин кегийчу жанрашкахь: нагахь «ГІу» дийцар тІера Хелипат а, кхечухьара Зайнап а, Бусана а, ишттра дІа кхиболу а турпалхой-зударий — Іадато хьаьшна, кагбина, аьтта дІабаьхнехь, церан васташца автора Іадатан къиза ницкъ гайтинехь, царех къаьсташ ю массарел тІаьхьа кхоьллина турпалхо ПетІамат. ПетІаматан дахаран Іалашой, амаллий дахарехь шен меттиг лахар а, вайна ма-хаъара, вукхарех къаьсташ ду. ПетІаматана ца туху Іадато буржал, хІунда аьлча, цо цу Іаьржачу Іадатца къийсам латтабо, ца хуьлчу даьлча, герз а карахь, дуьхьал йолу.

Бадуевн дийцаршний, романний чуйогІу исторически хан а, чулацам а, вовшашна новкъарло ца еш, дийна цхьаъ хуьлий, цхьаммо вукхуьнан маьІна шордеш, схьадогІу. Масала, цуьнан дийцаршкахь гойтуш йолчу хено

Іадато нахана бечу ницкъах а, (дукха хьолахь зударшна) цара оцу Іадатна дуьхьал къийсам ца латтабарх а атта кхетаво дешархо. Иза халкъ самадалаза, дин чІагІделла хан яра. Ткъа «ПетІамат» романан турпалхоша (ПетІамата) Іадатна а, паччахьна а дуьхьал къийсам латтабар гайтар оцу хенан бакъдерг дара, хІунда аьлча, и шераш нохчийн халкъ революционни кхетамца самадолу шераш хиларна.

Шен дагна Іаьткъина тема — хьомечу халкъана хьалхахьа даха новкъарло еш долу Іадат а, шарІ а — даго ма-хьоьхху схьаелла гІерташ, дукха жанрашкахь болх бина Бадуевс. Дийцаран жанраца цхьана Бадувс болх бо повестан жанрана тІехь а. Цо язйина йиъ повесть («Мацалла», «ЦІеран арц», «Пхи туьма», «Бешто»), уьш 20 шерашкахь кхоьллина яздархочо. Уьш кхоьллина хан вай билгалйоккху, хІунда аьлча, 20 шерашкахь Бадуевс язйинчу массо а жанран хІора произведени шен идейни маьІница а, тематически чулацамца а вовшашца цхьаьнайогІуш хиларна. Кхузахь, къамелана жимма хьалха а эккхаш, ала деза, 30 шерийн цуьнан кхолларалла мелла а тематически кхечу агІор екаш хилар.

Амма повесташ, темехь уьш дийцаршца йогІуш елахь а, чулацамца шуьйра а, маьІнина кІорга а ю. Цул совнаха, царна тІехь исбаьхьаллин кхоччуш йолчу говзаллица гойту Бадуевс нохчийн халкъана юкъахь хилла а, хуьлуш лаьтташ болу а классови бекъам.

Бакъду, повесташ а, дийцарш санна, дукхах болчу турпалхойн амалца халкъан барта кхолларалла йозуш ю. Масала, «Мацалла» повесть тІера моллин амал дукха хьолахь

къаьсташ яц барта кхолларалле хь халкъо моллин диллинчу вастан амалах.

Делахь а, яздархочун дийцаршка диллича, алсамъяьлла говзалла кхузахь гуш-м ю. Повестан коьрта турпалхой — Тlелиббий, Хlижанний — хlаллакьхуьлу, Мухтар-моллас шен царех доллучу декхарна цаьргара цераш тlаьххьара говр дlа а яьккхина, и шиъ кхин дан амал доцуш, меца дисича. Уьш хlалакьхуьлу керлачу заманахь, кхечаьрца нийса сий а долуш, дахарехь шайна йоггlу меттиг дlалаца шаьшшиъ хьакъ дуйла хаа а ца кхиош.

Иштта дара хьалхарчу муьрехь цуьнан кхолларалле хь коьрта тема хlоттар. 20 шерашкахь цо арахоьцу масийтта книга. Автораи тlетовжам къаьсттина билгалболуш, динан дайшца къийсамца билгалъяьлла ю царна юкъахь «lадаташ» цlе йолу ши книга. Царна тlехь турпалхойн дийина могlа бу lадатний, шариlатний дукха муьтlахь хиларна дахарехь яккхий халонаш lиттаелла («lадат», «Гlу», «Баудди», «Зайнап», и. дl. кх.).

Билгалдаьлла ду Бадуевн дийцаршкахь, повесташкахь данма а бала лелош ерг зуда хилар. Нохчийн зудчун юкъараллехь хилла lер-дахар гайтарца яздархочо юх-юха а хоуьйтура динан хьехамаш зуламен хилар.

Къизачу динан дайх хьакхабелла, эшна болу шен турпалхой гойтуш, Бадуев СаьIид исторически бакъдолчуьнца нийса вогlура: халкъан исторехь хила ма-хиллара, динан дайша бахьачу балано а, паччахьан lедало беш хиллачу ницкъо а дан амал доцуш, хlун дийр ду ца хууш, халкъо дlакхехьна бlешераш толлура цо.

Бадуев СаьIидана, исбаьхьачу дешан ша

воккха говзанча хиларе терра, хьара шен халкъехь лаьттина а, долу а хьал, цунна кIорггера гора хIинца керлачу дахаре доьрзучу халкъан кхетамехь хуьлуш болу баккхий хийцамаш. Цундела, халкъан политически кхетам кхиаран некъаш гайтархьама, цуьнан хазделла, тоделла дахар дIадаханчу Iаьржачу деношца дустархьама, яздархочо ша волалуш юьхьарлаьцнера паччахьан заманахь стаг патриархальни гIиллакхехь кхиар а, цуьнан сий, доьналлий хьаьшна дIадаккхар а, революцин дарцо цуьнан патриархально-родовой кхетам керлачу идейшца хийцар исбаьхьаллин дашца таллар.

Вайна хаьа, «Мацалла», «ЦIеран арц», «Бешто», «Пхи туьма» повесташкахь яздархочун тидам шайна тIехьовзийнарш дахарой, дIноной таIийна нах буйла. Керлачу, советски замано царна паргIато елла, шайн корматалле хьаьжжина, шайн ирсе кхача тарло уьш массо а. Амма атта дац-кх оцу нахана керла хан йоласеллачу юьхьанца и доккха доьналла долуш нах хилла дIахIитта: церан амал, лелар, дахарехь шайн меттиг лахар хIинца а чIогIа дозуш ду дино, Iадато бечу хьехамашца. Оцу хьехамаша стаг лайн амалехь кхийна. Ткъа и тайпа гIиллакхаш керлачу хенаца цхьаьна ца оь. Цундела царех цхьаберш, лайн амалш хийца а ца лой, ле. Церан балар яздархочун символ ю — керлачу заманца ца догIу тиша Iадат далар гайтар.

Амма, оцу хенахь, революци хилале хьалха, къинхьегаман халкъан дахарехь лелаш яра кхин тайпа идейш, оцу идейша къинхьегаман стаг шен паргIатоне кхача гIерташ даима а сема латтавора, кхечу халкъашца доттагIалла

чIагIдора. И идейш шен пургIатонехьа къийсам латтабеш демократически а, революционни а зеделларг IаIийна йолчу Россехара кхочура иохчийн къехошка. И бакъдерг исбаьхьаллин дашца талла Бадуев цIеххьана ца волало, цунна тIе иза вогI-вогIуш вогIу, шен дахаран жамIаш дан бен ца ларош волчу стаге, къинхьегамхойн дахаран жамIаш дан таро а йолуш, хьекъал доссар а гайтарца. И Iалашо исбаьхьаллин дашца кхочушъеш, шуьйра схьаеллаелира Бадуевн новаторство а: дIадахана дахар цо революцин идейшца дозуш гойту: керла социалистически дахар тIечIагIдаран маьIна а ду цуьнан произведенийн.

II.

Революционни халкъан, социализм дIахIотторхочун васташ С. Бадуевн лакхаяьллачу исбаьхьаллин корматалло таро хуьлуьйту 30 шерийн хьалхарчу эхенгахь шен кхолларалле хь тоьлашха йолу произведенеш кхолла. «ЦIеран арц» повестана тIаьххье язйо цо «ПетIамат» роман. Оцу романан вастийн чулацам дийцарийн, повестийн чулацамах дукха къаьсташ, шен лакхара башхаллаш йолуш бу. Халкъан барта кхолларалле хь девзаш долчу дийцаран сюжетах пайда а оьцуш, яздархочо кхоьллина боккха исбаьхьаллин ницкъ болу произведени. Цунна кхузахь хьалха лаьттара йоккха Iалашо: и декхарийлахь вара романан коьрта турпалхо ПетIамат ша цхьа йолчу хенахь моллица къийса гIора доцуш хилла хилар а, ткъа паччахьна дуьхьал гIаьттинчу халкъаца иза дIа ма-кхиттинехь молла цо эшавар а, иза ша халкъана оьшуш стаг а хилла дIахIот-

тар а гайта. Оцу тайпана нсбаьхьаллин чулацам болуш долу васташ дуьххьара халкъан барта кхолларалле хь гучудевлира, ткъа царна тІера дІаволавеллачу яздархочо оцу вастийн психологически а, классови а чулацам кІаргбира. Иза къоначу литературо баьккхина боккха кхнам бара.

Нохчийн прозанкийн нсбаьхьаллин говзалла лакхаяларан билгалонаш литературан кхнаран хьалхара мур чекхболуш (20-гІа шераш чекхдовлуш) ондда хаалуш яра. Цуьнан бахьана, цкъа делахь, яздархошна барта кхолларалле х шуьйра пайдаэца Іамар дара, шоллагІа делахь — шайн говзалла алсам мел ели царна кхечу литератураша, хьалхарчу рогІехь оьрсийн литературо, ІаІийначу зеделлачух пайда эца Іамар а дара.

Нохчийн фольклорехь, къаьсттина иллешкахь, исторически дІаяхана хан а, халкъан хьалха хилла дахар а нийса гойтуш долу дукха масалш ду. Халкъан барта кхолларалле х тоьлашха йолчу произведенеша къаьсттина къегина гойту дІаяханчу хенахь халкъан хилла кхетам а, цуьнан лехамаш, социальни лакхенаш, цаьрца иллийн турпалхоша латтийна къийсамаш а.

Литература кхоллаелла х чу хьалхарчу муьрехь яздархоша шайн произведенеш оцу тайпанчу иллийн сюжеташ тІехь кхуллу. ТІаьхьо, яздархой йозанан литературан нсбаьхьаллин къайленех кхета буьйлабелча, фольклоран сюжеташа башха новкъарло а ца йо цера **шайн кхолларалле х корматалла** схьаелла яларна. И тайпа хийцамаш цера кхолларалле хь хуьлу уьш, хьалха санна, фольклорни сюжеташа сецош ца хиларна: хІинца фольклор-

ни сюжет цара кхолларалле хь юьйцучу хенахь турпалхойн амалийн халкъан билгалонаш йовзуьйтуш лела.

Аьллачунна масална яло мегар ду «ПетIамат» роман.

Бадуев СаьIид нохчийн яздархойх хьалхара меттиг дIалоцуш ву шен хIора аьлча санна произведенехь фольклорни исбаьхьаллех гIо оьцучарех. Амма халкъан барта кхолларалли-ца долчу «гергарлоно» новкъарло ца йора цунна шен произведенешкахь хуьлуш дерг реалистически агIор гайта, мелхо а оцу «гергарлоно» таро хуьлуьйту цуьнан теман идейность, классови иралла гайта.

ХIара ду аьллачунна къеггина масал: Бадуевс «Ямарт моллин, Бектамиран Зайнапан илли» сюжета тIехь язйира шен «ПетIамат» роман а, драма а. Кхолларалли-н хIун лехамаш бара Бадуевс роман язъеш бинарш, муьлха керланиг (новаторство) юкъадалийра цо литературана?

«Ямарт моллин, Бектамиран Зайнапан иллин» сюжет иштта ю: Зайнапан да — Бектамир оьрсийн паччахьан эпсаро «элашца гамвелла, мехкадай Iехош, къехошца барт бина Iедал ца дитарна» лоцу. Шен йоI Зайнап Бектамира юьртан молла волчохь юьту, цуьнга дехар до дас:

— Дакъаза ма вала, ва юьртан ва молла,
Гергар стаг воцуш, йиша-ваша доцуш,
Ден дола доцуш, тIеласта мотт боцуш.
ГIийла бо дисарна, тайпанан хиларна,
Сайн метта да вина, сайн жима и Зайнап
Ас хьоьца ма юьту, хьоь амалт дарца...[1]

[1] Нохчийн иллеш, эшарш. 1-ра том. Грозный, 1959, 197 агIо.

Амма Бектамирна а боданехь доллучу халкъана а моьттура дог-цIена а, ямартло йоцуш а вац молла. Дукха хан ца елира Бектамир Сибрех вахийтина. Къона Зайнап «пхийттара яьлла, хазалла тоелла, гIараяьлла кхиънера». Цхьана буьйсанна, ша хьуьжарера цIа веъча, молла цунах шен зуда ян гIурту. «Тохалуш караръяьлла, ша араккхира» Зайнап. Иза мутаIеламаш болчу йоьду, цигахь йоккху цо кIеззиг хан.

Снбрехара цIа веанчу Бектамира шен йоIах лаьцна хотту моллига. Ткъа моллас, ша ямарта хилар лачкъо гIерташ, бехйо Зайнап:

Ахь сема ладогIа, ас дуьйцур ду хьуна:
И адам ца хилла, и амалт ца хилла,
И-м дера хиллера адаман ва йилбаз,
И лелаш хиллера нахаца къайлаха,
ЮьхьIаьржа хIоттарна, ас араяькхина.
Буьйсанна шен сацар жоьрабабица ва долуш,
Дийнахь шен ва сацар бошмашкахь ва долуш,
И лелаш ма ю-кха, адаман и йилбаз...[1]

Бектамира, моллех теша а тешна, шена тIедеана эхь дIадаккха, наб кхетта йоллушехь Зайнап хьуьнха а хьой, цигахь юьту. ТIаккха цунна тIекхочу цхьа иччархо. Цо иза шеца дIаюьгу, цхьа жимма хан яьлча цуьнга маре а йоьду Зайнап. Церан кIант хуьлу. Кестта Зайнапана лаьа кIант шен дега дIагайта. Амма иза дIакхето воьдучу цхьана жимчу стага, Зайнапига дог хаийта а гIуртий, цунах шен гIуллакх ца хилча, шаьлта тухий воь цуьнан кIант. Нахах а, дуьшенах а дог даьлла Зайнап, кхин цIа ца йогIуш, хьуьнхахь юьсу.

---

[1] Цигахь 199 агIо.

Лелаш цхьана жаIунна тIеIоттало иза. ЖаIу цуьнан да Бектамир хиллера. ЙоIана да вевзира, дена йоI ца евзира. Кестта Бектамир Iачу эвла Зайнапан мар хилла иччархо вогIу. ТIаккха ша йовзуьйту Зайнапа. Цо дуьйцу дега а, майрачуьнга а моллин, шен кIант вийначу жимчу стеган къизаллех лаьцна. Оцу шинна а хьакъдоллу таIзар до. Бектамиран, Зайнапан доьзале ирс кхочу.

«Иллин» сюжетехь, вайна ма-гарра, долуш ду туьйранах тардина дийцар, амма цу тIехь къеггина диллина моллин васт. «Иллин» чаккхе а, туьйранахь хуьлуш ма-дарра, ирсе ю. Бакъдерг дийцича, илли тIехь мел хуьлуш дерг дIадоладо паччахьан Iедало кънинхьегаман нах хьийзор а, цунна гIоьнна Бектамир гIаттар а бахьана долуш. Амма «Илли» тIехь кхин дIа и къовсам бац коьртаниг. Цу тIехь хуьлуш дерг цхьана Iалашонна тIедоьгIна ду: диканний, вонний юкъахь долу доза кIорггера къастор. Иччархо, Зайнап, Бектамир — уьш дог цIена, дика нах бу, уьш кийча бу хало, бала тIехIоьттинчу стагана гIо дан, орцах бовла. Шена дика евзачу туьйранан хормех тардеш «Илли» кхоьллинчу халкъо, кхеташ ду, и турпалхо кхечу идеяна тIе ца бахкийна, церан гIуллакхашна кIорггера социальни маьIна ца делла. Амма билгалдаккха дезаш цхьа хIума ду оцу «Илли» тIехь: цуьнан коьрта турпалхо зуда хиларо хоуьйтура вайна халкъан исбаьхьаллин ойла хийцамаш хилла хилар, иза шен кхиарехь кхин а лакхарчу тIегIанна тIе яьлла хилар.

ХIун даделира Бадуевга «Илли» сюжетах, муьлхачу керлачу маьIне дерзийра цо церан гIуллакхаш, васташ? Уггар хьалха поэта шор-

бира турпалхойн го, «Илли» тIера схьаэцна долчу васташна керла цIераш техкира. Сюжетан схьаеллар кхечу, керлачу идейна тIехьажийра Бадуевс.

Оццу сюжета тIехь поэма язйо поэта. Поэмехь Бадуевн коьрта тидам дIалаьцнарг къинхьегамхойн социальни, классови кхетам лаккхабалар, цара молланашний, паччахьан векалшний майра дуьхьало еш хилар гайтар дара. Цуьнан произведенехь турпалхой шайн паргIатонехьа къийсарехь мало еш бац. Нагахь санна «Илли» тIехь и турпалхой шайн бакъонаш ларъеш башха хIайтъаьлла ца хиллехь, Бадуевн произведенехь (Дуда, ПетIамат) шайн паргIато дIаяькхнчаьрца майра къийса буьйлало. Дуда Сибрех вахаран бахьана иза къечарна тIехIоттар хилла ца Iа, цо, герз а карахь, ларйо къечеран паргIато. Иза Сибрех вахийтича а дохко ца ваьлла ша динчунна. Эпсаро шена кхерам туьйсуш цо бакъдерг дIаолу цунах а, паччахьан Iедалан дIахIоттамах а лаьцна. Иза самадолучу халкъан аз ду.

Халкъан кхетам лаккхабалар а, юкъараллин, политически дахарехь классови къастам хилар сихдалар а гучудолу поэмехь кхечу вастийн чулацамехь а. Эрна дац поэто «Илли» тIехь иччархочун меттана обарг Мусост юкъавалор. Цунна еза ПетIамат. Бакъдерг дийцича, Мусост а вац ша юьхьара лаьцначу гIуллакхна (халкъан мостагIашца къийсар) башха сихо еш. Амма драмин кхиболу турпалхой а бу Мусостах тера. Цхьа ПетIамат йоцург. Делахь а Мусост обарган а, ПетIамат ен еза аьлла моллас йиччу кхелаца реза ца хиллачу воккхачу стеган а васташа тоьшалла до-

ра халкъан кийрахь гIаттаман ойланаш чIагIъелла евлла хиларна.

Поэмехь ПетIаматана кхиэл ян пIерташ цхьа молла хилла ца Iа. Цуьнца цхьаьна ву шайх а, юьртан динан векалш а. Нагахь санна «Илли» тIехь ПетIамат, мутаIеламаш болчу а яхана, яьллехь моллин карара, поэмехь мутаIеламаша моллас шайга боххург до. Цу кеппара, Бадуевс халкъан социальни лакхенийн тайптайпана васташ а гайтина, уьш халкъана дуьхьал лаьтташ йолу дийнна цхьа класс хилар хаийтина шен поэмехь.

ПетIамата поэми тIехь моллига аьлла дешнаш шайца доккха социальни маьIна долуш дара. Цо, молла бехке вина ца Iаш, цуьнца цхьаьна берш а бехке бора. Оцу майрачу дешнашна тIаьххье цо деш долу майра гIуллакхаш а дуьйлалур ду. Иза шера гучудолу «ПетIамат» романехь.

Оцу романехь нохчийн литературан историхь дуьххьара кхоьллина шен сий лардеш гIаьттинчу зуда-ламанхочун васт. Турпалхо ПетIамат шен пергIато, шен сий, меттиг ларйина ца Iа. Цунна дика хаьа халкъехь молланаша латтош болу бала. Иза царна шега далур долу таIзар дан хIутту.

Бадуевс дукхах йолчу произведенешкахь дуьйцург революци хила герга таьIначу шерашкахь хуьлуш ду. Цаьрца яздархочо буьйцурш халкъа юкъара схьабевлла цуьнан векалш бу. Ткъа Бадуевн кхолларалла кхоччуш зазадаькхина хан 30 шерийн хьалхарчу эхенехь число. Оцу шерашкахь язйо цо «ПетIамат» а, «Цинэн гIап» драма а, кхин дуккха а революцих, дахар социалистически кепара дIахIотторах лаьцна произведенеш.

Нагахь «ЦIеран арц» повестехь халкъан векалийн амалш кIоргера гайтаза йисинехь, романехь яздархо турпалхойн амалш а, церан дог-ойла а гайттал кхиъна бевллачу художникийн могIаре дIахIутту.

Романан чулацамо вайна хоуьйту цу тIехь дуьйцуш долу гIуллакхаш 1917-гIа шо тIекхочуш хиллийла. Исторически бакъдолчунна тIе а гIерташ, яздархочо гойту оцу хенахь паччахьан Iедална дуьхьал халкъан хьокъехь болабелла къийсам а, цо герз а карахь гIатта беш болу кечам а. Бакъдерг дийцича, Лага а, Мусост а, Дуда а совнаха кIеда бу, катоьхна шаьш дIадолийна гIуллакх деш бац. Иза романан кхачамбацарех цхьа агIо хетало. Хетарехь, яздархо оцу турпалхойн васташца, аьлча а, уьш бу аьлла, церан цIераш яхарца, шина классан вовшашца хилла луьра къийсам гайта дагахь хилла.

Амма ПетIаматан васт, церанаш санна, ледара дац. Цо шена моллас бечу пицкъана дуьхьал латтош болу къийсам дахарехь махиллара гайтина бу. Цуьнан гIоьичий бу паччахьан Iедална дуьхьал болу «мятежникаш», царех автора ма-аллара. Цу тайпана вовшашца бозуш болу ши къовсам кхоьллина Бадуевс романехь: зуда-ламанхочунний, реакционни динан дайшний юкъахь, халкъаний (Мусост, Лага, Дуда н. дI. кх.), Iедалний юкъахь. Хьалхарчу конфликтан чулацам цхьана стаганий, динний юкъахь хилла Iот-баккхам хилла ца Iа, цуьнан маьIна шуьйра ду. Цундела и ший а конфликт романан чаккхенгахь цхьаьна йозуш, цхьаьна схьаяьсталуш гойту яздархочо.

Доцца аьлча, ишттта яра нохчийн литературехь кхоллаелла дуьххьарлера роман. Иза яра

социальни роман, шен маьIница паччахьан Iедалан а, религин а реакционни хилар гойтуш.

Шен сий а лардеш, къийсамехь яхчалуш йолчу зудчун васт дилларо юкъараллин кхетамехь зуда гIийла а, дуьхьало йоцуш, шега кхаьчна хала дукъ дIадахьа кийча а хиларх тешначу нехан тIечIагIъелла ойланаш йохийра. Бадуевс ПетIаматан вастаца бохура: нохчийн зудчуьнгахь Iаламат боккха болу морально-нравственни ницкъ меттахбер бу, нагахь юкъараллин дIахIоттамо цунна паргIато лахь. И тайпа паргIато цунна революцис елира. Эрна дацара Бадуев революци хуьлуш йолчу заманан кийсинке хьажар: цунна лаьара революци хила герга кхаьчначу дарцо бIешерашкахь таьIна лаьттина нохчийн зуда самаяккхар а, цо революци тIеэцар а, цунах и кхетар а гайта.

Кхеташ ду цундела роман язйинчул тIаьхьа Бадуевс, исторически бакъдолчунах пайда а оьцуш, «ЦIиэн гIап», «Большевикаллица ялта дерехьа» пьесаш язъяран бахьана: цунна лаьара романехь ша хIоттийна коьрта тема кхидIа а кIаргъян. Революцих, социалистически дIахIоттамах лаьцна ша яздеш цо ца йицйора дино таIийначу стеган, Iадатан теманаш а (пьесаш «Дайн Iедал», «Марха досту де», «Гуттар ца хуьлу моллина мовлад» и. дI. кх.). ЦIераш яьхначу теманашна яздина дуккха а дийцарш ду цуьнан.

Бадуев СаьIид, ша говза художник хиларе терра, идейин лаккхарчу маьIница ца гайтича ца волура ши дуьне (тишделларг, керланиг) вовшашца къовсучу хенахь хилла къоман дахар, оцу къовсамехь хIоьттина хьал къечу

халкъашна пергIато яхьаш хIоьттинийла а хоуьйтуш.

Бадуеви турпалхой, хьалхарчу цуьнан произведенешкахь шайн пергIато шаьш цхьа болуш лехна болу, дехкарийлахь бара хьалха я тIаьхьа революционни къовсаман новкъа бовла, уьш оцу къийсамашкахь бахчабала дехкарийлахь бара, тIаьхьо, социализм дIахIотточу хенахь, жигара дакъа лаца. Иштта яра Бадуеви кхолларалла кхиаран некъийн цхьацца йолу башхаллаш.

Яздархочун уггар коьрта кхиам лара мегар ду цуьнан романехь динан дайшний, социальни лакхенашний дуьхьал лаьтташ волчу турпалхочун васт диллина хилар, къечу халкъийн векалшца цхьаьна цо и реакционни ницкъаш эшабар а. Бакъдерг дийцича, динан дай идейни а, физически а оьшуш роман чекхъялахь а, къоман боламехь йолу идейш кхоччуш тоьлла дIа ца хIуьтту. Революци хилале хилла долу халкъан дахар гойтуш, яздархо исторически бакъдолчунна тIехь сецара. Романан тема а, васташ а 30-гIа шераш дуьйлалуш нохчийн литературехь хилла болу лехамаш, кхиамаш къеггина гойтуш дара. Романо билгалдоккхура кхуьуш йолчу литературана психологически кIорге а йолуш, революционни къийсамашкахь вахчавелла волу къоман турпалхо типични юкъавогIуш хилар.

Аьллачуьнца доьзна цIераш яха мегар дара «Партизанаш» поэмин, «ЦIинэн гIап», «Политотдел» пьесийн, «БIе де, я бIеннах цхьаъ» дийцаран. И произведенеш халкъ революционни самадаларх, цо граждански тIамехь дакъалацарх лаьцна язйина ю. Ма-дарра аьлча м и тема цуьнан кхолларалина юкъа иза язда

вола ма-веллинехь еара. Нагахь санна 20 шерашкахь яздархо и тема схьаелларан некъаш лоьхуш хиллехь, хIинца цуьнан кхолларалларин коьрта ницкъ и схьайоьллуш, цунна тIехьажийна бу.

30-гIа шераш дуьйладелча СаьIидан кхолларалларин тема коьрта долчунна хийцало. Цуьнан хьалхарчу дийцаршкахь Iадатой, шариIатой хьешна хиллачу стеган метта кхолларалларина юкъа колхозаш йохкуш, промышленни белхаш беш волу керла стаг вогIу. ХIан-хIа, яздархочо, хьалха и тема ша йолош, и стаг кхиъна ваьлла белхало санна ца гойту, хьалха цо и стаг керлачу дахарна юкъа меллаша, ша шен ницкъах ца тешаш веъна хилар хоуьйту вайна. ТIаьхьо кхоьллинчу дийцаршкахь, пьесашкахь, поэмашкахь, стихашкахь идейно-политически боккха кхетам болуш, мехкан да хилла кхиъна ваьлла белхало хуьлу цунах.

...Советан Iедал дIа ма-хIоьттинехь ярташкара гIала белхашка буьйлабеллачу нехан васт кхоьллина яздархочо «Некъан кехат» (1932) дийцарехь. Юьртан Советан йозанче шена некъан кехат (удостоверени) даккхийта веанчу жимачу стагана Яндархина шен мас шо кхаьчна а ца хаьа, гIалитIа схьакхаьчча, бийца оьрсийн мотт ца хууш, къахьоьгу цо, цул совнаха, цунна лела ца хаарна цхьацца эхьен киртигаш хIуьтту цунна тIе. Цунна тIеIоттавеллачу оьрсийн белхалочо гIо до цунна.

Яндархин вастаца Бадуевс хоуьйту дешархочунна къинхьегаман стагана, яханчу заманахь иза тIаьхьависина хиларна, керла зама йолалуш шен хьашташка хьажа хала хилар, цуьнан кхетам лакхабаларан некъ — иза кер-

ла дахар дIахIоттадеш бечу белхашна катоьхна юкъагIортар хилар.

Жимма тIаьхьо яздинчу дийцаран цIе «Керла нах» (1934) тиллира С. Бадуевс. Дийцаран турпалхочо а, цо дечу гIуллакхаша а хоуьйтура дешархочунна оцу хенахь селхана дечиган готанца латта аьхна волу нохчо тахана вуьззина керла стаг хилла дIахIоттар. Оцу дийцарца нохчийн литературе дуьххьара белхалойн классан, промышленностан тема ялийра яздархочо.

Дийцаран коьрта турпалхо мехкадаьтта доккхучу вышканна тIехь болх бен Магомирзаев Муса ву. Цуьнца цхьаьна балхахь бу яханчу заманахь, Мусас санна, хало Iийшина къехой. Муса белхан ударник хилла ца Iа: цо гIайгIайо белхашна тIехь дан дезачу куьйгаллин а, цигахь гайта дезачу хьуьнаран а, белхашна сечу харжан кхоам бан безаш хиларан а. Иштта вара Бадуевн кхолларалли юкъа керла стаг — къинхьегам безаш а, кхоаме а волу мехкан да.

«Керла нах» дийцаран шен башхаллаш ю: цуьнан чулацамехь вайна карайо публицистически ойланаш а, лирически кIоргалла а. Яздархочун оцу хотIах кхета хала дац: шен халкъ серлонга даларе данма а сатуьйсуш волчу яздархочуьнга деган айам боцуш ца язлора селхана Iадатой, шариIатой таIийна латтийна нохчо тахана, Даймехкан хьаштийн бала а кхочуш, кхиъна хиларх.

Къинхьегаман тема коьртачарех цхьаъ ю Бадуевн 30 шерийн кхолларалле хь. Цо хаддаза тидам бо промышленностехь, колхозан аренашкахь белхаш бечу стеган хийцалуччу амалан. «Трактерхо Жунид» (1932) дийцарца яз-

дархочо толлу латталелорхочун амалехь хилла хийцамаш. Тоххара хьалха Жунид вуйла «юьртахь а, дуьненахь а ЖунидгIеран хIетахь хиллачу къорзачу жIаьлинний, кхуьнан къеначу нанний бен ца хаьара». ХIинца, Советан заманахь, Жунидах юьртана а, махкана а оьшуш стаг хилла, хIинца колхозан аренашкахь болх беш волчу цунна шена а хаьа ша, шен къинхьегам халкъана оьшийла. Оцу дийцарца Бадуевс къеггина гойтура хIетахьлерачу дешархочунна социализман дахарехь къинхьегаман стеган доккха сий деш, иза лоруш хилар.

Нохчийн ярташкахь хуьлуш лаьтта социально-политически хийцамаш толлуш ю цуьнан цхьа могIа произведенеш: дийцарш, пьесаш, стихаш. Стага къинхьегамехь, юкъараллин дахарехь дакъалацарх тоам бина ца Iа яздархо — хьалхарчу рожехь цунна лууш дерг оцу стеган алсамболуш болу политически кхетам гайтар дара.

Хала а, шога а бара цу хенахь комсомольский, партийний болх бечу нохчочун некъ: цкъа-делахь, политически дахарна дика самабовлаза болу нах кхоччуш ца кхетара цо лелочух, дечух, дIэ бохучух. ШозлагIа-делахь, мадарра дийцича, иза ша а вара нохчийн Iадатех дикка самавалаза.

«Самаяьлла ячейка» (1931) дийцар тIехь СаьIнда довзуьйту вайна цхьана комсомольски ячейкин дахар. Ячейкин секретарь волу Iабади къечу наха а, кулакаша а, комсомольцаша а шех «дика кIант ву, гIиллакх долуш ву» аларна, оцу дешнех дагана там хуьлуш, массарна а дика хила гIерташ, комсомоло шена тIебиллина болх бан ма-беззара ца беш,

кулакашна цхьацца царна луург деш схьавогIу. Иза иштта хилар хиънаЧу комсомольцаша цунна «собранехь выговор до».

Цуьнан метта Мухьид хIоьттича, «ячейка стамъелла а йогIура, нахана юкъахь беш болу кхетамца-кхиоран болх жигара а бора комсомольцаша».

Халкъана юкъара кхиъна комсомольски, партийно-советски белхахо доттагIчунна а, мостагIчунна а цхьабосса дика хила гIертар — Iедалан балхана кхоччуш тIера цахилар санна хеташ волчу СаьIидан оцу дийцаран чулацам публицистически хорма йолуш бара.

Кхечу шен хенан тематикана язйинчу произведенешкахь а яздархо даима а тидаме хьоьжу пачхьалкхан гIуллакхехь волчу стаге: мел даггара бо цо шен болх, мел муьтIахь ву иза ша кхочушдан дезачу гIуллакхана («Большевикаллица ялта дерехьа», «Самаяьлла ячейка», «Тракторхо Жунид» и. дI. кх.). Цу произведенешкахь кхечаьрцачул чIогIах хаало яздархочун гражданскн тIетовжам. Оцу произведенешкахь яздархочо гойту социализман дIахIоттаман классови мостагIаша — кулакаший, молланаший, — къинхьегаман стаг нийсачу новкъа ваха ца вуьтуш, лелон бозбуанчаллаш, йовзуьйту ахархошна колхозаш йохкуш хилла йолу партин политика. ЦIераш яьхначу цхьайолчу пьесашкахь, дийцаршкахь, шайн Iаьржа Iалашонаш нис ца луш холчу хIиттина шайхаш, молланаш буьйцу Бадуевс, уьш хьекъал доцуш, шаьш «хIума хууш нах бу» — бохуш, тахана-кхана «коммунисташ» дIабоьлху, бохуш Iехабелла хилар а хоуьйту цо. Амма атта дац-кх хьалха цара кортош

хьовзийна лелийначу нахана царах дIакъаста: тIамарх доьлла девлла бIешерашкахь царна молланаша «са тоха, дуьненахь бала хьегахь а, ялсамане гIур ву хьо», — бохуш, дина хьехарш. Керлачу дахаро сиха кхетош болу къинхьегаман нохчий дийнера де мел дели тIаьхьара дIабовлуш, шаьш буьсу моллана-наш.

Цу тайппанчу нехан керла кхетам кхиаран, социалистически дIахIоттамо шайга кховдийна гIуллакх дан ма-деззара даран проблема чIогIа йийкира Бадуевн кхолларалле хь. «Самаяьлла ячейка» дийцарехь турпалхочун Ризванан дешнашца яздархочо публицистически айамца нийса дIаэлира, халкъана юкъара схьабевлла керла куьйгалхой Iадатан-шарIатан хьехамех мукъа бовла безарх лаьцна. Оцу хьехамаша Iедало шайна тIедиллина декхар нийса кхочуш ца дойту классови мостагIашна а, Iедална а диканиг хила гIерташ шалха ойланехь кхиаво куьйгалхо. Социальни чIогIа мехала йолчу оцу темано дан деза маьIна дойтура дешархочуьнга.

Иштта шорлора Бадуевн кхолларалли тематика, кIарглора идейни а, философски а маьIна. Коьртаниг цуьнан прозехь яздинчу исбаьхьаллин дашо керла проблематика хIоттор, дахар толлуш, керлачу тIегIан тIе иза валар дара.

III.

Социалистически революци, цуьнан кхиамаш, революцин стаг — и теманаш коьртачу теманашна хьалха йогIуш яра нохчийн 20 шерийн поэзехь. Оцу теманаша поэтийн йиш

хуьлуьйтура шайн деган ойланаш йийца, халкъана керлачу дахаро хьалхахIиттош долчу гIуллакхех лаьцна дийца а, халкъо революцин идейш тIеэцар гайта а. «Революци хилл. БIешерашкахь халкъан бIаьргашна дуьхьал лаьттина боданан, цакхетаман марха Россин халкъийн баьччас — партис дIаяьккхи. Керла дахар дIахIоттош сихо е!» — и маьIна долуш ю нохчийн 20 шерийн шолгIачу эхенгахь кхоьллина йолу Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан, Бадуев СаьIидан, Мамакаев Мохьмадан и. дI. кх. стихаш. Церан поэзис шен хенахь керла стаг кхетош-кхиавеш доккха гIо до партина. Уьш дика кхеташ бара «литераторийн гIуллакх — хала а, чолхе а гIуллакх хиларх», и гIуллакх «дIаяхана хан сийсазъярх, цо тIаьхьа дитина айпе гIиллакхаш дIадаьхча кхочуш хирг цахиларх. Литераторий деккар ду керла зама Iамо, тоян, гайта, шу кеппара тIечIагIъяр»[1]. Цундела шайн кхоллараллехь революцин зама шуьйра чулоцуш, цуьнан билгалонашна тидам бан гIертара уьш вовшашна чуччa гIоьртина луьрачу къийсамехь олу шн зама (яхнарг, керла тIейогIург), церан тайп-тайпана олу Iалашонаш а гойтуш. ПаргIатоно халкъана маьрша къахьега лун таро, сиха кхуьуш волу стаг яханчу къизачу замано лелийначу къизачу гIуллакхашна дуьхьал хIиттар — изза маьIна дара нохчийн оцу заманахьлерачу поэзин а, литературан кхечу жанрийн санна.

И тайпа башхалла СССР-н массо а халкъийн литературийн а яра цу хенахь.

[1] *Горький М.* Цели нашего журнала. «Литературная учеба», 1930, № 1, 1—12 агIонаш.

Керлачу стеган дог-ойла кIорггера гайта езаш хиларх а, оцу стеган керлачу социальни юкъараллица йолу уьйр талла езарх а нохчийн поэташ 20-гIа шераш чекхдовлуш кхийтира. Оцу проблемех уьш кхетаран бахьана шеран хьекъал, идейно-политически кхетам лакхабалар а дара.

Нохчийн поэзехь керлачу стеган дог-ойла гайта дуьххьара Бадуев СаьIид волавелира. Амма волалуш волчу поэтан тидам тIебахнарг дукха хьолахь турпалхочун дагахь дерг дацара, цуьнан халкъаца йолу юкъаметтиг яра. «МаргIалан синтар» цIе йолчу шен стихотворенехь поэта боху:

ХIей, маргIалан синтар,
Цхьана бешара ду вай,
МаьI-маьIнехь хилар бен,
Ма хьаббелахь суна буй,
Дагца мекха ю моттий,
Ластий пел ма далийталахь
РогIахь кхуссу жамболат.
ТIекхаьчча алалахь: ватталхьа,
Дац хьуна и ямарт.

Оцу стихотворенехь волчу лирически турпалхочо шен дуьхьа еш яц и тайпа ойланаш, ша кхоош дуьйцуш дац цуьнан цу тIехь дуьйцург. Цуьнан ойланийн маьIна Iаламат доккха ду. Цунна хууш ду баккхий социальни хийцамаш хуьлучу хенахь керла кхиъна волчу стеган юкъараллица йолу уьйр чIогIа хила езар.

Хирий-теша мостагIийн лаам,
Даьлла къух вай гича?
ХIан-хIа,
Вайна тIе стом летар бац,
Вовшашна орца луш а хилча.
МостагIийн лаам бер бац,
Вовшийн генаш вай кхаьдча.

Адамийн дахарехь а, ойланехь а кIорггера хийцамаш хуьлчу заманчохь къаьсттина чIогIа жоьпаллин ву яздархо а, шен Даймахкана, халкъана гIуллакх дан корматалла йолуш волу муьлхха а стаг а. Дерриге а шен хаарш, корматалла, кхолларалли вицкъ Даймехкан а, халкъан а гIуллакхашка дIахьажо беза, кийрара дог а халкъан лехамашца цхьаьна детталуш хила деза. Ишта ю «МаргIалан синтаре» цIе йолчу стихотворени лирически турпалхочун вахаран Iалашо. Яржинчу метафорах лаьтташ ю поэта шен заманхочуьнга дечу къамелан кепехь язйина йолу и стихотворени. Къамел шега дIадеш верг жон луш а, гуш а, я хаалуш а ваш. Ерриге а стихотворени лирически турпалхочун монолог ю. «МаргIалан синтар» — автора метафорически васт ду, стихотворени идейни а, нобаьхьаллин а маьIна шегахула кхочушхуьлуш долу.

«Октябрь» цIе йолчу йоккхачу стихотворени тIехь автора декъалдо Октябрьски революцин кхоьттта шо кхачар. Халкъалина прсе дахар кхоьллинчу Октябрах воккхавеш, хестадо стихотворени лирически турпалхочо керла, социалистически дахар. Цуьнан ойланехь схьахIуьтту паччахьан заманахь хиллачу боданечу дахаран ирча суртан. Цара кхин тIе а кIаргбо Октябрьски революцие кхоьллинчу социалистически дахаре болу безам, цуьнан хама бан, иза чIагIдан дог ирахIоттадо.

Социализмехьа болчу къийсамехь керла бахамаллин толамаш бахаре кхойкху Бадуев «Говтта! Кечло! Тохало!» «Охана паргIат дер вай» цIераш йолчу стихотворенешкахь. Гохьалле а дуьйлуш, пхеашеран план кхочушъяр «дагна хьоме социализм» дIахIотто-

рехь доккха маьIна долуш хилар билгалдоккху автора.

30 шерийн поэзехь керлачу стеган васт дукха хьолахь лирикехь кхоллало. 20 шерашкахь кхиъначу лирикех къаьсташ, 30 шерийн лирика стеган дог-ойла гайта гIерташ кхуьу. Нагахь санна 20 шерашкахь поэтийн кхоллараллин халкъ керлачу дахарна **тIедерзо** гIиртинехь, оцу дахаран ша-тайпа хиларх и халкъ **кхето** уьш гIиртинехь, 30 шерийн поэзина юкъа баьхкина турпалхой къинхьегамца а, къийсамца а **социализман идейш тIечIагIъян гIерта.** Уьш ишттта кхиар бахьана церан духовни сиха кхиар дара. Оцуьнца дозуш дара тIеман хан тIекхачале кхиъначу поэзин кхиамаш хилар а.

Бадуев СаьIидан поэзехь къинхьегаман, керлачу стеган, социальни дахаран теманаш революцин темица цхьаьна ийна ю. Карарчу заманахь, цуьнан гIуллакхех лаьцна ойланаш, колхозникийн васташ шайца долчу дуккха а стихашкахь («Лам», «МаргIалан синтар» и. дI. кх.) гучудолу революцин сибат.

Колхозаш яхкаран темина СаьIида лерина дийцина сборник арахийцира. Сборишкан цIе а яра «Колхозан иллеш» аьлла. Цуьнан чулацамехь вайна карайо хенан болар довзуьйтуш йолу ритмаш, рифмаш. Аьллачунна масална яло мегар дара «Трактор» стихотворени.

Стихотворенин чулацам кIаргбеш, и коьрта метафора — васт кхин а дIа даржадо поэта кхечу кегийрачу метафоранца тIе а дузуш.

Хьан тоха са хилалахь,
Луьста кхаьлчи генаш.
КIадлой ма дакъаделахь
ДIаса даьржина орамаш.

Дагахь мекха а, хьагI а ца хуьлуьйтуш, вовшийн гIо лацарца ницкъаш алсам а бохуш, «мостагIийн лаам» баларх а ларлуш, халкъан сийлахь гIуллакхаш кхочушдеш хиларе кхойкху Бадуев шен «МаргIалан синтаре» цIе йолчу стихотворени тIехь.

Зуда балехь яллоран а, чIир екхаран а, цаьрга терра кхидолчу а къоман хьалхалерчу дахарх бухадисинчу зуламечу гIуллакхашна дуьхьал къийсам латтош ю «Шин доттагI» а, «Къайле» а цIераш йолу поэмаш. Драматически чулацам болчу оцу поэмашна бухехь социальни къовсам бу: къехойн, хьолахойн юкъаметтигаш ю автора гайтинарш. Бадуеви поэмийн идейни чулацам зуламечу гIуллакхашна дуьхьал адамийн ойла гIаттош бара.

Паччахьан Iедалан а, Iадатийн а тIеIаткъамаша Iазапехь яллийначу ламанан зудчуьнга пергIато кхачарх воккхаве поэт «Ламанан йишига» бохуччу стихотворени тIехь. Советан Iедало шена еллачу бакъонех кхоччуш пайда а оьцуш, социалистически дахарехь шена хьакъйоллу меттиг дIалаца, боху цо «ламанан йишига».

Шен мукъамца а, чулацамца а 30 шерийн къинхьегаман сурт хIоттадо цо. Бечу белхан гIовгIанан сурт хIоттадар оцу хенахьлерачу дукхах болчу советски поэтийн кхолларалли амал яра.

Орга доттIу хьаьдда —
Бур,
Бур деш!
Трактор йоттIу елла —
Дур,
Дур деш!

Ярташкахь социалистически юкъараллин дахар тІечІагІдарал совнаха, Бадуевс хьалаойу аренашкахь къахьоьгучу стеган юкъараллин кхетаман проблема. Бакъдерг дийцича, оцу стихаша шайн чулацамал совнаха дага кхин дукха ойланаш ца йохкуьйту. Уьш кулакаца, колхозникаца, дешархочуьнца поэта цу тайпана деш долчу къамелах юьзна ю. Делахь а, мел оьшуш дар-кха оцу хенахь поэта цу тайпана деш долу къамел, ма сиха кхиавор-кха цо шен кхетамца тІаьхьависина волу дешархо!

30-гІа шераш дуьйлалучу хенахь яздархойн, къаьсттина Бадуев СаьІидан, кхолларалле хь хаало къоначу литературо дахаран жамІаш даран кеп. Литературан коьрта Іалашо хуьлий хьалха йолу керлачу, къинхьегамехь кхуьучу стеган проблема. Хьалха хІара ду аьлла схьалаца хІума доцчу къамелашна тІера поэташ хІинца реалистически васташна тІебогІу.

Поэзин и тайна кхнамаш къасттина хаало Бадуеви «Дуьйлало, кІентий», Айсханов Шамсуддинан «Хьава», Мамакаев Мохьмадан «Нечаца дина къамел» поэмашкахь. Шен стихотворенехь ша дуьйцург Бадуевс шен заманхойн а, поэтийн а цІарах дуьйцу.

Дуьйлало, кІентий, дуьйлало,
Сийначу бацалхула дуьйлало.
Кху цІиэчу зезагашкахула дуьйлало,
Цу цІиэчу байракхца дуьйлало,
И мела мох а
Вайна аьхна хьоькху.
И можа малх а
Вайна къегаш хьоьжу.
И дато бутт а
Вайга сирла хьоьжу,
И дато седа а
Вайна лепаш хьоьжу.

Бадуевн поэтически корматаллина хьалхарчу рожехь муьтIахь ю публицистически а, героически а лирика. Цунна, шен заманхошна поэташна хаа ца лург хаалора дахарехь хуьлуш лаьттачу хийцамех, цундела халкъан дахар хийцадаларан некъаш къаьсттина цуьнан поэзехь хаалуш ду. Цундела цуьнан стихаш социальни чулацамах юьзна ю, дахарехь хилла социальни хийцамаш, цуьнан турпалхошка ма-хьаьжжинехь, гучу а бовлу вайна.

Халкъан дахаран чолхечу, паргахь реакционни долчу гIиллакхех лаьцна дуьйцу поэташа зудчуи пергIатонан тема шаьш схьайоьллуш а. 20 шерийн поэзехь оцу темина язйинна цхьаьнн стихотворени бен яцара. Цунах кхета атта ду: оцу хенахь яздархойн берриге а тидам халкъ керлачу дахаран новкъа долуш хуьлуш лаьттачу хийцамашна тIехьовзийна бара. XIинца, аьлча а 30 шерашкахь, халкъо социализм дIахIоттош жигара дакъалаьцначу хенахь, бIаьста ло дешаш гучудовлу стохкалера дахкаделла гIаш санна, гучуделира халкъ хьалхахьа даха ца дуьтуш долу дахкаделла Iадат. Иштта гучуболу 30 шерийн поэзехь керла болам: керлачу хенан башхаллаш а йовзуьйтуш, керлачу дахарна стаг юкъаозо гIо деш йолчу хьалха язйинчу стихийн метта хIинца кхин стихаш кхоллаелира. Цара дуьйцура социалистически дIахIоттаман кхамех лаьцна, ширчу гIиллакхашца къийсам латтабаре, кхойкхура уьш.

Нохчийн поэташ, яздархой дика кхетара и гIуллакх кIорггера маьIна долуш хиларх. Цундела ларамаза дац и тема перан кхоллараллехь хIоттаяр а, схьаястар а классови къийсаман хIу хьакхаделла хилар.

Нохчийн зудчун васт шаьш кхуллуш, поэташа иза шен сий паргIатонехьа къуьйсуш гойту. Бадуев СаьIидан «Пиша», «Тоьар ду», «Парашютистка» стихаша а, Айсханов Шамсуддин «Хьава» поэмо а кхуллу зудчун яханчу хенахь хилла дахаран сурт, дуьйцу хIинца цуьнга кхаьчначу пресах лаьцна.

Оцу темина СаьIида язйинчу стихийн къамелан кеп ю публицистически чулацам а болуш. Иза къаьсттина гучудолу «Ламанан йиш» цIе йолчу стихотворенехь. Иза язйина поэта зуда-ламанхочуьнца дечу къамелан кенехь, цо довзуьйту зудчунна яханчу заманахь «тхьамданаш, хьаьжой, молланаш кхеташойн коьртехь гулбалар», цигахь цара «зударшна Iедал чIагIдар». Амма гучуяьллачу «паргIатонан байракхо лалийра когахара болатан гIоьмаш».

30 шерийн хьалхарчу декъехь, аьлча а, советски яздархойн Ерригсоюзни хьалхара съезд хилале, нохчийн поэзехь хаъал идейно-небаьхьаллин кхиамаш гулбеллера, поэташ дахаран чолхенаш кIорггера ган буьйлира. Нагахь санна 20 шерашкахь яздархошка шайн кхолларалле хь дукхахьолахь натурализм, хьехамаш, иза я важа хIума хесторан кеп хилар ладеллехь, 30 шерийн литературехь уьш дахарна кIорге кхийдара, стеган дахаран Iалашо, цуьнан дог-ойла гайта гIертара. Поэзе описательностан метта шен юхь-сибат а долуш, шен амал а йолуш волу лирически а, эпически а турпалхо веара. Цо керла дахар доккхуш халонаш хьегнера, къийсам латтийнера, иза оцу къийсамехь вахча а веллера. Поэташна тIеттIа оцу турпалхойн амалехь революцин гIуллакхна муьтIахь хилар, къинхьега-

мехь шайгара турпалалла гайта лаар муха кхолладелла, мичхьара схьадогIу уьш ишттa кхийна хьоста, — исбаьхьачу дашца гайта лаар алсамдаьллера.

И шайн дагахьлаттамаш кхочушбеш, тайп-тайпана исбаьхьаллин некъаш карадора царна. Масала, Бадуев СаьIидан поэзин амал хуьлий дIахIутту цуьнан стихийн социально-драматически чулацам. Шен драматизированин стихашкахь ала дагалаьцнарг доцца олий ца Iа СаьIид: стихийн якккхий экспозицеш ю, цара дешархочунна довзуьйту хуьлуш лаьттан долчу гIуллакхийн бахьанаш. Цигахь тоам боллуш дуьйцу турпалхочух лаьцна, цуьнан юьхь-сибатах, тIе юхучу хIуманех, къамел дарах, ойла ярах, хазахетарх я халахетарх лаьцна.

Цу тайпана йолу СаьIидан стихаш диалоган хормехь язйинна ю. Нагахь санна 20 шерашкахь диалоган стихашкахь отвлеченин васташ хиллехь (масала, серлонан, боданан, маргIала синтаран аллегорически васташ), хIинца вай дуьйцучу шерашкахь Бадуеви поэзина юкъа богIу шайн амалш йолу турпалхой, церан шайн юьхь-сибат ду, царна хаьа къонахалла а, сий а хIун ю. Бакъдерг дийцича, поэта хьалха язйинчу стихийн Iот-баккхамаш халкъан барта поэзера схьаэцна бу, церан маьIна социальни басарца кхелина дац. Оцу Iот-баккхамийн маьIна дукха кIезиг ду. Масала, хьовсур вай сюжетни стихотворенин («Шн доттагIа») турпалхошка. Кхузахь я Дизар а, я Мохьмад а цхьана классан векалш бац, цундела цара лелориг социальни хьашташ кхочушдан гIерташ лелош а дац. Дизаран вастаца поэтана гайта лиьнарг — иза муьлххачу а стагехь доьналла

а, къонахалла а, собар а хила дезар дара. И тайпа стихотворенеш, коьрта долчунна, шайн амалш йолуш болчу бакъ болчу турпалхошна тIекхача гIерташ, Бадуевс поэзехь биичу некъан башхаллаш билгалъяха гIо деш ю, цара гойту Бадуеви кхуьуш лаьтта поэтически хатI, цара гойту цо поэзехь бен болчу некъан цхьацца йолу гола туху меттигаш, кхуллу болчу турпалхойн амалийн цхьацца зилаш.

Шен говзалла кхиа мел кхуьу, маьIна а, чулацам а кIезиг болуш йолу стихотворенеш язъяр а дуьтий, поэта кхуллу шуьйра социальни чулацам болу кхолларалла. «Къайле» цIе йолчу поэмехь (1930) хIоьттина къовсам — иза социальни шина классана юкъахь хилла болу Iотта-баккхам бу.

Поэмин исбаьхьаллин башхалла: шен лироэпически кхолларалле хь данма а хуьлуш макиллара, кхузахь а волало иза экспозицина гIера дIа. Оцу исбаьхьаллин приемо вовзуьйту дешархочунна турпалхо, цуьнан цомгуш дуьллу нана. ДIадаханчу дахаран социальни драма къеначу зуда-ламанхочун дийцарехь гучуйолу вайна.

Поэмехь къехошний, хьалдолчарний юкъахь Iотта-баккхам нисло. Къечеран баьчча Шихмирза хIаллакьхуьлу. Къехой бохийна. Совдегар Жаби суьдо бакъвина.

Поэмин конфликтан маьIна доккха ду. Оцу поэмица цо шен поэзина юкъа социальни тема ялийра, амма шен драматургически произведенешкахь ма-хиллара и тема схьайоьллуш кIоргенашка ца гIиртина иза, кхузахь къинхьегамхой башха хIайтъаьлла а бац. Цул совнаха, поэмин ерзарехь йоккхачу идейн метта

чIир эцар гайтина поэта. Шихмирзин кIанта Абаша Жабина доькху шен да вер.

Бадуев СаьIид социальни тематикан поэт ву. Цо социальни дахарх лаьцна прозехь а, драматургехь а яздо. Нагахь санна прозехь, драматургехь и тема схьайоьллуш Бадуев пархIат хиллехь, поэзехь изза тема цо сихаллица йоьллу схьа. Цу тайпана стихаш дуьйцуш дерг даггара хиларца, чулацаман эвсаралла сов йолуш, сурташ алсам долуш къаьсташ ю. И тайпа хIора бохург санна поэма, стихотворени поэта «ХIай!», «ХIей!» олий дIайолайо Аьллачуьнца доьзна цIераш яха мегар дара «БорхIалгIа март», «Паччахьан замане» стихотворенийн. Царех лаьцна вай лахахь дуьйцур ду.

Коьртачарехь цхьаъ яра цуьнан кхолларалехь промышленни белхан тема. «Iаьржа дешни» стихотворенехь поэта йоккхачу йовхонца дуьйцу нефтяникийн балхах лаьцна, церан «турпалаллин куьйгаша» хьалхарчу пхеашеран план хенал хьалха кхочушъярх воккхаве иза:

ТIамна кечделла
И эскар санна,
И вышканаш лаьтта
Цхьа нисъелла, тайна,
И хIор вышка
Эскархо ву вайна:
Уьш хехь лаьтта
Пхеашеран планна.

Индустриализацин тема кхидIа схьаеллало «Кхочур ду» стихотворенехь. Кхузахь поэтана социалистически бакъдолчо хьоьху советски халкъ коммунизмана тIекхочург хилар. И сийлахь Iалашо тIекхачош советски халкъо беш болу болх къеггина гайтина цо «Лам» цIе йолчу стихотворенехь.

Поэзи кхоллалучу муьрехь нохчийн поэташна шайн коьрта декхар халкъана керлачу дахаран башхалла йовзийтар дуйла хаьара. Ткъа, 30-гIа шераш дуьйладелча оццу поэтийн кхолларалла кхечу амале йоьрзу. Литературана хьалха хIиттинчу проблемех коьртаниг халкъ юкъараллин дахарх кхетар гайтар юйла хинра яздархошна. Нохчийн поэташна ца хаалуш диса таро йолуш дацара шайн халкъан амал хийцалуш хилар. Оцу халкъан лаамехь дара цуьнан кхечу халкъашца йолу уьйр кхин а алсамъяькхина, цаьрца цхьаьна, барт цхьаъ болу доьзал санна, Советан Iедалан мостагIашца луьра къийсам латтабар. Нохчийн ламанхошна дуьне шайн ярташ, областал арахьа а дуйла хинра. Церан кхетамехь тIеттIа алсамйолу советски патриотизм, интернациональни дог-ойла. Уьш тидамца хьоьжура хIетахь дуьненчохь хуьлуш лаьттачу хийцамашка, халкъашна кхоллалуш лаьттачу кхерамашка. Иза дерриге а, дуьйцийла йоццуш, литературана юкъа деара. Поэзехь керла тема кхоллало — халкъийн доттагIаллин тема. Ма-дарра аьлча, халкъан барта кхолларалехь хилла йолу и тема хIинца кхечу идейни маьIне йирзинера, цо дахьаш дерг керла маьIна дара — хIинца халкъийн доттагIалла бохург боккха чулацам болуш дешнаш дара, и доттагIалла хIинца Ленинан, партин идейша чIагIдина дара.

Патриотизман, интернациональний мотиваш нохчийн поэзехь чIагIло къаьсттана 30 шерийн шолгIачу эхехь, хIетахь дуьйна и поэтийн кхолларалин билгалонех коьрта билгало а ю.

Бадуев СаьIидан, Мамакаев Мохьмадан, Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан, Музаев Нурдинан, Айсханов Шамсуддинан, кхечеран а цузаманахьлера стихаш дуьнентIехь ма-

шар а, халкъийн ирс а лардаран теманашна язйинна ю.

Революцин тема, колхозаш яхкаран, индустрализацин теманаш санна, кІорггера схьайиллина Бадуевс, Мамакаев Мохьмада. Революцин 15 шо кхачаран хьокъехь язйинчу «Октябрь» стихотворенехь, социализм дІахІоттош, халкъо бина некъ гойту Бадуевс. Стихотворенехь карладоккху халкъан дІаяханчу хенахь хилла хала дахар. Поэта хІинца, революцинс паргІато елча, Советан Іедалан ницкъ къинхьегамца чІагІбе боху. Революционни пафосах юьзна йолу и стихотворени Октябрана язйинчу гимнах таръелла:

Тахана уьйу байраккаш —
Зударшца цхьаьна уьйу,
Царна еххина гІоьмаш
Октябро лийІи.
Яржае шуьйра
Чилланан ЦІен Байракх!..

Поэта кхуллу сов доккха маьІна долу революцин символ:

Керлачу мохо
ХІу хьо массо а махка.

Лирически турпалхочун идейни кхиар гучудолу публицистически стихотворенешкахь а. Стихотворенийн оцу хорница а лаьара поэтана халкъан дахарехь а, кхетамехь а революцин дарц бахьана долуш хилла хийцамаш гайта. Оцу стихотворенешкахь керла стаг керла истори еш ву. («Итт бІаьсте», «Партизан», «Сайханов Іалаудинан безамна», «Вайн беш»).

Исбаьхьаллин керла васт ша кхуллуш, Бадуев СаьІида данма а керла стилистически

ен лоьхура. Масала, «Шн малх» стихотворехь дІадаханчу ширделлачу дахарх дІаъаьстина, керлачу социалистически дІахІоттама юкъахь вехаш волчу стеган лаам дешархочунна бовзийта гІерташ, публицистически прозица дІаволало, цул тІаьхьа стихотворенин кепахь дуьйцу. И тайпа башхалла цунна оьшуна турпалхочуьнга дешархочуьница къамел лайтархьама, цуьнга шен заманхо хьуьнар доуш кхиавайтархьама.

Накъостий!
ХІинца вай Советан Нохчийчохь
ДугІур вай большевикийн сема ла,
Аьр вай большевикийн доьналлин дош!
Дийр ду вай кхиаман жамІ,
Дийр ду вай гІишаман жамІ!

ТІаккха, маьлхан символически васт а хоьллина, Октябрьски революци цуьнца ветуш, и революци хиларан бахьана гучудакха гІерта поэт. ДІадахана хала дахар дийца алалой:

И харцо дийнера дийнс кхуьуш,
Стамлуш, шорлуш, хІорд хилла,
Шуьйра дуьненчохь яьржаш,
Ца юьтуш бакъо бІаьрг белла, —

революцина тІекхочу: «кхийти дуьненахь бакъонан малх».

Оцу поэмин чулацамехь гайтина бац халкъо шен парІатонехьа латтийна къийсам. Поэтана хетарехь, поэмина чуйогІучу дІадахначу дахарх лаьцна гІайгІане а, хІинцалерачу дахарх лаьцна синкъерамен а йолчу эшарца йовзуьйтуш яра паччахьан заманан халонаш. Цул совнаха, стихотворенин символика а ю шеца доккха идеологически маьІна долуш:

Малх, бутт, седа боцуш
Дуьне хила йиш юй?
Цуьнга терра, ленинизм йоцуш
Дуьне хила йиш яц!

Поэми тIехь коьртаниг — иза лирически турпалхо, революцино дахьаш долчу керлачух кхетта, цунна шен ницкъ мел бу пайдехьа хила гIертар ду:

Со воллу и угIаеш
Нохчашна тIелата
Орца доьхуш ца угIу ала!
И еш угIа промыслашкара, заводашкара

Нохчийн, оьрсийн белхалошка
БархI сахьт даьккхинарш паргIатдовла,
СадаьIнарш балха хIитта.
Бохуш, угIу ала!

Поэта кхуллу сов доккха маьIна долу революцин символ!

Сов шера хууш ду:
Чуьрко тIам тохарх,
Стигал етIар йоцийла.
Иштта хууш ду:
МостагI тIелатарх,
Вай оьшур доцийла.
Керлачу мохо
ХIу хьо массо а мехка.

(«Вайн беш»)

Лирически турпалхочун идейни кхиар гучудолу публицистически стихотворенешкахь а. Стихотворенийн оцу хормица а лаьара поэтана халкъан дахарехь а, кхетамехь а революцин дарц бахьана долуш хилла хийцамаш гайта. Оцу стихотворенешкахь керла стаг истори еш ву («Итт бIаьсте», «Партизанаш», «Сайханов Iалаудинан безамна», «Вайн беш»).

Хетарехь, Бадуев СаьIидан поэтически кхол-

лараллехь уггар диканиг «Партизан» цIе йолчу поэми тIера кийсик ю. Цу тIехь гучуелира Бадуеви йоккха поэтически говзалла а, идейни кхиъна бевллачу нехан васташ кхолла цунна хаар а.

Поэма гражданскн тIом болчу хенахь Нохчийчохь хилла гIуллакхаш карладохуш ю. Бекболатан а, цуьнан кIентан Бердан а васташца поэта гайтина нохчийн тоьлашха йолу революционни амал. Цара наргIатчу дахаре кхача гIерташ, шайн синош ца кхоийна...

...Бекболат а, Берд а партизанашна цхьа сиха пакет дIакхачо гIерташ ву. КIайчеран кIелонна тIекхочу уьш. КIантана чевнаш йина. Иза а вуьтий, Бекболат шен гIуллакх кхочушдан дIавоьду, кIайчеран кара иза гIур вуйла шена хуъушехь. Цо и ца дича, ерриг а партизанийн отряд хIаллакьхир ю. Оцу юьззина йолчу драматизмаца поэто гойту шен турпалхой нцкъ болуш а, майра а, хьуьнар долуш а нах хилар.

Оцу поэмица Бадуев СаьIида нохчийн литературехь массарачул а хьалха кхочушйо цу 30 шерашкахь советски литературехь йогIуш йолу шен долаллин а, юкъараллин а проблема Революционни дехкар кхочушдархьама, коллективан дуьхьа Бекболата, шена хуъушехь, шен кIант хIаллакьхуьлуьйту. Шира заманаш хуьйцуш латтийначу къийсамашкахь кхолладелла яра къоман и керла амал.

Поэмин эпически хорма а, поэтически гIирс а, яздаран хатI а, дуьйцийла йоцуш, халкъан барта кхолларалло хьехна поэтана, хьалхарчу рожехь — халкъан турпалаллин иллеша. Царна тIехь, вайна ма-хаъара, дийнна эскарна дуьхьало еш хуьлу цхьаъ я шиъ стаг.

Ткъа Бадуевс йоккхачу говзаллица дуьллу революцино самаяькхинчу халкъан турпалаллин сурт, хIора турпалхочун кхечерачух тера йоцу амал къастайо, керла исбаьхьа басарш юкъадаладо. Цундела вайн ала таро ю: «Партизан» поэмица Бадуев СаьIида хуьлучу гIуллакхан драматизацин а, сюжетан кхиаран а говзанча ша вуйла хаийтира. Цуьнан исбаьхьаллин тIаьхье толлучара[1] яздо поэма оцу хенахь нохчийн литературехь кхоьллинчу произведенел тоьлашха ерг ю, бохуш.

Бадуев СаьIид паччахьан Iедало бодане латтийначу халкъан векал хилла дIаяханчу къизачу ханна хIуьй кхайкхош гIаьттира. «Паччахьан заманс» стихотворенехь къийсамехь революци ларйинчу лирически турпалхочо, керлачу дахарх воккхавеш, цабезамца дагалоьцу яхана хан. Стихотворенехь, цу кепара, халкъан аз дека, цо паччахьан заманна еш йолу кхел хаало.

ХIай, паччахьан зама,
Кхехкадарх, цхьаьна уьйр дацара вай!
Некъийн тайпанан ду.
ЦIеран алонца ас бина буй
Хьуна айъина бу.

Поэтан и стихотворени шен хенахь, критикаша лаккхара мах хадийна, Къилбаседа-Кавказан поэтийн сборникана юкъа яхийтира[2].

Паччахьан заманца къийсаме ваьллачу лирически турпалхочун монологах лаьтташ ю и ерриге а стихотворени.

[1] *Мамакаев М.* Певец народной думы. «Грозненский рабочий», 1964, 4 сент. *Туркаев Х.* Революционная страстность художника. — «Грозненский рабочий», 1974, 15 декабрь.

[2] *Тахо-Годи А.* «Поэзия горцев Кавказа» сборникана язйина предислови. М., Госполитиздат, 1934, 12 агIо.

Иза дIайолало лирически турпалхочо шен паччахьан заманца йолу юкъаметтиг билгалйоккхуш долчу тIедерзарца: «ХIай, паччахьан зама! Кхехкадарх цхьаьна уьйр дацара вай!» Шайн чулацамехь шалхе йоцуш, къеггина долчу оцу дешнашца стихотворенин маьIна билгалдолу. Стихотворени тIехь кхин дIа долу дерриге а оцу дешнийн маьIна кIаргдеш а, достуш а ду. Паччахьан заманан къизалла, хьарамлонаш, къехой Iазапехь бахкош иза хилар ду лирически турпалхо цунна дуьхьал ваьккхинарг. «ЦIеран алонца ас бина буй хьуна айбина бу» — боху цо. Шуьйра маьIна диллина автора «паччахьан зама» бохучу дешнашка — иза паччахьан Iедал а ду, хьолахой а бу, доцца аьлча, паччахьан олаллица адамаш Iазапехь дахкориг дерриге а цаьрца билгалдаьккхина стихотворени тIехь. Даггара йолчу оьгIазаллица дагардо стихотворени тIехь къехошкахь латтийна балане гIуллакхаш:

Ахь дохк туьйсу-кх суна дуьхьал,
Со кхоло гIерташ.
Ахь ког туьйсу-кх суна кIел,
Со вожо гIерташ.
Ма ийзавехьа со хьуьна юккъе
Акха экха хила.
Ахьа-м хIинцца латтийний накъостий
Акха берзалой хилла.
ХIа-хIан,
Со ца тов хьоьца!...

Цу тайппана, паччахьан заманан «Iаьржа» гIуллакхаш Iора а дохий, гойту поэта къинхьегамхой, оцу баланех пергIат а бевлла, сирлачу новкъахь шайн ирсе дахар кхуллуш хилар:

Иштта, шен ерриге ойланашца: шен гIайгIа-

пашца, балапашца, шен хазахетаршца, воккхаверашца халкъаца цхьаьна ву Бадуевн лирически турпалхо, иза къинхьегамхойн векал ву. Иза кхин а къегана билгалдолу стихотворенин тIаьххьарчу могIанашкахь:

Сохха-м мокхаз хуьлуш лаьтта,
Хьохха-м чим хилла богIий!
Хьоьца дерг ас къастор
Къолам, жайний къийларца!
Вайна юккъе зIар а хIоттор,
Дуцуш болатан серана!

Паччахьан зама дIа а яьккхина (цунах «чим хилла богIу») социалистически пачхьалкх дIахIоттош бу къинхьегамхой. Цаьрца цхьаьна ву Бадуев СаьIндан лирически турпалхо а.

ХIокху стихотворенехь а, кхечаьрца санна, СаьIнда ша ала гIерташ верг символикаца аьлла. СССР-н тIеттIа чIагIлуш лаьттачу ницкъах лаьцна цо кху кепара боху:

Делахь хаалахь, ас хьон некъ
Къинхьегамхошца буйла,
Даккхийдеш тхо доьлху некъ
Куьзганан серлошца буйла.

Ккхузахь шерра го поэт хьалхарчуй, шозлагIчуй пхеашерийн турпалаллин боламах воккхавеш хилар.

Вайна ма-гарра, Бадуев СаьIндан поэтически хазна юьзна ю революцин тематиках. 30-гIа шераш юккъе девлча а, юккъера тIех лилхича а цуьнан поэзина юкъа йогIу керла теманаш — патриотически а, тIамна дуьхьало еш йолу а теманаш. Массо а советски яздархошна санна, цунна а, ша шера гора цу хенахь малхбузехь тIамна кечам беш дукълуш долу дарц. СаьIнда оцу хенахь язйо социалистиче-

ски Даймохк безарх, иза Iалашбан советски халкъ кийча хиларх лаьцна стихотворенеш.

Нагахь тIамна
Вайца гIаттахь,
Луьрчу тIамна
Вайга кхайкхахь,
Шайн хьажхин муцIар
Вайн бешa кховдаяхь,
Хьолахойн и цIуьхIар
Вайна тIекховдахь,
Луьра тIом эккхар бу
Доккхачу дуьненахь...
Вай кIентий, вай майра кIентий,
Толаза йиш яц!

Стихийн керла чулацам а, керла кеп а лоьхуш, СаьIид 20 шерашкахь поэзин кхиамашца зIен йолуш хуьлу. Цуьнан стихийн васташ, композицин хIоттам чIогIа тера бу халкъан нллех, эшарех.

Делахь а, церан лирически турпалхо — йоккха Iалашо йолуш, кIорггера гуманизм йолуш стаг ву. Цо даима а къийсам латтабо керла, социалистически идейш, дахаран барам а бина, дIахIотто гIерташ. Нагахь Бадуев СаьIид нийса доцчунний, ницкъаний, стагана гIело ечу хIуманний шен ницкъ мел бу дуьхьал волуш хилар дагаданйтича, вайна лирически турпалхочун, поэтан амалш цхьаьна уьйш карор ю.

Бадуев СаьIидан поэзех лаьцна дийцар дуьззина хир дацара, нагахь нохчийн стих хIоттаяран гIуллакхна тIехь цо бинчу балхах ца аьлча. И кхолларалли болх боккха а, шуьйра а бу, цунах лаьцна масех дашца ала лаьа: нохчийн 30 шерийн поэзин кхиамаш дукхах долчунна керла стих хIоттаяран гIирсаш поэтана карабарх бозуш бу.

30 шерийн нохчийн поэзина юкъа стихотворнин керла бустам Бадуев СаьIида балийна. Аьлча а, хьалха хиллачу стихийн нсбаьхьаллин зеделлачунна тIе а теIаш, цо кхоьллира шен бустам — шина стопни дактиль. Цуьнан дукхах йолу стихаш оцу бустамца язйина ю.

VI-гIа корта

Бадуев СаьIндан оьрсийн, кхечу къаьмнийн нсбаьхьаллин культурашца хилла уьйраш

V.

Бадуев СаьIнд санна волу воккха художник-реалист яханчу хенахь шен йоза ца хиллачу халкъан кхиар Октябрь бахьана долуш хилла дара. КIорггера хьекъал долуш йолчу вайн сийлахьчу Коммунистически партис Советан IедалдIахIоттийнчу хьалхарчу деношкара дуьйна схьа дахарна юкъадалийна дара В. И. Ленина революци хилале ша язйинчу «Партийни организаций, партийний литературий» статья тIехь аьлла дешнаш.

Бадуев СаьIид шен яздархочун говзалла лакхайоккхуш, даима а халкъан барта кхоллараллех пайда оьцуш вара, цунна, ша дешан говзанча хиларе терра, дика гора фольклоран чулацамехь долу стаг лараран, нахана юкъахь доттагIалла кхайкхадаран маьIна.

Делахь а оцу художникан корматаллин кIоргенаш кхоччуш вайна йовзаран бахьана



А. С. Серафимович а, С. С. Бадуев а 1929 шеран августехь Соьлжа-Гlалахь хиллачу белхалойн корреспондентийн гуламан дакъалацархошца. Шолгlачу могlарехь (аьрру агlора схьа) кхоалгlаниг А. С. Серафимович, пхоьалгlаниг С. С. Бадуев.

иза оьрсийн литературах Iамарх а, оьрсийн яздархошца цо доттагIалла леладарх а дозуш дара.

Оьрсийн а, кхечу а къаьмнийн яздархошца уьйраш тесначу нохчийн хьалхарчу яздархойх цхьаъ вара Бадуев СаьIид. Оцу кхолларалли уьйрин маьIнех дика кхетара иза, цунна хаьара къона, кхоллалуш йолу литературо кхиънначу литератураша IаIийначу идейно-исбаьхьаллин зеделлачух пайдаэцарна и тайпа уьйраш чIогIа оьшуш юйла. И уьйраш чIагIъеш, кIаргъеш, шоръеш боккха болх бира цо.

Цуьнан Серафимович Александраца, Голодный Михаилаца, Багрицкий Эдуардаца, Асанов Николайца, Луговской Владимирца доттагIалла хилла, цхьаьнакхетар хилла Фадеев Александраца, Горький Максимца. ЦIераш яьхначу яздархошца хаддаза хилла уьйраш бахьана долуш нохчийн къоман къоначу яздархочун эстетически кхиар сихделира. Цунна масал ду 1935 шарахь «Нохч-ГIалгIайчоьнан поэташ» сборникана юкъа яханчу Бадуев СаьIидан стихийн критико дика мах хадабар а.

1932 шеран гурахь вайн махкахь шуьйра дIахьош бара А. М. Горькийн литературни болх болабаларан 40 шо кхачар дазда бешн болу кечамаш. И юбилей СССР-н массо а халкъийн деза де а хилла дIахIоьттира. 1932 шеран сентябрехь ша А. М. Горькийга яздинчу кехата тIехь А. Фадеевс кIорггера маьIна долуш долу дешнаш элира: «...суна хетарехь, социализман пачхьалкхо шен художникан юбилей иштта язъяр белхалошна а, колхозникашна а революционни а, исбаьхьаллин кхетош-кхиоран а тIаьхье йоллуш гIул-

лакх хиларал совнаха, шен маьIница доккха хIума ду»[1].

А. А. Фадеев бакълуьйш вара: А. М. Горькийн кхолларалли н исбаьхьаллин кхетошкхиоран маьIна доккха дара.

Боккха тIеIаткъам бира А. М. Горькийс Бадуев СаьIндан кхолларалли на а.

1932 шарахь СаьIнда нохчийн матте гочйо Горькийн «Песня о Соколе». Ма-дарра аьлча-м оьрсийн литературан произведенеш нохчийн матте яха Бадуев 1930 шарахь волавелла (масала, М. Голодныйн стихаш). «Песня о Соколе» цо шен «Тхан хьехархо — М. Горький» цIе йолчу очеркана юкъа яхийтина. И очерк нохчийн литературехь Горькийн — революционеран, яздархочун, публицистан, хьехархочун васт дуьххьара дуьллуш яра. Горькийн кхолларалли ницкъо, цо къаьмнийн литератураш кхиош деш долчу IаламатдоккхачугIуллакхо язъяйтира СаьIнде и произведени.

Цу тIехь Бадуевс хоуьйту Горькийс шена бинчу тIеIаткъамах лаьцна а: «Ленинан дотгаг! Харцонан мостаг! Хьалхошна гIайракх! Хьо, тхан хьехархо, тхан накъост Горький! ЛадогIа! ЛадогIа! Хьоьга дош ала воллу ламанхо-нохчо.

ХIара со ву, къолам караэцна, цунах куьзга дина, хьуна сайн дог гайта воллург.

ХIара со ву, шийтта шо хьалха хьан цIе хезна, итт шо хьалха ненан мотт хилла, цунах ял яьлла, дагна там хилла, хьан дарж даздаргахь ламанан цIогIа тоха воллург!

---

[1] Хьажа: *Фадеев А.* Письма (1916—1956). М., — «Советский писатель», М., 1967, *Фадеев А.* Материалы и исследования. М., «Художественная литература», 1977, с. 87.

ХIара со ву, шовзткъа шо хьан белхан кхачар, халкъаца цхьана сайн даго и даздар цIенчу маттаца хьуна хазо воллург!».

20-гIа шераш юккъе девлча литературана юкъа веана волчу Бадуевс еара къаьсттина керла а, Iаламат оьшуш а йолу теманаш. Оцу хенахь язйо динан дайшца къуьйсуш, церан къиза гIуллакхаш Iорадахарехь гойтучу майраллица шех тера яздархо кхин воцчу Бадуевс масийтта книга.

Царна тIехь, вайна ма-гарра, дукхах болу цуьнан турпалхой динан дайша иэшийна хуьлу. Дахар ишттa гойтуш Бадуев исторически бакъдолчунна тIетеIара: шен турпалхойн васташца цо хоуьйтура халкъан исторехь и халкъ баланехь, дан амал доцуш, саготтехь лаьттина дуккха а бIешерийн тача хилла хилар а, иза политически а, духовни таIийна латтийна хилар а, цунна шен къомаца доьзна дерг бен тIе ца лацийта хьехамаш бина хилар, кхечу къаьмнех и къам къехкош латтийна хилар а.

Амма долуш дара дахаран кхидолу бакъдерг а. Оцу бакъдолчо таIийна латтийначу нехан ницкъ алсамбоккхура, уьш шайн пргIато дIаяькхнчаьрца къийсамна гIовттабора, церан кхетам интернациональни бора. И бакъдерг доьзна дара нохчийн, гIалгIайн кхинхьегамхойн дог-ойла оьрсийн прогрессивни боламо даима а тIеIаткъам беш хиларца И бакъдерг исбаьхьаллин дашца гойтучу новкъа Бадуев вол-волуш волу: хьалха цкъа цо дуьллу шеина вехаш волчу стеган кхетам шорбаларан сурт, цул тIаьхьа — халкъана хьалха лаьтташ долчу декхарех кхеттачу стеган васт. Ишттa яздархо кхнар доьзна дара

цо литература юкъа далийначу керлачух: дIадахана дахар цо революционни идейша социалистически дIахIоттам тIечIагIбеш гойту.

Советски дуккакъаьмнийн литератураш кхоллалучу муьрехь яздархоша дIадаханчу дахарх дийцар цхьацца болчу Iилманчаша оцу литературашкахь критически реализм хилар билгало ю, боху. Иштта, масала, якутский, казахский литератураш ша толлуш М. Пархоменкос яздо уьш критически реализмана зеделлачунах гIо а оьцуш язйина ю бохуш[1].

Бадуев СаьIида 20 шерашкахь шен кхоллараллехь юьйцуш ерг дIадаханчу дахаран тема ю. Цуьнца цо Iорайоккхура паччахьан хьадалчаша халкъана дуьхьал латтийна къиза политика, цуьнан дахарехь, кхетамехь хилла тIаьхьадисина гIуллакхаш. Ткъа иза критически реалист вара.

Муьлхачу зеделлачунна тIетаIа везаш вара селхана шайн йоза кхолладелла волу Бадуев СаьIид а, къаьмнийн къона литератураш а? Церан культураша дIаяханчу хенахь ца IаIийнера критически реализман элементаш (дакъош), азербайджански а, казахски а, татарски а, кхечу цхьацца долчу къаьмнийн а литературашкахь санна[2]. Цундела критически реализман зеделларг доцучу яздархошна уьш кхоллараллин болх бан буьйлалучу хенахь хала дара революцис шайна схьайил-

---

1 *Пархоменко М.* Чудо или закономерность? — «Вопросы литературы», 1965, № 6, с. 29.

2 Хьажа: *Джафар М.* Конкретность — прежде всего. — «Вопросы литературы», 1965, № 8, с. 63—64.

лиичу кхолларалли таронех кхоччуш кхета.

Октябрь хилале Къилбаседа-Кавказан къонайозанан литератураша критически реализмана зеделлачунах пайда оьцуш хIумма а ца кхоьллира. Бакъдерг дийцича, церан фольклор-м яра дIаяхначу хенан къизалла Iорайоккхуш. Ткъа фольклор, хууш ма-хиллара, фольклор ю, цуьнан исбаьхьаллин бакъонаш чIогIа къаьсташ ю литературан бакъонех. Къаьмнийн оьрсийн маттахь хIетахь кхоллаяла йолаелла литератураш жим-тIама критически реализмах хьакхаяла юьйлаелира, амма ша-тайпа историко-культурни хьал Къилбаседа-Кавказехь хиларна критически реализман методаца кхиа ца кхиира.

Октябро дукха сатийсина маршо еара халкъашна. Шайн йоза кхолладелира церан. Уггар хьалха хIун до яздархоша? Цара, фольклорана тIе а теIаш, дIадахана дахар гойту, Iорайоху цуьнан къиза агIонаш, юьйцу халкъ хьалхахьа даха ца дуьтуш новкъарлонаш еш йолу Iадатан бакъонаш. ДIадахначу дахарх лаьцна ша дуьйццушехь уьш революцино еана бакъонаш тIечIагIъеш бара, керлачу нахана юкъахь керла юкъаметтиг дIаниисъеш а бара.

Иштта яра яздан волалуш волчу Бадуевн кхолларалла а. Цуьнан Iадаташна дуьхьал язйинчу книгаша сийсазйо, ма-ярра гойту дIаяхана хала хан, ткъа яздархо ша социалистически дIахIоттам тIечIагIбаран тIетовжамехь вара.

20-гIа шераш чекхдовлуш къомана хьалха лаьттина экономически а, культуран-серлонан а чулацам болу декхарш йинера. Литературо

шен кхиарехь ГаГийнера гГеххьа идейно-исбаьхьаллин зеделларг. Иза кхечу литератураша ГаГийначу зеделлачунах пайда эццал кхиънера, кхеттера, цуьнан «дегГе» ницкъ беанера. Хууш ма-хиллара, «нехан» литератураша ГаГийначу идейно-исбаьхьаллин хьолах пайда эца, оцу хьолах кхеттал кхиъна хила еза керла кхоллаелла литератураш[1].

30-гГа шераш дуьйладелча нохчийн, гГалгГайн литературийн исторехь оьрсийн, нохчийн, гГалгГайн яздархойн вовшашца йолу доттагГаллин, кхолларалин уьйраш кхоччуш чГагГъелира. ХГетахь дуьйна схьа даима а вовшахбеттабаларо а, литературан теоретически хаттарш цхьаьний дийцаре даро а, вовшийн кхолларалла гочъяро а доккха гГо до къоначу вайн литераторшна церан кхолларалла йовзуьйтуш.

Оьрсийн халкъан духовни тГаьхьенца къаьмнийн къоначу литераторийн йолчу юкъаметтигах лаьцна а, оьрсийн яздархошца шайн йолчу юкъаметтиго шайн кхолларалина беш болчу тГеГаткъамах лаьцна а атта а, кхоьтуьйтуш а аьлла шен къамелехь 1932 шеран 3 ноябрехь СССР-н яздархойн Союзан Оргкомитетан шорйинчу хьалхарчу пленумехь Бадуев СаьГида:

«Накъостий, седарчий санна, цГена, моз санна, мерза, ЦГен Байракх санна, тешаме маршалла ду шуьга ЦГечу Нохчийчуьрчу яздархошкара а, колхозхошкара а, къахьоьгучу белхалошкара а!

Со веъна паччахьан Гедало хГуьй кхайкхий-

---

[1] Хьажа: *Суровцев Ю.* Что же такое «ускоренное» развитие? — «Вопросы литературы», 1968, № 4, с. 44.

пачу, пеIалтаца дийцинчу Кавказап лаьмнашкара, Нохчийчуьра, шех паччахьан Iедало акха Нохчийчоь аьлла цIе тиллина хиллачу Нохчийчуьра.

Нохчийчоьнан оцу лаьмнех партин а, белхалойн а куьйгаллица хIинца цIен лаьмнаш хилла. Оцу лаьмнашкахь «оьгIазе нохчо бердайисте а ца текха», «шен шаьлта а ца ирйо» — Лермонтовс ма-баххара, оцу лаьмнашкахь къахьоьгуш волчу нохчочо — колхозник, ударник волуш волчу, — цIечу трактораш руль хьийзайо, амма шаьлта ца ирйо. (ТIараш детта).

Советан Iедал дIахIоттарца шен грамота а, культура а ца хиллачу оцу лаьмнашкахь Советан Iедал дIахIоьттинчул тIаьхьа, хIинца ненан маттахь грамота ю. 1922 шарахь дуьйна схьа. Цигахь схьайиллина редакцеш, издательствош, оцу хенахь дуьйна схьа шайн ненан маттахь исбаьхьаллин литература кхолла буьйлабелла. Ахархойх, белхалойх схьабевлла болу тхан яздархой шайн берриге а ницкъ дIалуш бу, цIен перо лаккха ойуш, цIен литература кхуллуш бечу балхана. (ТIараш детта).

Шу, яздархой, ца нисделла хила мега гурахь лаьмнашкахь, дарц даьлча, хьуьнхахь, Iаьржачу мархо шен Iаьржачу тIомаца акха хьун дIалачкъош, мичара баьлла а ца хууш схьакхаьчначу къизачу мохо, кхоьссинчу гIоьмукъо санна, пеннаш хедочу хенахь; пеннаш охьаоьгу, ткъа хьуьнхахь яккхий тоьпийн тата лаьтта. и тата пизаре ду, стелахаьштигаш а детташ, чIогIа догIа доладеллачу хенахь. Амма, шу тхо дехачохь ца хиллехь а, суна хетарехь, шуна дика го, моьтту суна, и тайпа

сурт, аса и сурт тиссалучу маттаца хIоттийнехь а. Оцу хенахь лаьмнийн хьаннашкахь нисвелла стаг ша мича эккхар вара а ца хууш вуьсу: попана кIел хIотта иза кхоьру — иза цунна тIебожа тарло. Аьхкана тIевадий? — Иза-х стамделла охьауьдуш ду ломара, цо иза бухавахьа ма мега, ткъа гу лекхачу метте иза хIоттахь, лаьхьарчий санна, сиха охьахаккасллачу цуьнан Iовраша иза басах чукхоссаран кхерам бу. Шу кхетар ду, хIун дог ду, хIун ойланаш ю оцу хенахь цу стеган. Шу кхетар ду оцу махкахь кхиъначу стеган дог-ойланах. Шу кхетар ду ламанхошкахь (ас юьйцург цхьа Нохчийчохь хилла ца Iа — ерриге а Кьилбаседа Кавказ ю) долчу хьолах: уьш кхетош-кхио чIогIа дукха болх бан беза, чIогIа хала болх. Тхуна, яздархошналаманхошна, чIогIа хала ду, хала хIунда ду аьлча, Советан Iедал тIедаллалц тхан, ас мааллара, цхьа а культура яцара, цхьа бода бо цург.

ХIинца тхо яздархоша-ламанхоша, шун ученикаша, кхузахь, хIокху пленумехь, болчу советски яздархойн ученикаша, тхо шун куьйгаллица тхайн тIаьхьадисина халкъаш кхето гIерта.

Кхузахь, пленумехь, дуьйцу, вайна лаккхара исбаьхьалла йолуш йолу литература оьшу, бохуш, иза оьшу Магнитострой еш, амма суна цхьана а яздархочуьнгара ца хезира, вай лаккхара чулацам болчу литератураца белхало а, ахархо а кхетош-кхио декхарийлахь ду, олуш. И бохург данне а дац иза вайн дагахь дац бохург, амма кхузахь оцу декхарх лаьцна дийца-м ца дийцира.

Тхо тешна ду аша, профессиональни яздар-

хоша, кхин а лаккхара исбаьхьалла йолуш йолу литература кхуллург хиларх, ткъа оха, шух а Iемаш, тхайн тIаьхьабисина яздархой кхиор бу.

ХIинца бакъо ло суна нохчийн цIечу литературах лаьцна боцца хаам бан. Тхан ву яздархо Арсанов, иза Москвахь болх беш а ву, цо язйина «Ши тIаьхье» цIе йолу роман. Арсановс пхеа шарахь болх бира оцу романа тIехь, иза нохчийн маттахь арахецна, оьрсийн маттахь и язйина йоллушехь. Оьрсийн маттахь ара ца хоьцуш латтайо, хIун бахьана ду а ца хууш.

Партиец волчу Мамакаевн лаккхара чулацам болуш поэма ю, «ЦIий хуьйдина лаьмнаш». Бадуевн — «Лаьмнаш хийцало» пьеса, цу тIехь гойту керлачу дахаре кхача гIерташ латтийна къийсам. Айсхановн ю «Колхозник курортехь», Дудаевн — «Ши стаг» цIе йолу поэма, нохчийн яздархочун Таибатан[1] гражданскн тIамах лаьцна язйина поэма...

ВКП(б)-н ЦК-н 23-чу февралехь[2] постановлени хиллачул тIаьхьа баккхий хийцамаш хилла. Тхан областан секретара накъоста Махарадзес[3] мосуьйттазза къамел дира тхоьца, яздархошца, тхуна хууш хиллехь а, амма цо билгалдехира оха язъян езачу теманийн тIегIанаш.

---

[1] *Бадуевс* юьйцург, хетарехь, халкъан поэтесса (сказительница) Саибат Мунаева ю. Таибат цIе йолуш нохчийн яздархо ца хилла.

[2] Кхузахь юьйцург ю 1932 шарахь хилла «О перестройке литературно-художественных организаций» аьлла йолу ВКП(б)-н ЦК-н постановлени.

[3] *Махарадзе* — нохчийн ВКП(б)-н Обкоман хьалхара секретарь хилла.

Ас оцу гIуллакхех лаьцна доцца дуьйцу, цундела нэдина число, амма хIумма а дац.

Масех дош ала лаьа кехатах лаьцна. Къоман областаша, республикаша хало хьоьгу кехат ца тоьуш, йолчу литературах 10—15 процент бен зорбатухуш яц. Суна лаьара кехатан хьокъехь къамел кхузахь дойла.

Профессиональни яздархошна цхьа дехар ду сан — Лев Толстой а, Лермонтов а, Пушкин а санна... 10 шарахь цкъа мукъане а дуьйла тхан лаьмнашка, гайта тхуна, кхуьуш болчу къоначу яздархошна, муха караерзо еза муьлхха а тема, ламанхойн муьлха тематика схьаэца еза, «Хьаьжа-Мурд» тIехь Лев Толстойс санна, «Измаил-Бей» тIехь Лермонтовс санна, язде шаьш а ламанхойн дахарх лаьцна, ламанхойн тематиках лаьцна. Серафимович веънера тхо долчу лурчаха, цхьа бутт ах бутт баькхира цо Нохчийчохь, тхо тешна ду цо кестта вайна цхьа произведени лург хиларх.

Декъала хуьлда ВКП(б)-н ЦК, массо а фронташкахь нийса куьйгалла деш йолу!

Декъала хуьлда писательнийн цIен Союз!

Декъала хуьлда СССР-н массо а къаьмнийн цIен литература! (ТIараш детта).

Советски гIараваьлла волчу литературоведа, СССР-н Гилманийн Академин член-корреспондента Г. И. Ломидзес Бадуевн оцу къамелан идейно-политически, философски чулацаман кIорггера мах хадийра: «А. Серафимовича даггара хьекъале дешнаш эр дуйла шена хууш санна — оццунах — хьалха хиллачу вовшех цатешаман метта, советски халкъийн барам боцуш вовшашца безам бахарх, вовшийн тешаме хиларх а дийцара шен къаме-

лехь нохчийн литературан бухбиллархочо С. Бадуевс... С. Бадуевс шен къамел А. Серафимовича къамел дале шо хьалха дира. Шен доккха маьIна долуш а, цхьана уьйш а ду оьрсийн, нохчийн яздархоша, вовшашна хаа а ца хууш, дина къамелаш — тайп-тайпана долу советски къаьмнаш цхьаьнаэн дезаш хиларх, царна вовшашца цхьабарт хила новкъарло еш йолу психологически дуьхьалонаш дIаяха езаш хиларх. Бадуев СаьIидан аматца вайна хьалхаxIуьттура нохчех керла стаг, шен дагчохь пахана юкъахь социалистически системано кхиийна йолу дика социалистически ойланаш йолуш волу»[1].

Г. И. Ломидзен оцу нийсачу дешнашна тIаьххье ала лууш кхин ду: Бадуевс динчу къамело тоьшалла до ша данма а кхоллараллин балха тIехь шен некъ лоьхуш хилла хиларна, цунна даггара лууш дерг цхьа нохчийн литература кхиор хилла ца Iара, цунна лаьара Къилбаседа-Кавказан ерриге а литератураш кхуьийла. Цо нийса схьа бохург, къайлах а ца дуьтуш, ша оьрсийн яздархойн ученик ву, шена, къоначу литераторна, цкъачунна хала ду коьрта тема могIарерчу теманех къасто. Дика хир дара, боху Бадуевс кхидIа, оьрсийн яздархоша ламанхойн тематиках лаьцна шаьш яздича, цу кеппара къаьмнийн яздархошна и тема исбаьхьаллин гIирсашна схьа муха йоьллу а гайтича.

Бадуев СаьIид данма а вара оьрсийн яздархойх Iемаш. Оцу шен Iалашона тIехь цуьнан аьтто белира оьрсийн яздархой шаьш нохчийн

---

[1] *Ломидзе Г. И.* Новая историческая общность — советский народ и литература социалистического реализма. Изд-во АН СССР, 1972, 12—13 агIонаш.

а, кхечу къаьмнийн а яздархошна тIегIерташ хиларна а. Масала, Бадуевна, нохчийн яздархошна Арсанов СаьIид-Бейна, Ошаев Халидна сайна, доккха гIо хилира 1929 шарахь Александр Серафимович Нохчийчу варах а, цуьнца хиллачу цхьаьнакхетарх а.

1931 шарахь Нохчийчу вгара Рахилло Иван а, Яков Черняк а (оцу хенахь иза Государственни издательствон редактор вара), гIараваьлла волу советски поэт Михаил Голодный а. Цара нохчийн яздархошна теоретически гIо а дора, церан произведенеш оьрсийн матте гоч а йора. Оццу шарахь Бадуев СаьIида гочйо М. Голодныйн «Хьанна» цIе йолу стихотворени[1]. Шен рогIехь М. Голодныйс а гочйо Бадуеви стихаш[2].

Нохчийн литературан исторехь хьалхарчу поэтийн стихаш оьрсийн матте гочъяр шен доккха маьIна долуш дара: цу кеппара къоначу литературо шуьйрачу дешархочунна хоуьйтура шена чохь идейно-нисбаьхьаллин ницкъ буйла а, шен къоман дозанашкара арайала луш хилар а. Оцу кеппара, къона литература Ерригсоюзни литературни боламца йозаяла йолалуш яра, кхечу литературашца йолу а, тIехинйолу а уьйраш юзуш, чIагIъеш. ХIетахь кхолларалла тIехь нохчийн, оьрсийн яздархошна юкъахь тасаделла доттагIалла тахана а тIеттIа чIагIлуш лаьтта.

Бадуев СаьIида пленумехь дийчу къамелан чуланаме а, цуьнан оьрсийн яздархошца хил-

---

[1] Хьажа: «Серло», 1931, 10 январь.

[2] *Голодныйс* уггара хьалхара гочйира *С. Бадуевн* «Нет, не могу молчать» цIе йолу стихотворени. — Зорба тоьхна ю «Поэты Советской Чечено-Ингушетии» сборника тIехь. М., ГИХЛ. 1935.

лачу юкъаметтиге а хьаьжча кхетар ду муха а, хIунда а хилла 20-гIа шераш чекхдовлуш, 30-гIа шераш дуьйлалуш цуьнан кхолларалле хь хилла болу идейно-тематически, исбаьхьаллин хийцамаш. Кхеташ ду, и хийцамаш хиларан бахьана хьалхарчу рожехь дозуш ду 1932 шарахь ВКП(б)-н ЦК-с, «О перестройке литературно-художественных организаций» цIе а йолуш, бинчу сацамца. Дахарехь хуьлуш лаьттачу даккхийчу гIуллакхашка ша тидаме хьоьжуш хиларе терра, Бадуевс шен кхоллараллин ницкъ партис махкана, яздархошна хьоьхучу Iалашонашна тIехьовзийра. Цул совнаха, 30 шерийн хьалхарчу эхехь, аьлча а, Ерригсоюзни яздархойн I-ра съезд хилале хьалха иохчийн, гIалгIайн литератураша шайн кхиарехь баккхий кхиамаш бехира, и кхиамаш бозуш бара яздархойн идейни тIетовжам чIагIбаларца а, исбаьхьаллин говзалла лаккхаяларца а, литературана юкъа керла поэташ, яздархой бахкарца а. Къона поэташ Айсханов Шамсуддин а, Мамакаев Мохьмад а, Яндиев Джамалдин а, Музаев Нурдин а советски яздархойн хьалхарчу съездана тIекхечира шайн къеггина болчу кхиамашца.

Хууш ма-хиллара, 1934 шарахь советски яздархойн хьалхарчу съездо шен болх дIакхоьхьучу деношкахь А. М. Горькийс тIепийира иохч-гIалгIайн яздархойн делегаци. Ала деза, Горькийца цхьаьнакхетаро а, Даймехкан литературин дахарехь дакъалацаро а, оьрсийн яздархошца хиллачу уьйраша а боккха тIеIаткъам бира Бадуев СаьIидан кхоллараллина, цуьнан идейно-философски маьIна кIаргдеш.

ГIараваьллачу иохчийн яздархочо Мамака-

ев Мохьмада шен А. М. Горький вина 100 шо ккачарца боьзначу дагалецамашна тIехь яздора 1968 шарахь: «Съездан болх чекхбаьлларчул тIаьхьа Горькийс тIенйцира тхо, къонаваш, литераторийн ЦIа чохь. Зал чу а веъна, иза шен шерашка хьаьжна доцчу дайчу боларца волавелла стоьла тIе а веъна, тхьамдин меттиг дIа лаьцна охьахира. Цул тIаьхьа тхоьца, тхан шира накъост санна, доттагIаллин къамеле велира. Цо хоьттура тхоьга тхан гIуллакхех лаьцна, балха тIехь новкъарло стен йо а. Цо дуьйцура съездо советски яздархошна хьалхахIиттинчу декхарех лаьцна а. Ерригсоюзни хьалхарчу съездехь тхо пхи стаг вара. Тхо Iара Алексей Максимовична генахь доццуш. Кхелхинчу тхан яздархочо Бадуев СаьIида, шен бокал схьа а эцна, хьала а гIаьттина, элира:

— Дуьлойша, Горькийга вайга хьошалгIа кхайкха вай.

Юьхьанца кIеззиг доьхна хьаьвзира тхо, амма, оцу сохьта метта даьхкина тхо, тхешан бокалаш эцна, СаьIидана тIаьхьа хIиттира.

— Хьоме Алексей Максимович, — элира Бадуевс, тхо нис а делла, Горькийна хьалха дIа ма-хIиттинехь. — Оха, нохч-гIалгIайн къоман векалша, доьху хьоьга тхаьш долчу хьошалгIа вар. Оха тхайн цIахь чIогIа хазахеташ тIеоьцур ву хьо.

Цхьана минотана массо а вист ца хуьлуш лаьттира. Цул тIаьхьа шен деха пIелгаш нисделлачу мекхех а хьаькхна:

— ХIаъ, со хилла шун махкахь, — элира цо, таьIначу стоммачу озаца, — хIинца цигахь дика хир ду, чIогIа дика...» Тхо дехха лаьттира оцу цхьаьнакхетаро, оцу тамашийначу стеган

васто, гениальни яздархочун башхачу дешнаша хазахетийтина. ХIинца а хетало суна цуьнан дукъа, кIорггера схьадолуш долу аз хезаш санна, хьекъало серладаьхна цуьнан сийна бIаьргаш гуш санна»[1].

Съездехь дакъалацаро а, А. М. Горькийца цхьаьнакхетаро а Бадуевн кхолларалла революционни тема шуьйра юкъаялийра. («Партизанаш» поэма, «ЦIиэн гIап», «Политотдел» пьесаш, «Карбинка» «БIе де, я бIеннах цхьаъ» дийцарш), социализм дIахIотторхо гойтуш йолу произведенеш алсамйовлу цуьнан кхолларалле хь («Большевикаллица ялта дерехьа», «ЖаIу» пьесаш, «Тракторхо Жунид», «Председатель», «Контрактаци», «Дешни Iам», «Ши малх», и. дI. кх. кхидолу дийцарш, очеркаш, статьяш, поэмаш). Оцу произведенеша тоьшалла дора яздархо кхиъна ваьлла хиларна а, цуьнан кхолларалле хь социалистически реализман метод тIечIагIъелла яьлла хиларна а.

Кхузахь билгалдаккха дезаш кхин цхьа хIума а ду: Бадуев СаьIидана А. М. Горький шен да санна дукхавезаш хилла хилар гучудолира оьрсийн снйлахь-воккха яздархо веллачу 3-чу дийнахь цо язйинчу «Горькийн безамна» стихотворенин чулацамехь.

ХIай сан да! Халахета хьо воцуш...
Дог Iовжий ахьа бIаьргаш хьаббаро.
Къаьхьа кад малий хьан валаро,
Халахета кхин вай гур доцуш,
Мел атта дара ахь некъ гойтуш,
Ахь тхуна сацца Iуналла деш!
Сакъералора съездехь хьоьца волуш,
Дог ловзара ирсан кад хьоьца молуш.
Сан деган безам! Iиллира со цомгуш,

[1] Грозненский рабочий», 1968, 28 марта.

Валар бен кхин дагахь доцуш,
Амма хьан Лечанан назма йоьшуш,
Цунах дарба хилла, гІаьттира со, толуш,
Хьо хьаштвара тхуна, ялтина малх санна,
Хьо оьшура тхуна, бацана догІа санна.
Хьо везара тхуна, хІоранна а да санна,
Хьо хьаштвара, дегІана са санна.
Сан лер хезаш бу шийла кхаъ,
Горький лаьтто кийра озий, бохуш.
Сан дагна хилла дера даІ,
Кхин вай вовшийн гур дац, бохуш,
Бакъдац верриге а и лаьтта виллар —
Цуьнан жовхІарийн хІу дуьнене даьржина.
Бакъдац Горький велла алар —
Цуьнан жовхІарийн чкъуьйриг бен
лаьтта ца йиллина[1]

Вайна ма-гарра, А. М. Горькийн маьІна шена а, массарна а лаккхара дуйла ханйтира Бадуевс оцу стихотворени тІехь. Кхузахь цо кхин цкъа а чІагІдира ша «Тхан хьехархо М. Горький» очеркехь дийцинарг бакъ хилла хилар. Цул совнаха, А. М. Горький халкъо ларар, иза даима а адамашна дагахь лаьттарг хилар, цуьнан кхолларалли йовр йоцчу цІаро дукха дегнаш дохдийриг хилар гойту СаьІида шен стихотворенехь.

Бадуев СаьІндан кхетамехь ненан маттахь исбаьхьаллин культура кхиар ша-шех хуьлуш гІуллакх дацара. Цуьнга хаьттича и гІуллакх, дІахецна, тидам ца беш, оьшшучу идейни хорше ца дерзош дита а йиш яцара. Яздархочун кхетам оцу хенахь а Іаламат лакхара бара.

---

[1] «Ленинан некъ», 1936, 21 июнь. Юьрсийн маттахь стихотворени зорба тоьхна 1936 шарахь 21 июнехь «Грозненский рабочий» тІехь. («Отцу, ушедшему навеки». Гочйинарг В. Сонин).

Иштта яккхий, сирла яра оцу воккхачу яздархочун Бадуев СаьIидан Iалашонаш, ойланаш. Уьш кхочушъярхьама, уьш шен къоначу заманхошка кхачийтархьама школьни дешаран книжкаш хIитто а волавелира иза. Царех цхьаъ ю, масала, «Юрт социализме»[1] (букварал тIаьхьа доьшу жайна) цIе а йолуш цо арахецна книжка. Цу книжки юкъаяхана материалаш цо шеггара хIоттийна ю, уьш яздархочо «Советан Iедало къинхьегамхой ларбаран некъ» гойтуш ю.

Кхолларалли а, серлонан а (просветительни) белхаш жигара ша бешшехь, юкъараллин дахарехь дакъа лоцура Бадуевс. 1936 шарахь хиллачу Нохч-ГIалгIайн автономни областан Советийн 3-чу чрезвычайни съездехь иза хаьржира Къилбаседа-Кавказан Советийн съездан делегат.

Бадуев СаьIидан — яздархочун, патриотан, интернационалистан — васт даима а дахаран масал луш лаьттар ду цуьнан книгашъезархошна а, тIекхуьучу къоначу яздархошна а.

---

[1] *Бадуев С.* Юрт социализме. Крайнациздат. Нохчоблзорб, Соьлжа-ГIала, 1930 шо.

Чулацам

Хьалхара дош 3
I-ра корта. Бадуев СаьIидан кхолларалла советски литературни критикехь, литературоведенехь 5
II-гIа корта. Бадуев СаьIидан дахар. Литературни корматалла кхиар. Кхоллараллин некъ 15
III-гIа корта. Бадуев СаьIидан проза. Тематаш, васташ, идейш. Яздархочун кхоллараллин хатI 48
IV-гIа корта. Бадуев СаьIидан драматургически произведенийн цхьайолу идейно-исбаьхьаллин башхаллаш . . . 100
V-гIа корта. Бадуев СаьIидан кхолларалле социалистически реализман метод чIагIъялар 128
VI-гIа корта. Бадуев СаьIидан оьрсийн, кхечу къаьмнийн исбаьхьаллин культурашца хилла уьйраш 180

Абдулла Магомедович Арсанукаев

Хасан Вахитович Туркаев

БАДУЕВ САИД

(очерк жизни и творчества)

НБ № 697

Редактор Х. Эдилов
Художник М. Д. Пилипенко
Художественный редактор Ю. А. Шевченко
Технический редактор А. Н. Позднякова
Корректор Л. У. Асхабова

Сдано в набор 3.VII 1980 г. Подписано к печати 13.X 1980 г.
СФ00322 Формат 70x90 1/32. Бумага тип. № 1
Гарнитура литературная. Печать высокая
Объем печ. л. 6,25 (Усл. л. 7,31) Уч-изд. л. 7,22
Тираж 2000. Заказ № 3259. Цена 25 коп.

Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров ЧИАССР,
Грозный, 364903, проспект Ленина, 9

Типография имени И. Н. Заболотного
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров ЧИАССР,
364021, Грозный, улица Интернациональная, 12/33.